# Anglican Hymns

268 hymns · numbers 1–268

*nziyo.com*

# Zvino zuva rabudazve

Tinomukimbira Mwari
Kuti mumabasa ese
Namazwi atichengete. .

Ndimi dzedu ngadzirege
Kutuka nokunyepazve
Maziso ngaachengetwe
Kune ruchiva rwepasi.

Mwoyo yedu ichenurwe,
Pfungwa dzedu dzinatsirwe;
Zvitadzo zvenyama yedu
Zvikundwe ngekuzviramba.

Ndizvo tapedza mabasa
Nousiku huchisvika,
Tichatenda Mwari wedu
Ngekuti watichengeta.

Mbiri kuna Mwari Baba,
Mbiri kunoMukorore,
Avo pamwe naye Mweya
Tinoombera narini. Amen.

# Jesu Tenzi une tsitsi

Kupenya kwaMwari Baba,
Tsime rokupenya kwedi
Uya zuva rokudenga.

Zuva rorudorweDenga
Uya mukupenya kwako;
Udire papfungwa dzedu
Ruveneko rwoMweya.

Ndizvo ngatipiwetsitsi
Tiimbe mbiri yaBaba.
Tipiwe simba, kuzoti
Tisaputsike narini.

Basa redurinatsirwe;
Zvirunziro ngazvidzingwe;
Nzira yedu ngaikotswe;
Ngatipiwe rusimbiro.

Rudavirongarutonge
Miviri yedu nepfungwa.
Tirege kunyepa kwese,
Tigare norunyararo.

Ndizvo ngatifarenhasi,
Tine pfungwa dzakachena,
Rudaviro ruchipenya;
Mweya isine zvitadzo.

Mbiri kuna MwariBaba
Mbiri kuno Mukorore,
NokuMweya Unoyera,
Zvino napanguva dzese. Amen.

# NDINOTENDABaba wangu

Wandimutsa musi uno;
Ndipe ruveneko rwako
Apo ndimuke mukufa.

Chipikondinotsidzazve,
Ndisunungure zvitadzo.
Chengeta pfungwa norudo.
Mweya wang'uzadzwe ndiwe.

Tungamidzapfungwa dzangu
Nebasa namazwi nhasi,
Kuti simba rangu rese
Rizope mbiri kunewe.

Tunhidza Mwari mese
Mutunhidze zvisikwa,
Mutunhidzei Ngerosi,
Baba, Mukorore, Mweya. Amen.

# Rudo rwako rwaoneswa

Ngekuti tamuka nhasi;
Watichengeta usiku
Watipa upenyu hutsva.

Apo tiri kunamata
Tinoona tsitsi itsva,
Zvitadzo zvinobviswazve
Tipiwe pfuma dzaMwari.

Kuti tichiedza tese
Kuyerisa basa rese,
Mwari achatipa zvipo
Zvokupa semipereko.

Mabasa emisi yese
Anotipa nzira yedu
Yokuzviramba , nenzira
Yokusvika kuna Mwari.

Mwari ngerudo rukuru
Tigadzirire Kudenga;
Misi yese tibatsire
Kutevera Mukorore

# NDINOKUDZA Zita rako

Baba unodiwa,
Ngeusiku hwakanaka
Nokufara nhasi.

Ndinozvipa kunewezve
Mangwanani ano,
Kuti ndikufadze nhasi
Murugaro rwangu.

Mupfungwa nomumazano
Mumazwi nebasa;
Ndipe kuti ndikukudze,
NeZita raJesu.

Pamusana pake ndateta
Ndigashire Baba;
Nditungamire ngetsitsi
Mune nzira dzako

## Uya Mweya Unoyera

Mumwe naBaba noMwana,
Upinde mumwoyo yedu,
Uite tese tiyere.

Ngemasimba edu ese
Ngatikudze Mbiri yako.
Tapidza mwoto mumwoyo
Kuti vamwe vatapidzwe.

Tinzwe Baba une simba
Pamusana paJesu Kristu,
Anogara akadaro
Newe naiye Mweya. Amen.

# Hezvo muka mweya wangu

Penya upenye sezuva
Sezuva shandawo newe
Usati wavakudoka.

Chengetai hana dzenyu
Sokuchena kwesikati
Mukukurukura kwako
Ufadze muumbi wako.

Tsiwa nguva wakarasa
Ubve waswerawo nhasi
Uchinyatsorongedzera
Zuva guru rokutongwa.

Ukamirira mangwana
Ungaone wanonoka
Onei waringisana
Nechiso chinotyisisa.

Semiranzi inopenya
Upenyewo zvakadaro
Uchivenekera vamwe
Kumusha kwako kudenga.

Tunhidza Mwari mese
Mutunhidzei zvisikwa,
Mutunhidzei Ngerosi,
Baba, Mukorore, Mweya.Amen.

# A! Utatu hunoyera,

A! Uhumwe hune simba,
Zvino zuva radokazve,
Venekera mwoyo yedu.

Mangwanani namanheru
Tinoimba tinamate,
Mwoyo yedu nemiromo
Zvikutunhidze narini.

Tinzwe Baba unesimba
Pamsana paJesu Kristu,
Anogara akadaro
Newe naiye Mweya. Amen

# Gara neni usikuhwasvika

Kwane dima, Tenzi, garaneni;
Vamwe vabatsirivandisiya,
Mubatsiri wedu, garaneni.

Zuva roupenyurichadoka,
Rufaro rwepasirwuchapera;
Ndinoona zvesezvichivunda,
Usingapinduki, garaneni.

Zuva rese ndibatsireTenzi,
Tsitsi dzakongadzikunde Satan
Hakuna mumwemutungamiri;
Usiku nemisi, garaneni.

Handityi mhanduIweuripo;
Kana mudambudzohandichemi.
Kufa nenguvandichazvikunda,
Ndichiri mukundi uineni.

Panguva yokufa,Muponisi,
Rega ndione Muchinjikowako.
Uveneke nzira yoKudenga
M'upenyu, mukufa, garaneni.

## TINONAMATA kunewe

M’ponisi wavanhu vese;
Watichengeta nyamusi
Tichengetezve usiku.

Chiva petyo nesu Tenzi
Uponise vanhu vako;
Ubvise zvitadzo zvedu
Tivenekere mudima.

Mweya yedu kana mwoyo
Isabatwe ndiSatan;
Yerisa miviri yedu
Kuti timuke mangwana
Tine mwoyo yakachena.

Mbiri kunaMwari Baba
Mbiri kuno Mukorore,
Mbiri kuno Munyaradzi,
Mwari Mweya Unoyera.Amen

# Sezvo maranzi ezuva

Ava kuperazve,
Ndizvo upenyuhweduwo
Hwakundosipera.

Tenzi wakatambanudza
Manja paM'chinjiko;
Tigumbatidze pakufa
Mumanja amweyo.

Mbiri kunaMwari Baba,
Mbiri kunaJesu,
NoMweya Unoyera
Zvino nhambwe dzese. Amen.

# ZUVA rangu Muponisi

Hakuna dima uri’po
Makore asadzitire
Kuzoti ndisakuone.

Ndisati ndarara nhasi
Ndipe pfungwa dzakanaka;
Pfungwa dzokugara kwangu
Narini newe kudenga.

Gara neni zuva rese,
Ndanyorova, ndiri ndega.
Gara neni usikuzve,
Ndega ndingazese kufa.

Kuti aripo Mukristu
Uyo anyangadza nhasi,
Muponisi une simba
Muitise apinduke.

Uchengete vanorwara,
Ukomborere varombo
Ngepfuma dzako dzomutsa
Unyaradze vanochema.

Tikomborere mangwana
Tisati tavamba basa
Kuti tifambe munzira
Iri kuenda kudenga

# MUSI usati wapera

Tateta Musiki wedu,
Tikotse ngemutsa wako
Tichengete takarara.

Tisatambudzwe muhope
Ngekufunga zvakaipa;
Tidzingire mhandu yedu,
Tisabatwe ngechitadzo.

Tinzwe, Baba, une simba
Pam’sana paJesu Kristu,
Anogara akadaro
Newe naiye Mweya.Amen.

## NDINOKUTUNHIDZA Mwari,

Izvo wandikotsa nhasi:
Ndichengete, Mambo wangu,
Ngesimba rako usiku.

Dzima zvitadzo zvanhasi
Pamsana poMwana wako;
Ngandiende kundorara
Ndafarirana nevese.

Undidzidzise kugara
Kuzoti ndisatye kufa;
Ndidzidzise kufa kuti
Ndimukezve pakuguma.

.
Ndipe hope dzakanaka
Kuti mweya uzorore,
Hope dzinondisimbisa
Kukufadza pakumuka.

Kuti hope dzichiramba,
Ndipe pfungwa dzokudenga;
Ndisatambudzwe usiku
Ngerimwe simba redima.

Tunhidzai Mwari mese
Mutunhidzei zvisikwa;
Mutunhidzei Ngerosi
Baba, Mwana, naye Mweya.
Amen.

# TINOKUDZA iwe zuva redu

Uri kubuda kubva kunaBaba;
Kupenya kwokupenya,
Kristu Tenzi Unoyera.

Zuva repasi riri kudoka zvino,
Mwenje yamadeko yaoneka,
Tikuddze Baba, Mukorore,
Newe Mweya Unoyera.

Ifaniro yedu kukuimbira Iwe,
Panzvimbo dzese napanguva dzese:
Mwari waMwari, tsime roupenyu hwedu,
Pasi ngapatunhidze Tenzi zvino narini.

## Zuva rapfura

Mibvuri zvino
Inokutondedza
Ngeusikuwo

Kwavazve kusvipa,
Kune nyenyedzi;
Dzinorara zvino
Mhuka neshiri

Jesu ndakuteta,
Ngadzizorore;
Ngechikomborero
Chako usiku.

Chengeta vapwere
Uponisezve
Vanhu vapanyanza
Mupfumvu dzese.

Unyaradze vese
Vari munhamo;
Kune venyangadzi
Bvisa mazano

Hondo dzengerosi
Ngadzitumirwe,
Kuti dzindikotse,
Ngemapapiro.

Ndizvo mangwanani
Ngandimukezve,
Ngekufara kwazvo,
Kwapiwa ndiwe.

Mbiri kunaBaba,
NokunaKristu,
Mbirizve kunewe
Mwari Mweya.Amen.

## GRASIA raKristu Tenzi wedu

Norudo rwaMwari Baba,
Nokuwadzana kwoMweya zve,
Ngazvive panesu tese.

Ndizvo tigare muSangano
RaMwari nehama dzedu
Kuti tisvike kuumambo
Hwavatsvene nengerosi.

## ZUVA ramatipa rapera.

Dima rinodzika zvino
Mangwanani nziyo taimba
Yerisa zororo redu.

Sangano renyu harirari
Nyika ichiona mwenje
Richitarisa kwese kwese
Pasina kuzororazve.

Kunyika dzese nezvitsuwa.
Zuva rimwe richiuya
Minamato hainyarari
Nokukurumbidzwa kwenyu.

Zuva renyu riri kumutsa
Hama dzokumadokera
Miromo yese inoita
Mabasa enyu anzike.

Ndzizvo Tenzi umambo hwenyu
Hauzoperi senyika
Umambo hwenyu hunokura
Zvisikwa zvese zvikudze.

# MUSI uno weSondo

Tinotunhidza Baba,
Tenzi wepasi pese
Wakasika kupenya.

Nhasi'no Tenzi Jesu
Wakakurira kufa;
Mweya wakauya
Somwoto unopenya.

Nhasi rudo rukuru
Ngarutonge mumwoyo;
Tinatse kutunhidza
Mwari mupi w'upenyu.

Mwari wakandiita
Mufananidzo wako;
Ndidzidzise ngerudo
Ndipe ndifunge sewe.

Jesu ngandife sewe
Ndirege kunyangadza;
Nhasi ngandimukezve
Ndichizvipa kunewe.

Mupi wezviro zvese
Mweya unodiwa;
Zvipe mbune kuneni
Ndichive rudo rwako.

Mwari Mumwe Utatu,
Gara mumwoyo wangu;
Unozvipa kuneni
Ngandizvipe kunewe.

# MUSIKI wokupenya

Unopenyisa misi,
Wakasika kupenya
Pakuvamba kwepasi.

Wakasika dimazve
Kuti rive usiku.
Dima riri kusvika,
Tinzwe ngemutsa wako.

Tisarase nemhosva
Nzira yedu kudenga;
Tisabatwe ngepfungwa
Dzakaipa dzepasi.

Asi tisimudzirwe
Kudenga kune pfuma;
Tichenisiwe ngetsitsi,
Nokuvenga zvitadzo.

Baba, tinzwe pam’sana
PoMukorore wako;
Uyo tinotunhidza,
Pamwe naye Mweyazve.Amen

# IYE wakafira vanhu

Achadzika ane mbiri
Vatsvene vakafa vese
Vachauya naye Mambo
Areruya,
Kristu achadzikazve.

Vanhu vese vachaona
Mbiri yake inotyisa.
Avo vakamutengisa,
Nokubaya Tenzi wavo,
Vachachema,
Vachazoona Mambo
.
Madzvadzi enhamo yake
Achaonwa ane mbiri;
Achakudzwa nguva dzese,
Ndivo vakaponiswa.
Vachafara,
Kuona Muponisi.

Ngatikuombere tese
Pachigaro choumambo,
Kristu tora simba rese
Tonga pasi narini.
Areruya,
Mambo wezviro zvese.

# TENZI wakasika denga,

Kupenya kwavanhu vako
Jesu Muponisi wedu,
Inzwa minamato yedu.

Zvo wakange une nyasha,
Pana vanhu vane mhosva,
Wakaponisa mukufa
Ngezvipo zvetsitsi dzako.

Izvo nguva yakasvika,
Iwe ngesimba norudo
Wakasunungura pasi
Ngekubarwa ndiMaria.

Zvino vese
Zita rako rine mbiri;
Zita rako rine mbiri;
Zvese zvedenga nepasi
Zvinokubvuma saMambo.

Takuteta Muponisi
Uchatonga pakuguma,
Tikotse, tigere pano
Muzano remhandu yedu.

Ngatipe zvino narini
Mbiri kuna Mwari Baba,
Mbiri kunoMukorore,
Naye Mweya Unoyera. Amen.

# MUBABATIDZI paJordan

Ari kusima masoko;
Izwai ‘zvo anoreva,
“Mambo Mukuru wasvika.”

Bvisai zvitadzo zvese,
Chenisai mwoyo yenyu;
Ngaive umba dzaMwari
Dzinodadza kushanyirwa.”

Ndiwe Tenzi Muponisi,
Shangu yedu, tuso redu;
Tisine tsitsi tinofa
Samaruva akauna.

Ponisa vatenda Tenzi,
Sunungura vanyangadzi,
Veneka ngembiri yako,
Uite zvese zvinake.

Mbiri ngaive kunewe,
M’ponisi wavanhu vese;
Mbiri kunaMwari Baba
Naye Mweya Unoyera.Amen.

l

# IWE Izwi roKudenga

Wakaberekwa ndiBaba,
Wakabarwa pasi pano
Kubatsira vanhu vako.

Vhenekera mwoyo yedu
Tizadze nerudo rwako;
Kuti, tadaidzwa ndiye,
Tirase zviro zvenhando.

Apo unozouyazve
Kuzotonga vanhu vese;
Vanyangadzi vachidzingwa,
Vamwe vachakomborerwa.

Tisarase pakuguma
Pam’sana pemhosva dzedu
Tiite tikudisise,
Navatsvene vako vese.

Mbiri kunaMwari Baba
Mbiri kunoMukorore
Naye Mweya Unoyera,
Zvino napanguva dzese.Amen.

## UYA, uya, Emanueri

Uponise varanda vako
Vanochemera pasi pano
Kuuya kwaMwariMwana.
Farai ! Farai ! Emmanueri
Achazouya kwamuri

Uya, uya, Tsvimbo yaJese
Sunungura vanhu vako;
Vakabatwa ndiSatani
Uvape mukundo parufu.

Haiwa, uya, Mambakwedza
Unyaradze mwoyo yedu;
Udzinge mibvuri yokufa,
Nokuuya kwako pano.

Uya, chipfigo chaDavidi,
Uzurure denga kunesu;
Tikotse panzira yedu,
Upfige nzira isiyo.

Uya, uya, Tenzi weSimba
Wakapa kare mitemo
Kuna vanhu vaIsraeri
MuUmambo hunotyisa.

# IZWI guru rokudenga

Rakanzwika richiti,
"Imi vana vokupenya,
Bvisai zvakaipa."

Ndizvo isu tapepuka,
Ngatiteerere Tenzi;
Iye Jesu zuva redu,
Anopenya panesu.

Iye, Nyenye yechitsidzo,
Ino rusununguro,
Ngatiende ngekusuva,
Kundomuchingamidza.

Kuti pakuuya kwake
Kwechipiri kutonga,
Tiswendere kunaiye.
Ngebanza nokushinga.

Mbiri nako kutunhidza
Ngazvipiwe kunaiye,
KunaBaba, Mukorore
NoMweya narini zve.Amen.

# A ! INZWAI muponisi

Ari kuswendera !
Gadzirai umba yake
Mukati memwoyo.

Anopa rusununguko
Kuna vanyangadzi
Vakabatwa ndiSatani
Ngemajoti ake.

Anozurura zambara
Rapfigwa nedare;
Ndizvozvo imbai mese
Kundomutambira.

Anouya kubatsira
Mwoyo ineshungu,
Kurapa hosha dzoMweya
Akazvirereka.

Muchinda worunyararo
Tinokutambira
Ngezviimbo nokufara
Pakuuya kwako.

Zita rako rakanaka
Ngarikomborerwe
NaBaba noMunyaradzi
Zvino nariniwo.Amen.

## UYAI Makristu

Nokufara kwazvo
Uyai, uyai, muBetrehema;
Kuzomuona, Mambo wengerosi,
Uyai tiombere,
Uyai tiombere,
Uyai tiombere,
Kristu Tenzi.

Mwari waMwari,
Kupenya kwokupenya
Haashori nhumbu yemhandara.
NdiMwariwedu, uyo wakabarwa.

Onai vafudzi,
Avo vadaidzwa,
Vanosvika ngerudo rukuru.
Ngatitevere, isu, ngekufara.

Avo vazivi
Vari kupa zvipo,
Rusenzi, nendarama, nemura;
Ngatitevere, isu, ngekufara.

Uri murombo
Ngepam'sana pedu;
Tinodisa dai tifungatire,
Iwe ngerudo, unotida kwazvo.

Imbai ngerosi
Pemberai kwazvo,
Imbai mese mugere kudenga;
Mbiri kuna Mwari ari kum'soro.

Tachingamidza
Wakabarwa nhasi,
Jesu, mbiri ipiwe kunewe;
Izwi raBaba, zvino rava munhu.

# VAFUDZI vari mukufudza hwai usiku

Ngerosi inopenya yakadzika ngembiri,

Ichiti “Musatye”, ‘zvo vakanga vave kutya,
“Ndaunza kufara kunemi navanhu vese.

“Nhasi muBetrehema, kwaberekwa Kristu
M’ponisi wedu Tenzi worudzi rwaDavidi.”

“Mudanga rengombe imi muchaona Tenzi,
Uyo Mwana muduku wakarara mundiro.”

Ngerosi zhinji dzakasanganira naiyo
Kuvirikidza Mwari ngekufara, dzichiti:

“Mbiri ngaive kunaMwari uri kudenga;
Pasi pano runyararo kuna vanhu vese.”

# NGEROSI dzinoimba

Kukudza Mambo mutsva.
Rugare ruri pasi
Vanhu vasunungurwa.
Farai ndudzi dzese
Pamwe navo kundenga
Revai ngerosi,
Kristu wabarwa nhasi.
Ngerosi dzinoimba
Mbiri kuMambo mutsva

Kristu ngaatunhidzwe
Kristu Tenzi wekare;
Onai zvino wasvika
Dangwe romusikana;
Ngatione Umwari
Hwavandiswa munyama;
Anogara kunesu
Jesu, Mwari anesu.

Kwaziwai Muchinda !
Zuva rokururama,
Anounza upenyu
Norujeko kunesu;
Achisiya mbiri yake,
Wabarirwa kuponisa
Vanhu vese vepasi,
Kupa upenyu hutsva.

## KRISTU Muponisi wedu,

Kupenya kwaMwari Baba,Iwe wakange unaye
Pasi risati rasikwa

Uri ruveneko rwedi
Mudima rezvakaipa;
Inzwa minamato yese
Pasi pese musi uno.

Tondera Tenzi wetsitsi,
Kuti wakatiponisa
Ngekuitwa munhu kare
NdiMaria wakachena.

Kuti zuva richibuda
Nhas’uno panyika dzese;
Vanhu vese vanotizve
“Wakatiponisa wega.”

Wakatumirwa ndiBaba.
Kudaidza vana vake;
Denga nepasi nenyanza
Zvinokudza rudo rwake.

Nesu tinofara nhasi.
Takasunungurwa ndiye;
Tinoimba rwiyo rutsva
Izvo wakabarwa nhasi.

Mbiri ngaive kunewe.
Wakabarwa ndiMaria;
Mbiri kunaMwari Baba,
Naye Mweya Unoyera.Amen.

## PASI risati ravapo

Wakabarwa ndiBaba,
Ndimavambo namagumo,
Wakazvisika zvese
Zviripo, zviro zvekare,
Nezviro zvichavapo
Zvigare zvakadaro.

Takapfumiswa zvikuru
Ngekuberekwa kwake,
Izvo Maria Mhandara
Akabereka Tenzi;
Mwana M’ponisi wavanhu
Wakaonekwa pasi,
Zvigare zvakadaro.

Ndiye, wazivi vekare
Vakamukudza vese:
Vaprofiti vanoyera
Vakataura ndiye;
Ari kuuya, zvisikwa
Ngazvitunhidze Tenzi;
Zvigare zvakadaro.

Denga rese, virikidza;
Ngerosi tunhidzai;
Zviro zvese kotamai,
Mukudze Mwari wedu;
Vanhu vese vari pasi
Ngavaimbe pamwepo,
Zvigare zvakadaro.

Varume navakomana
Vese vakuimbire;
Vakadzi navasikana
Vapindure vafare;
Nziyo dzavo ngadzikwire
Nezvitendo zvomwoyo,
Zvigare zvakadaro

Kuna Kristu, kuna Baba,
Nokunewe Mweya,
Nziyo nezvitendo zvese
Ngazvipiwe narini,
Nokukurira kwese;
Zvigare zvakadaro.
Mbiri huru nokukudzwa

## KAREKARE chando chakachena kwazvo.

Mhepo yakahwinya, ichitonhoresa.
Karekare kwazvo, Tenzi Mwari wedu
Wakabarwa pasi, kuponesa vanhu.

Danga harikwani Tenzi Mwari wedu,
Iye achatonga zvese zvakasikwa;
Asi danga duku umo akabarwa
Rakakwana Jesu, Tenzi Mwari wedu.

Kudenga ngerozi dzinomuombera;
Pasi wakaamwa zamu raMaria.
Kudenga, ngerozi dzinomutunhidza;
Pasi wakakudzwa ngebemhe nengombe.

Hationi apo hondo dzengerozi
Asi San'Josefa navafudzi basi;
Mai wake ega achitsvoda mwana
Nokumuombera Mwari wake wedi.

Chii ndingakupe Jesu mudikani?
Ndinoshaya nyenye, chipo chavafudzi,
Zvipo zvaVazivi zvese handinazvo,
Asi ndinokupa mwoyo wangu wese.

## KARE kwakamira danga

Mumusha waDavidi;
Umo mai akaisa
Kamwana mune ngombe
Maria ndiye Mai,
Jesu Kristu kamwana.

Wakasiya mbiri yake,
Mwari wedu, naTenzi,
Wakabarwa pasi pano
Mudanga rezvipfuwo.
Ona, M'ponisi wedu
Wakagara murombo.

Paupwere hwake hwese
Wakadisa Maria;
Misi yese wakamunzwa
Uyo wakamurera.
Imi vana edzai
Kufanana naiye.

Wakapa muenzaniso
Worugaro kunesu,
Waichema, waiseka
Waiita sesuwo,
Anosongana nesu
Munhamo nokufara.

Pakuguma ticham'ona
Iye Mambo worudo;
Uyo Mwana wakatiwa
Ari Mwari mukuru.
Kuti tichitevera
Tichasvika Kudenga.

Hatichamuoni apo
Pane danga rengombe
Tichaona a'ne mbiri
Achikudzwa kudenga.
Apo vachava naye
Vana vake vazhinji.

## Nhungamiri. JESU Kristu Jesu Kristu, wakaberekwa

Vanhu. Wakabarwa
N.TinofaraV.Areruya – wakabarwa

N. Ona vafudzi ona vafudzi, vari kurara V. Wakabarwa
N.TinofaraV. Areruya – Wakabarwa.

N. Ona ngerosi ona ngerosi, dzakaonekwa V. Wakabarwa,
N.TinofaraV. Areruya – Wakabarwa.

N.Runyararo runyararo, ngaruve pasi.V.Wakabarwa.
N.TinofaraV. Areruya – Wakabarwa.

N.Vakaenda vakaenda kundomuonaV.Wakabarwa.
N,TinofaraV.Areruya – Wakabarwa.

N.Vakaona vakaona, Mai noMwana V.Wakabarwa,
N.TinofaraV.Areruya – wakabarwa.

N.Vakapfugama vakapfugama, kumunamataV. Wakabarwa
N.TinofaraV. Areruya – wakabarwa.

N.Ngatiungane ngatiungane, tinamatewo V.
Wakabarwa,
N.TinofaraV. Areruya – Wakaberekwa.

## KWAKATI panguva yokutonga kwaHerodi Mambo,

Tese ngatitunhidze Mwari, tese ngatitunhidzenokumuombera

Vafudzi vagere pamwoto vachifudza hwai usiku--

Mukupenya Ngerosi yakati,Musatye, ndaunza rufaro kune pasi --

Nhasi muBeterehema kwaberekwa KristuMuponisi wedu --

Iye Mwana unoyera kwazvowakabarwa mundiro yezvipfuwo --

Ngerosi dzaimba Mbiri kumusoro,rudo kuna vanhu, runyararo pasi --

Iye ari ruveneko rwedi mudima rezvitadzozvedu --

Wakatumwa ndiBaba kuzodaidza isu vana vake--

Denga, pasi nenyanza zvinokudza rudo rwake--

Iye wakabvuma kufa kuti tione ruveneko --

Ngatimuimbire rwiyo rutsva ngekutifira kwake–

Mwari anofadzwa ngerupinduko rwedu norudaviro–

Makristu namatirai vese vari mudima vaoneruveneko –

Mwari ari kumirira vese vari mudima kuuyamusangano –

Ndzvo ngaanzwe minamato yedu nhasi uno narini–

## IMI vana mese

Ngatiimbire,
Ngekufara kwazvo,
Mambo wabarwa.

Ngatichingamidze
Nerwiyo rwedu
Kristu ane mbiri;
Nhasi wabarwa.

Vana musatyeba
Kumuswendera,
Wakati vapwere
Ngavaunzwewo.

Muzambara warara
Mwana wedenga.
Mai anorera
Ndiye Maria.

Kumusoro kwedenga
Kune nyenyedzi.
Inopinda dzese
Kuchena kwayo.

Ngatipinde tese,
Kana tisine
Zvipo zvavamambo
Nezvavafudzi.

Anoda zvikuru
Zvipo zvavana,
Tese ngatimupe
Rudo rwomwoyo.

## MWANA wabarirwa isu.

Ona arimo muchando,
Nyenye inoyera kwazvo
Yakatsidzwa karekare.
Zuva rakakomborerwa !
Ngatiimbe ngekufara
Kristu arimo mudanga,
Nhasi wabarirwa isu.

Iye wakasika denga,
Anogara achikudzwa
Ngengerosi dzese dzese,
Arimo mudanga zvino;

Imi vanhu tiudzei
Nyaya yenyu yokufara
Ngei maregera hwai
Dziri kure pamakomo?

Apo takafudza hwai
Takaona mbiri huru
Ngerosi dzaimba kuti:
“Runyararo kuna vanhu.”

Jesu sheshe inoyera
Uno rudo rwashamisa
Waregera mbiri yako
Uchiuya somurombo.

Mwana wedu unodiwa
Tipe titevere Iwe
Mukutiwa nokupfava,
Rudo, tsitsi, nourombo.

# NGUVA'YO Kristu akabarwa

MuBet'rehema, ndiMariaNgerosi
dzakaimba dzese
In excelcis gloria !

Vafudzi vakaona idzo
Dziri kupenya dzichiimba
Mwana waMwari

Wauya mambo Muponisi
Sezvakanyorwa mumatsamba.
Ndizvo tiimbe urwo rwiyo:

M'ponisi, tipe tsitsi dzako
Dzitiunze tese kudenga
Apo tiimbe urwo rwiyo.

# IMI Makristu mese pepukai

Tenzi Jesu wakabarwa nhasi,
Ngatiombere rudo rwakadai
Taudzwa ngehondo dzengerosi
Nadzo soko rakatanga pas
Mwari wakabarwa neMhandara.

Ngerosi yati kuna vafudzi
Ndine masoko okufarisa
Muponisi wabarirwa imi
Nendudzi dzese dzeiri pasi,
Chitsidzo chakapiwa kunesu
Chaitwa nhasi ndiMwari wedu

Soko rapera: ndipo ngerosi
Dzese dzaimbisa rwiyo rutsva
Kukudza rudo rwatiponisa
Denga rafara rese ngerwiyo:
Mbiri kumusoro kuna Mwari
Norugare pasi kune vanhu.

Avo Vafudzi vamhanya kwazvo
Vasvika Beterehema uko
Apo vaona Mwana M’ponisi
NaMai nomureri Josefa:
Ndizvo vaombera Tenzi Jesu
Nokuudza soko kune vanhu.

Ngatichengete mumwoyo yedu
Rudo urwu rwaoniswa vanhu,
Ngatikudze Mwana waMaria
Kubva mudanga kuMuchinjiko;
Tinobatsirwa ndiTenzi Jesu
Dakara tichisvika kudenga.

## IMI ngerosi makabva

Munzvimbo yokupenya,
Munoparidzira kuti
Kristu wakaberekwa,
Omberai,
Kristu wakaberekwa.

Vafudzi! Muri kugara
Musango nousiku,
Munopiwa chioniso,
Kuti Mwari anesu:

Vazivi pamabvazuva
Muchirinda ngekutya;
Kuchasvika garegare,
Tenzi wenyu paumba;

Chita chese chekudenga,
Imbai ndwiyo dzenyu,
Musimudze mazwi ese,
Kuna Mwari Mukuru;

# VANHU vachifudza hwai

Kunze paUsiku
Vakanzwa ngerosi zhinji
Dzichiimba rwiyo.
Mbiri kumusorosoro.

Vakatya zvikuru kwazvo
Vachiona hondo
Yengerosi dzokudenga
Dzichifarisisa

Farisai, musatyeba,
Kristu aberekwa
Ndiye mwana wokudenga,
Uko Beterehema.

Uko dzinogara ngombe
Kune kakomana
Ndiye mwana wokudenga,
Auya kunesu

Vakaenda kom’ombera
Vakam’virikidza:
Vakacherechedza Mwari,
Mwari ava nyama.

Zvino Josefa naMaria
Pamwe navafudzi
Vakacherechedza Mwari
Ngatimukudzise

## PAUSIKU hunoyera,

Kune nyika iri kure,
Yakajeka nyenyedzi yaTenzi
Chioniso chaMwari wediko,
Iyo Tenzi abarwa.
Iyo kwabarwa Mesiya.

Baba wake akashama,
Mai wake akafara:
Mwana wavo M'ponisi wavanhu,
Akakudzwa zvikuru ndiMwari,
Pasi pese farai!
Mwari azotishanyira.

Mune danga radzo ngombe
Azobarwa Mwana mutsva,
Ndiye Mwana waMwari mupenyu,
Ndiye rudo rwaBaba kunesu,
Ndiye mudi wavanhu
Nomudikani wevese.

## IPAPO mudanga muBeterehema

Jesu somwana anorara pauswa
Maria mai wake agree petyo
NaJosefa muchengeti wavo vese.

Maiva nengombe imo mudangamo
Asi mwana haatyiswi kudziona
Ngekuti uyu mwana musiki wadzo
Nomusiki weduwo navanhu vese.

Vafudzi vakauya kuona mwana,
Vakabva kumafuro avo usiku
Ngerosi kudenga dzakavirikidza
Zvo Muponisi akanga aberekwa.

Ngatione vatsvene Beterehema;
Ngatirangarire Jesu ari petyo

Akabarwa kare paBeterehema
Achagarawo nesu nhasi, narini

## Nhungamiri.ZVINO ratunga gwenzi;

Vanhu.Baba ngaatunhidzwewo.
Rabva mudzinde kwaro;
Mwana ngaatunhidzwewo.
Remudzi wasaJese’ngeizwi raIsaya;
Mweya ngautunhidzwewo.

MuprofitiIsaya
Baba ngaatunhidzwewo
Wakafembera iro
Mwana ngaatunhidzwewo
Gwenzi rinonzi Roziri richazobereka
Mweya ngautunhidzwewo

Mutiyo ndiMaria
Baba ngaatunhidzwewo
Wakabara Ruva Jesu
Mwana ngaatunhidzwewo
Ona Karuva aka kamwana kakapfava
Mweya ngautunhidzwewo

Kunyika inoyera
Baba ngaatunhidzwewo
Kwakange kune chando
Mwana ngaatunhidzwewo
Usiku hwati zvi Mwari wakava munhu
Mweya ngautunhidzwewo.

Kwakange kune chando
Baba ngaatunhidzwewo
Usiku hwakasvipa
Mwana ngaatunhidzwewo
Ngerosi dzoti ngwee dzichiimba ngeMwana
Mweya ngautunhidzwewo

Mbiri’ ko kunaMwari
Baba ngaatunhidzewo
Kuna Mwari kumusoro
Mwana ngaatunhidzwewo
Rugare kunesuwo ngatifare ndiJesu
Mweya ngautunhidzwewo.

**MBERI kwamakomo**

Amabvazuva,
Kunosvika vanhu
Vane kuziva
Vari kuchamira
Muiro basa,
Vakatungamidzwa
Ngenyenyedzi'yo.

Ruveneko rwavo
NdiMuponisi,
Uyo wazviita
Mutungamidzi;
Anovenekera
Vanhu vekare,
Sezvo yakaita
Nyenyedzi yake

Unganisa, Tenzi,
Vakarasika;
Uvavekere
Vari panzira,
Batsira vafambi
Kuti vazhinji
Vatevere kwazvo
Iyo nyenyedzi.

Jesu, Muchengeti
Titungamidze;
Gara uchipenya
Pamsoro pedu;
Batsira vakuru
Navadukuzve,
Nava vamaJuda
Navanhu vese

Jesu, wakarara
Mukachidyiro,
Unotonga zvino
Vamambo vese;
Unganisa avo
Panzvimbo dzese
Vasakamboona
Nyenyedzi yako

Kuchavapo ngedi
Ndudzi dzavanhu,
Vari kutevera
Mureza wako,
Kure kumakomo
Kumusha kwavo,
Uko kusinaba
Kufa nenhamo
l

## BETEREHEMA rinopinda

Misha yese yepasi;
Tenzi wakabuda umo
Kutonga vanhu vake.

Zvo akabarwa, nyenyedzi
Yakapenya sezuva
Yakadaidzira pasi
Mwari waitwa nyama.

Vazivi vaMabvazuva
Vakapa zvipo zvavo.
Ona! vakapa ndarama
Norusenzi nomura.

Vakatambidza ndarama,
Kunaiye saMambo,
Rusenzi sokuna Mwari
Nomura' zvo achafa.

Jesu Iwe wakakudzwa
Pakuoniswa kwako,
Mbiri ngaive kunewe,
NaBaba noMweyawo. Amen.

# VANHU vaiva mudima

Vapenyiswa zvino;
Kupenya kwavhenekera
Vaiva mukufa.

Kuzochingamidza zuva
Ndudzi dzaungana;
Dziri kufara pamwepo
Kudana vakohwi.

Ngekuti dzasunungurwa;
Dzaponiswa dzese;
Dzapiwa simba rokurwa
Nezvitadzo zvese.

Zvo tapiwa Mukorore,
Tabarirwa Mwana;
Simba redenga nepasi
Ngerake narini.

Muchinda woRunyararo
NaTenzi Mugari,
Munanisi, Mureveri,
Mwari, Zita rake.

Umambo hwake huchava
Pamsoro pezvese,
Kutongazve noungwaru
Hazvizogumiba.

Tinokutondera Jesu
Nokupfava kwako,
Ugere pamwe naBaba
Naye Munyaradzi.

# SEZVO vazivi kare

Vakaona nyenyedzi
Ichivatungamira
Ngeruvheneko rwayo;
Ndizvo titungamirwe
Kunewe Tenzi wedu.

Sezvo vakatizira
Kukuona M'ponisi,
Vachikukotamira
Tenzi wepasi pese;
Ndizvo ngatichimbidze
Kutsvaka tsitsi dzako.

Sezvo vakapa zvipo
Zvinokosha kunewe;
Ndizvo tisingabatwi
Ngesimba rezvitadzo,
Tiunze pfuma dzedu
Kunewe Mambo wedu.

Jesu mazuva ese
Tichengete panzira;
Kuti pasi rapera
Tiunzwe, taponiswa,
Kumusha wokudenga
Nembiri yako huru.

Panyika yokudenga
Havashayi kupenya;
Iwe uri kupenya
Zuva risingadoki;
Apo tiimbe tese
Zviimbo kuna Mwari.

# TITEERERE, Musiki

Ngenyasha dzakodzo huru;
Inzwa minamato yedu
Mukutsanya uku kwedu.

Unoziva mwoyo yese,
Nokunyorova kwavanhu,
Tinokutsvaka ngenhamo
Tisungure ngetsitsi.

Tine zvitadzo zvizhinji!
Ponisa vanopinduka,
Pamsana pezita rako
Simbisa vakanyorova.

Tibatsire kuzviramba
Nokurega kudya kwedu,
Kuti ndizvo mweya yedu
Iponiswe muzvitadzo.

A! Utatu hune simba,
Mwari tinokumbirira
Ukomborere kutsanya
Ngemichero yakanaka.

# M'PONISI unopa vanhu

Zvipo zvese zvakanaka,
Mudiwa wavanhu;
Jesu tauya kunewe,
Inzwa zvikumbiro zvedu
Tiri kukutsvaka.

Tinoziva mhosva dzedu
Dzepfungwa, mazwi, nebasa;
Takatadza tese;
Uchenure hana dzedu,
Dzorera vanopinduka,
Uvasunungure.

Kuti uchiramba isu
Tingabatsirwe ndiani?
Iwe Muponisi:
Suka mwoyo yakasvipa,
Tambira vanochemera
Zvinyangadzo zvavo.

Ngekutsanya kwako kare
Wakapa muenzaniso
Mukutsanya kwedu;
Tipe tizvirambe zvino,
Ndizvo tifare pamusi
Wokumuka kwako.

A! Utatu Hunoyera
Tipe tsitsi dzako zvino,
Tikotse narini;
Kuti tamuka mukufa
Tikuimbire kudenga
Navatsvene vako.

# MAZUVA nousiku

Aya makumi mana
Wakaziya kugwenga
Uchirunzirwa Tenzi.

Wakapiswa ngezuva,
Wakatota ngebeto,
Wakagara nemhuka,
Wakatsamira mahwe.

Hatinzwi shungu here,
Nokurega kufara?
Titsanye tinamate
Tinzwe nhamo saiwe.

Satan' achirunzira
Nyama yedu nomweya
Iwe mukundi wake
Tibatsire tikunde.

Ndizvo tinonyaradzwa,
Tinofadzwa zvikuru;
Ngerosi dzinopenya
Dzinobatsira isu.

Tichengete M'ponisi;
Tigare pedyo newe;
Tizoonekwe newe
Ngemusi wokumuka.

# NGUVA ino yenyasha

Isinati yapera,
Tinokumbira Tenzi.

Jesu tipe masodzi,
Utizadze ngekutya,
Tisinati tatongwa.

Tenzi tipiwe Mweya
Tauya pamusuo,
Usinati wapfigwa.

Ngeusiku hwenhamo
Ngemazwi paM'chinjiko,
Ngekuda kutifira.

Ngekuchemera kwako
Jerusarema kare,
Tipiwe rudo rwako.

Tiunze petyo newe,
Tisarasike zvino,
Tiite tikuone.

# NDIFUNGE Tenzi Jesu,

Ndanyangadza,
Ndisuke muzvitadzo
Ngeropa rako.

Ndifunge Tenzi Jesu,
Ndiri wako.
Mubasa rangu rese
Undibatsire.

Ndifunge Tenzi Jesu,
Ndine nhamo.
Mukurwa mira petyo
Undikanire.

Ndifunge Tenzi Jesu,
Ndarasika.
Penyisa pane dima
Ndione nzira.

Ndifunge Tenzi Jesu,
Gara neni.
Yasvika mhandu yangu
Undiponise.

Ndifunge Tenzi Jesu,
Pakuguma.
Ndirege ndikuone
Undifarise.

# MWARI wakadzika kare;

Wakauya kutifira isu vana.

Wakatambudzika kwazvo---

Baba wakamupa simba----

Simba rokukurira pasi------

Wakafira pasi pese--------

Wakagara nechiremedzo--

Wakagara nounherera----

Waifara namai wake-----

Ngatitende kunaMwari Baba-

Ngatimunamate ngekufara----

## 1 JESU Tenzi Muponisi,

Tese ngatimutunhidze nokumuda kwazvo
2 Wakafira isu tese-----
3 Wakafira isu tese-----
4 Pagomo reKarvari------
5 Zvinyangadzo zvedu zvese---
6 Zvakatakurwa naiye----
7 Akazvitenga neropa------
8 Mwoyo wake wakachena-----

# 1 ONA mureza waMambo,

Muchinjiko unopenya:
Apo musiki wavanhu
Akatiripira mhosva.

2. Aripo, rutivi rwake
Rwakabayiwa ngepfumo,
Kutichenura ngeropa
Rakabuda nemvurawo.

3. Izvo zvakaudzwa kare
NdiDavid zvaitwa zvino,
Kuti Mwari wakatonga;
Nokukurira pamuti.

4. Iwe muti unembiri,
Apo kwakaiswa Tenzi,
Wakapenya ngezvitsvuku
Zveropa roMuponisi.

5. Wakatsikinura tese,
Kubva muzvitadzo zvese;
Akakurira Satani
Uyo wakabata vanhu.

6. Utatu husingagumi
Vese ngavakutunhidze,
Titonge ngeMuchinjiko,
Wakatidzorera ndiwo.

## 1 IMBIRAI ndimi dzese

Kurwa kune mbiri,
Mese tunhidzai Kristu,
Ndiye Mukuriri
Muteuro paM'chinjiko,
Wakatiponisa.

2. Nguva yake yapfuura,
Yokugara nesu,
Muponisi anozvipa
Kune nhamo zhinji.
Nyenye yaroverwa zvino
Mupereko wedi.

3. Mbambo, pfumo wakorera
Minzwa nokupfirwa;
Muviri wakadurura
Mvura neRopawo.
Tsime tsvene rokugeza
Vanhu nezvisikwa.

4. Iwe Muchinjiko kwawo
Muti une mbiri;
Une ruva nomuchero
Zvinopinda zvese;
Uyo apo aturikwa
Ndiye Musikiwo.

5. Kombamisa mhandu dzako,
Muti'yo murefu;
Kuoma kwako kwekare
Ngakupfave zvino;
Ndiwe uri kutakura
Mambo wekudenga.

6. Iwe wega wakafanira
Kutsigira Tenzi;
Ndiwe vanhu vagashira
Ruponiso rwavo;
Nyenye yavazora zvino
NgeRopa rinokosha.

7. Mbiri kuna Mwari Baba,
Kuno Mukorore,
Kuno Mweya Unoyera
Mumwe ngeVatatu,
Mwari ane simba rese
Agere narini. Amen.

1. PARUTIVI rwoM’ponisi wangu
Pakapopoma rwizi rweropa,
Vese vatadzi vanosamba’po
Vachibuda vati mbuu kuchena.

2. Mbavha yakafa paMuchinjiko
Yakashambidzwa muurwo rwizi
Neni ndisina pakati mbee,
Ndingati mbuu muna’rwo rukova.

3. Ndizvo basi ndosimbawo nazvo
Ndabva mumhaka isingaperi,
Hapachinazve nerimwe zita
Rinondifadza kupinda rake.

4. Kana ndichinge ndowokotsira
Rurimi rwangu rwanyararisa
Ndinodudza norurimi rutsva,
Ndinodudza norurimi rutsva,
Muponisi wakandinunura.

## NOMWOYO ine rusuvo,

Neminhasvu inorema,
Tiri kuenda Karvari:
Ropa rake Jesu
Rinodonha pasi;
Ona nhamo yake
Nezvitadzo zvedu!

1. MBIRI yese kunewe
Muponisi Mambo;
Vapwere vanoimba
Hosana kunewe.

2. Mambo waIsraeri,
Mwana waDavidi,
Unouya saMambo
Muzita raTenzi.

3. Ngerosi dzokudenga
Dzinokutunhidza,
Vanhu, nezviro zvese,
Vanopindurazve.

4. Vanhu vaIsraeri
Vakapa michindwi,
Isu tinopa ndwiyo
Neminamatozve.

5. Usati waroverwa
Vakakutunhidza;
Zvino uri kudenga
Tinokuimbira.

6. Wakafadzwa ngendwiyo
Dzavanhu vekare;
Tambira ndwiyo dzedu
Mambo wakanaka.

1. MWEYA wangu imba zvino
Nyaya yoMuponisi;
Iye wakafira isu
PaMuchinjiko wake,
Wakazvipa iye mbune
Kutenga vanyangadzi.

2. Onai ari kusungwa
Kusunungura vanhu;
Ropa rako rinokosha
Riri tsime retstsi,
Mbambo dziri kusungira
Isuwo pane muti.

3. Jesu ita ropa rako
Rimwiswe vanyangadzi;
Rive ruponiso rwedu
Nokufara kudenga;
Ndizvo pasi rakatendwa
Richakukudza Tenzi.

1. FAMBA muumambo hwako!
Uri pambongoro yako;
Vanhu vese vachiimba
Nemichindwi nezviimbo.

2. Famba muumambo hwako!
Kupfumvu, nhamo norufo!
Kristu mbiri yavambira
Kukunda guva neshungu.

3. Famba muumambo hwako!
Ngerosi dzese dzedenga
Dziri kusuva nyamusi
Ngepfungwa yomuteuro.

4. Famba muumambo hwako!
Dambudziko razosvika;
Baba pachigaro chake
Ari kumirira Mwana.

5. Famba muumambo hwako!
Kupfumvu, nhamo norufu!
Masure mezvo simuka
Utonge mumbiri yako.

1. UNOGAMUCHIRWA zvino PaJerusarema,
Unofamba pambongoro
Ine mhuru yayo.

2. Unogamuchirwa zvino
PaJerusarema,
Vanhu vese vachifara
Kukuona zvino

3 Unogamuchirwa zvino
PaJerusarema,
Michindwi nayo matavi
Zvapepera nhasi.
4 Unogamuchirwa zvino
PaJerusarema,
Hosana Hosana kune
Mwana waDavidi

5. Unogamuchirwa zvino
PaJerusarema,
Jesu anouya zvino
Muzita raMwari.

1. MBIRI kuna Jesu! Iye munhamo
Wakapira Ropa, kutiponisa.

2. Ropa rinoyera, rinopa tsitsi
Ritipe upenyu, tinoritenda

3. Mbiri kune Ropa, zvino narini
Rakabvisa kufa, richiponisa.

4. Ropa raEberi, rinotsivira;
Ropa rake Jesu, rinoponisa

5. Mwoyo inemhosva yadirwa naro
Satan' ari kutya, wabva panesu

6. Pasi rinofara, rinoimbisa;
Hondo dzengerosi dzinodaira.

7. Imbisai mese, kwidzai ndwiyo,
Tunhidzai mese Ropa raJesu.

# 1 PO Jesu akaroverwa

Pakati pavatadzi
Gororo paMuchinjiko
Rakati kuna Jesu
Zvibatsirewo iwe
Uponise nesuwo.

2. Imwe mbavha yopindura,
“Rega tatadza tose;
Uyu haana kutadza;
Ndimudzidzisi wedu;
Rega kumbomutuka
Munhu mutsvene uyu.

3. Jesu ishe ndakuteta
Munditonderewo
M’ushe hwenyu hwokudenga
Apo munosvikamo.”
Jesu akapindura,
Ndichakugashiramo.

4. Nhasi uchazova neni
Muparadesi umo;
Kana tafa pamwe chete
Tichazogara umo;
Vese vanopinduka
Vanopinda kudenga.

1. VANYANGADZI ngaticheme namasodzi outadzi.
Tinochema “Yowe! Yowe! Yowe! Yowe! Yowe! Tenzi Jesu.”
2. Tarirai, Tenzi Jesu anotongwa naPirato.
3. Tarirai, Tenzi Jesu anoenda Karvari.
4. Tarirai, Tenzi Jesu panzira waputsika.
5. Tarirai, abatsirwa naSimoni MuAfrica.
6. Tarirai, anosvika pagomo reKarvari.
7. Tarirai, anobviswa nguvo dzake zvino.
8. Tarirai, anoreva mazwi ake manomwe.
9. Tarirai, anofapamusana pedu tese.
10. Tarirai, wafa Jesu paMuchinjiko nhasi.

1. NDICHIONA Muchinjiko
Apo Kristu akafira,
Pfuma yese ndicharasa
Kudada kwangu ndishore.

2. Tenzi handingazvikudzi
Asi ngeM'chinjiko wako
Zviro zvenhando zviraswe
Pamsana peRopa rako.

3. Onai nhamo norudo
Zvakadururirwa isu,
Hakuna nhamo norudo
Zvakadare pasi pano.

4. Zvipo zvese zviri pasi
Zvipo zvisingafaniri;
Rudo runoshamisisa
Rwadisisa rudo rwangu.

5. Kristu wakatiwanira
Nyasha, ngedambudzo rake.
Ngaatunhidzwe nevese
Zvino napanguva dzese.

1. PAGOMO kunze kwemusha weJerusarema
Jesu wakaroverwa kutiponisa tose.
2. Hatizivi nhamo'yo akatambudzikira
Asi tese tinoziva, wakafira isu.
3. Wakafira kutiita tirurame tese,
Kutikokera kudenga ngeM'chinjiko wake.
4. Hapana munhu angasungure zvitadzo,
NdiJesu ega wakatizururira denga.
5. Wakatidisa, nesu tese ngatimudewo,
Tisimbire muropa rake nokumufadza.

1. UYAI zvino ticheme,
Uyai kunoM’ponisi;
Tese ngaticheme pamwe;
Jesu, Tenzi, waroverwa.

2. Hatimuchemeri here?
Ari kusekwa navanhu;
Onai kutiwa kwake;
Jesu, Tenzi, waroverwa.

3. Wabaiwa manja, tsoka,
Wapera ngenyota zvino,
Ropa razadza maziso;
Jesu, Tenzi, waroverwa.

4. Wareva mazwi manomwe
Panguva yese yedima,
Achinamatira vanhu;
Jesu, Tenzi, waroverwa.

5. Ngatimire tese pamwe
Pasi poM’chinjiko wake,
Ropa ngaritidonhere;
Jesu Tenzi waroverwa.

6. Kumbirai muchapiwa
Mwoyo mutsva unosuva;
Tenzi Jesu ngaticheme;
Watifira paM’chinjiko.

1. IMI munoda kurapwa
Munyatwa nenhamo,
Mukutambudzwa kwepfungwa,
Nemhosva yemwoyo.

2. Jesu wakafira ini
Pa'Mchinjiko wake
Ari kumuzururira
Mwoyo wake zvino

3. Makanzwa'zvo akareva
Mazwi anomutsa;
Uyai mese maneta,
Ndimupe zororo.
4. Jesu ugere kudenga
Tinokuda pano
Taunzwa nemazwi ako,
Tinokunamata.

5. Utisukise ngeropa
Rakabva munewe,
Upe vese mwoyo mitsva
Vanokuchemera.

## 1 MUSORO Unoyera

Washorwa nokufirwa
Musoro wabaiwa
Ngeminzwa inopinza.
Ngei unofa Tenzi
Ngei uchinzwa nhamo?
Iwe wakudzwa zvino
Ngehondo dzengerosi.

2 Runako rwomuviri
Haruwonekwi zvino
Rapera samba rako,
Ruveneko rwadzima.
Uri kufira ini
Usa dzisvise tsitsi;
Ndionise Mponisi
Usu hworudo rwako.

3 Ndinoda kwazvo Tenzi
Kuona nhamo newe
Ndinoda kukufira.
Pamuchinjiko wako.
Ndiite ndizomire
Petyo poMuchinjiko;
Ndigare ndichichema
Mudiwa wandifira.

4 Undibatsire Jesu
Pamisi yangu yese.
Uite kufa kwangu
Kusandityise ini
Ndionise mukufa.
Maoko abaiwa,
Atambanudze apo
Atore mweya wangu.

1. JESU wakataura
Achiroverwa mbambo;
Baba vasunungure
Ngekuti havazivi.

2. Jesu haasakatuka
Kana akaroverwa,
Wakavanamatira
Achida Baba wake.
3. Kuneni mutsa wake,
Kuneni rudo rwake,
Neniwo ndaenzana
Navakamurovera.

4. Zvitadzo zvangu zvese
Nembambo dzakaipa,
Zvakarovera Tenzi
Zvakanga zviri zvangu.

5. Kazhinji ndarishora
Izwiro rine mutsa,
Ndisunungure, Jesu,
Ndatadza kwazvo ini.

6. Nomutsa wako, Jesu,
Norudo rwako, Tenzi,
Dzorera vakarasika
Ngekuti havazivi.

### 1 Mai anosuruvara,

Anomira achichema,
Petyo poMchinjiko
Mwoyo wake wakatombwa
Nepfumo rinipinzisa
Rorusuvo norudo

2. Mai wakasuva sei!
Panguva yedambudziko
RoMukorore wake.
Mai wakatendeseka
Wakamuchemera sei!
Muponisi wepasi.

3. Ndiani asingagoni
Kuchema, kuona mai
Achijakwacha apo?
Ndiani, achitondera,
Kusuva kwamai wacho
Asingakukoveri?

4. Wakaona Tenzi Jesu
Kukorera Muchinjiko,
Pamusana pezvitadzo.
Wakamirira, dakara
Akakotama musoro
Nokuregera mweya

5 Mai worudo nenyasha
Ngandinzwe kusuwakwako
Kuti ndicheme newe.
Rudo rwaKristu runotsva
Mumwoyo wangu narini,
Kuti ndimufarire.

6 Ndipe kuti nditakure
Mavanga aTenzi Jesu,
Mumuviri wanguwo;
Ndipe kuti ndimwe ropa
Rakaparadzirwa isu,
PaMuchinjiko wake.

7 Panguva yokufa kwangu
Ngeminamato yaMai
Ndidzivirire, Tenzi
Ndipe kuti mweya wangu,
Ugarewo mukupenya
Kwepasi rinouya

1. FARAI Jesu wamuka, Areruya!
Musi kuno wokufara, Areruya!
Wakafa paM'chinjiko, Areruta!
Kutisunungura isu. Areruya!

2. Kuna Kristu tinoimba
Ndwiyo dzokuvirikidza,
Wakaisa muguva,
Kuponisa vanyangadzi,

3. Asi nhamo'yo akanzwa
Yakaunza ruponiso,
Zvino ugere Mambo
Achikudzwa ngengerosi,

1. ARERUYA! ARERUYA! ARERUYA!
Kurwa nenhamo zvaguma,
Zvino Jesu wakurira
Ngatiimbe ngerutendo
Areruya!

2. Kufa kwakarwa ngesimba,
Asi Jesu wakurira;
Tifare tichidaidza;
.
3. Wamuka zvino muguva
Kutonga mumbiri huru;
Isu tiimbe tifare.

4. Inzwai! Denga rafara,
Pasi raimba zviimbo,
Asi Gehena rachema

5. Tenzi ponisa mukufa,
Ngesimba renhamo yako,
Tipone tikutunhidze.

## 1 KUPENYA kwabuda zvino,

Inzwa kufara kwedenga,
Pasi rafadzwa raimba,
Gehena riri kuchema.

2 Mambo mukuru wevese
Wabvisa nhamo yokufa;
Wakunda samba redima,
Waponisa vanhu vake.

3 Guva rake rakarindwa
Ndivo varindi nezihwe;
Asi zvino anembiri
Wauya somukuriri.

4 Wasunungurwa mukufa,
Nguva yenhamo yapera,
Ngerosi yasima kuti
Tenzi wenyu wamukazve.

5 Tenzi Jesu,gara nesu
Zvino mukufara kwedu,
Utichengete narini
Musimba rese rekufa.

6 Mbiri ngaive kunewe
Wakamukazve mukufa,
Mbiri kuna mwari baba,
Kuno Mweya Unoyera. Amen.

## 1 ARERUYA! ARERUYA! ARERUYA!

Vanhu vese ngavaimbe
Mambo wedenga nembiri
Wakurira kufa nhasi.
Areruya!

2. Areruya! Areruya! Areruya!
Uyo musi mangwanani
Zvo vakadzi vakaenda
Kundoona guva rake.

3. Areruya! Areruya! Areruya!
Vakaiona ngerosi,
Ikati kuna vatatu
“Jesu waenda Garire.”

4. Areruya! Areruya! Areruya!
Tenzi wavo wakauya
Kuna vadzidzi achiti,
“Ndinomupa runyararo.”

5. Areruya! Areruya! Areruya!
Izvo Tomasi akanzwa
Kuti Tenzi waoneka
Wakaramba kudavira

6. Areruya! Areruya! Areruya!
Tomasi ona rutivi,
Namaoko namakumbo,
Davira usapokane.”

7. Areruya! Areruya!A Reruya!
Wakarega kupokana
Zvo akaona maronda,
Akati “Tenzi naMwari.”

8. Areruya! Areruya! Areruya!
Vakakomborerwa avo
Vanodavira ngemwoyo
Vachagashira upenyu.

9. Areruya! Areruya! Areruya!
Pamusi uno mukuru
Simudzai mwoyo yenyu,
Farai, mutende Mwari.

1. JESU ari mupenyu
Ndizvo kufa hatikutyi
Ngeizvi tinoziva
Hatisungwi zvino ndiko.
Areruya!

2. Jesu ari mupenyu
Kare rufu rwaityisa
Asi tichanyaradzwa
Pazambara roupenyu.

3. Jesu ari mupenyu
Wakafira isu tose;
Takachenurwa ndiye,
Tese ngatimutunhidze.

4. Jesu ari mupenyu
Anodisa vanhu vake
Muupenyu norufu
Ari petyo panaivo

5. Jesu ari mupenyu
Anotonga zviro zvese;
Tingasvike kudenga
Kumuona nokufara.

1. TADAIDZWA kusangana
Pano paChidyo cheNyenye;
Takabira nyanza Tsvuku
Tiimbire Jesu Mambo.

2. PaOtari yoM’chinjiko
Wakatiripira mhosva;
Ropa rake ngatirimwe,
Tigare naye ndiMwari.

3. Vanhu vakasunungurwa
Muhasha dzaMambo Faro;
Vachiponiswa usiku
Pakapfuura ngerosi.

4. M’ponisi wakabaiwa,
. SeNyenye isina vara;
Nyama yake, chingwa chedi,
Inondopiwa kunesu.

5. Muteuro unokwana,
Wakakurira Gehrna;
Vasungwi vasunungurwa,
Vapiwa upenyu ndiye.

6. Tiri kukudza rumuko;
Rwakauyazve nesimba,
Rukasunga mhandu yedu,
Nokutiwanira musha.

7. Mbiri ngaive kunewe.
Wakamukazve mukufa,
Mbiri kuna Mwari Baba,
Nokuna Mweya Mutsvene. Amen.

1. NGEKUMUKA kwake
Kristu wakakurira,
Pasi raponiswa
Ndiye Mambo wedu;
Hondo dzengerosi
Dziri kufarira,
Dzamuvirikidza,
Dzaimba Areruya.

2. Uyo wakazvipa
Kare paM’chinjiko,
Ndiye Paska yedu
Nyenye yakachena;
Wakafira isu,
Zvino ane mbiri,
Tese tinofara,
Tiimbe Areruya.

3. Uyo wakafira
Isu vanhu vake,
Zvino muponisi
Anesimba rese;
Mambo wavamambo
Anotonga vese,
Ngatimutunhidze
Tiimbe Areruya.

4. Wakatidzorera
Varasiki vese,
Vangasunungurwe
Vanyangadzi ndiye;
Paska yedu iwe
Tichenurwe tese,
Tikukudze Kristu;
Tiimbe Areruya.

1. TINOVIRIKIDZA
Mambo wakurira,
Wakarasa ropa
Saka takachena;
Kristu muteuro
Kristu mupiristi
Muri chidyo chedu,
Tasvusvudzwa ndiye.

2. Kudya kwedu, kwedi
Muviri waKritu;
Pano tinorimwa
Ropa rinoyera;
Ngativirikidze
Kristu Paska ydu,
Mana yokudenga
Chingwa choupenyu.

3. Kare vaipona
Vanhu na'ro ropa,
Vakabira nyanza
Mhandu dzakanyudzwa;
Nhasi taimbira
Jesu Muponisi;
Ndiye Nyenyedzi yedu
Yakafira isu.

4. Tenzi Muteuro
Wakakunda kufa
Wakatinunura,
Wakavura Denga;
Mbiri kunaKristu,
Ndiye Muponisi
Tinomutunhidza
NaBaba noMweya. Amen.

1. Imi vadaviri
Farirai mese,
Mwari waponisa
Israeri wake
Vanhu vakasungwa
Kare ndiye Faro,
Vakabira Nyanza
Vakasunungurwa

2. Imbirai Kristu,
Waparura guva,
Achibuda nhasi
Zuva rine mbiri;
Dima rechitadzo
Ndiye waridzinga
Ruvheneko rwedi
Rwativhenekera.

3. Musi wokumuka,
Musi wokupenya;
Tafariswa ndiwe,
Wapedzisa nhamo.
Kuna Mambo wedu,
Wakurira kufa,
Zvino Ngatiimbe
Tese Areruya.

## Nhungamiri. JESU nhasi wakamuka mukufa;

Vanhu. Vese vanhu pasi vaona kuti ndiye Mwana
WaMwari mukuru.
Trebles. Ngerosi kuguva dzataura kuti, Wamuka,
Vanhu. Amen, A-re-ruya, Amen.
Vadzdzi vake vaka – shamiswa
Vese vanhu pasi vaona kuti ndiye Mwana waMwari
mukuru.
Kwakaenda mbiri muJudea rese –
Wakakunda simba rake Satani –
Ngatinyinde ndiJesu Mwana waMwari –
Ngatimuke naye mukumuka kwake –

1. N, TENZI wedu Jesu Kristu wakamuka
V. Tenzi wedu Jesu Kristu, Tenzi wedu Jesu Kristu
Wakamuka.
2. N. Wakakunda zvitadzo, Areruya;
V Wakakunda zvitadzo, Areruya!
3. N. Areruya, nhasi uno,tinofara;
V. Areruya nhasi uno, tinofara.
4 N. Anopona zvino pano, Areruya;
V. Areruya, nhasi uno, tinofara.
5. N. Tipfugame, tipfugame tinamate;
V. Tipfugame, nomwoyo, tinamate.
6. N. Inzwai, inzwai, denga rafara;
V. Ngerosi dzaimba, Ngerosi dzaimba Areruya.

1. MUSI uyo wokumuka
Mweya unouyazve;
Nhamo kufa nokuchema,
Zvapera.

2. Asi mweya wabva pano
Muviri wozorora,
Uchirara mumakuva
Muhope.

3. Muvirizve wakaneta
Unorara muguva,
Kumirira musi uyo
Koedza

4. Asi mweya chisimbirira
Kunamata Mwari,
Uchivirikidza Mwari
Norwiyo.

5. Mweya zvese nomuviri,
Hazvizopatsaniswi,
Kuyenzana naye Kristu
Zvagutswa.

6. Rufaro rwomusi uyo
Wokumuka mukufa,
Haruzoperi narini
Narini.

7. Baba, mai, hama, vana,
Pamusi worumuko,
Vachazokumbanazve norufaro.

8. Pakuguma tichasvika
Kuupenyu hwembiri,
Nokugara newe uko
Kudenga.

1. PAMUSI weIsita, Areruya
Jesu wamuka, Areruya.

2. Wakabviswa muguva mangwanani
Wakaonekwawo naMaria

3. Akafamba nhasi kuEmaus
Akavazivisa mumba mavo.

4. Vapostori zvino vakasara
Madekwana nhasi vachidya.

5. Nemisuwo apo yakapfigwa
Jesu anouya kuvadzidzi.

6. Runyararo rwake anovapa
Vanofarisazve kumuona

7. Tomasi mutsvene asipo
Apo akazvinzwa naVadzidzi.

8. Akaramba kwazvo kuzvitenda
“Ndikaona Jesu ndinotenda

9. Ngandiise munwe mumaronda;
Ngandiise ruoko murutivi.”

10. Mazuva masere apfuura
Jesu akadzoka kuvadzidzi.

11. Ipapo akati kuna Tomasi
“Uya uonezve zvanza zvangu.

12. Tomasi akatenda “Ishe wangu.”
Akanamatazve “Mwari wangu.”

13. Vakakomborerwa vanomuona
Vakakomborerwa vanotenda.

14. Jesu wakamuka, Areruya:
PaMusi weIsita Areruya.

1. ARERUYA, haangakurirwi ngekufa (katatu)

2. Areruya haangagari muguva.

3. Areruya, wakamuka mukufa

4. Areruya, wakamuka noupenyu ngedi.

5. Areruya, ngatimuke naye

6. Areruya, ngatimufarire tese

7. Areruya, ngatitende Mwari

1. NHASI wamuka mukufa,
Ngerosi dzinofara,
Jesu watomuka chose,
Nesimba rake rose.

2. Wakunda vavengi vese
Rufu, chitadzo, nyika
Navaipi vachipenga:
Tikudze Tenzi wedu.

3. Ngerosi zvino yasvika,
Yazarura guva'ro,
Jesu Tenzi wararama:
Tikudze Mambo wedu.

4. Farai zvino Vatsvene
Kudenga, navo pasi,
Jesu wapedza kurwako:
Tikudze Tenzi wedu.

5. Wakamuka achifara:
Kufa kwakakundwa ndiye.
Kuti tafa muchitadzo,
Timuke pamwe naye

1. VANHU veJerusarema
Farai nesu,
Tinokotsa bira nhasi
RaKristu mukundi.

2. Jesu uya wakadimbura
Majoti orufu,
Wakapwanya musoro we
Shato yakaipa.

3. NdiJesu anodaidza
Kumutsa vakafa
Mudima reHadesi
Nokuvanunura

4. Jesu wakapindiridza
Mumukundo wake
Simba rese rinopiwa
Kunaiye kudenga.

5. Mbiri yese inopiwa
KunaMambo wedu,
Tapota tipinde umo
Nokugara naye.

6. Mbiri kunoMukorore
Taa kupereka:
Timuvirikidze Baba
NoMweya mumwezve
Areruya! Amen.

1. MAMBO naTenzi mugari
Tinokutenda M’ponisi
Wakaparadza Satani
Norudo nenyasha dzako.

2. Uri kukwira kudenga
Kutora umambo hwako;
Zvee pano hauchagari
Mudambudziko repasi.

3. Zvese zviro zvasikwa
Zvinokotama kwauri;;
Zviro zvepasi nedenga,
Ne’zvo zvisingaoneki.

4. Dziri kushama ngerosi
Kutarisa nyama yedu,
Yayeriswa nokukudzwa
Nokutora kwako unhu.

5. Iwe Rufaro rwedu Tenzi,
Iwe muchengeti wedu,
Ngatikudze iwe Tenzi
Zvino napanguva dzese.

6. Mwoyo yese ngaitende
KunaTenzi wakakwira;
Mbiri yese kunaBaba,
NoMweya Unoyera. Amen.

1. NHASI tatenda Jesu, Areruya!
Achikwira kudenga; Areruya!
Wakafira zvitadzo, Areruya!
Wakaenda kudenga, Areruya!

2. Mbiri yamurindira,
Misuo zurukai!
Wakakunda Satani,
Mambo wembiri, pinda!

3. Zvino ari kupinda,
Rese denga rafara,
Iye wasiya pasi
Asi anoridisa.

4. Wasimudza maoko;
Ona maronda ake,
Zvioniso zvorudo!
Wakomborera vanhu.

5. Anotikumbirira,
Wakatifira isu,
Anopinda Kudenga
Achigarira isu.

6. Tenzi wakakwirazve,
Wakaenda kudenga,
Ngatikwire nomwoyo
Ngatikwire nomwoyo

1. JESU Mukuriri wedu
Samambo anogadzwa;
Anokwira pamakore
Kuzambara redenga;
Hondo dzengerosi dzese
Dzinoti Areruya.
Zarudzai mazambara,
Kuti Mambo apinde!

2. Ndianiko anouya
Nokurira kwehwama?
Tenzi naMwari wehondo,
Uyo wakakurira,
Uyo wakatambudzika,
Kamwe paMuchinjiko,
Asi ngerumuko rwako,
Wakakurira Satan.

3. Wakwidza unhu hwedu
Kuna Mwari kum'soro;
Akatigarisa denga
Pamwe chete naKristu
Tese tinotonga umo,
Mwari pamwe nomunhu;
Tenzi mukukwira kwako,
Tinoonawo kwedu.

4. Mutungamiriri wedu,
Wakatanga apinda
Kutigadzirira nzvimbo
Muumambo hwedenga:
Anorarama narini
Achitinamatira;
Uyo achazouyazve
Pmusi wokutongwa.

5. Mbiri kunaMwari Baba;
NokunoMukorore,
Uyo wakawana denga
Ngekutifira tese.
Mbiri ngaive kuMweya,
Mbiri kunoUtatu;
Mbiri pasi nokudenga,
Mbiri isingagumi. Amen.

1. KARE Mwari wakadzika
PaSinai nesimba;
Makore akatsemuka
Nomwoto neutsi.

2. PaPendekost wakauya
Nesimba norudo;
Njiva yake yakadzika
Nokuzvirereka.

3. Mwoto pamusoro peSinai
Wakatyisa kwazvo
Zvino unojeka kwazvo
Pavatsvene vese.

4. VaIsraeri vakanzwa
Izwi rine ruzha,
Rainge tsuri yaMwari
Yakabva kudenga.

5. Panguvayo izvo Mweya
Wakauya pasi,
Ruzha rukuru rwemhepo
Rwakabva kudenga,

6. Chechi yakazadzwa zvino
Nepasi resezve,
Vane mwoyo mikukutu
Havachanzwi Mweya.

7. Tenzi, Nzero, Rudo, Simba,
Nzeve dzedu dzinzwe
Tisapunyutse nguva'no,
Tiponise Tenzi.

1. MWEYA Musiki tifemere,
Utungamirire mwoyo yedu
Wakatisika Mwari wedu,
Utipe simba rokudenga.

2. Unonzi iwe Munyaradzi,
Nechipo chokumsorosoro;
Upenyu hwomuwoyo wedu,
Mafuta okuzora mweya.

3. Zvipo zvinomwe zvokudenga
Utipe zvino Mweya Unoyera;
Uri chitsidzo chine simba
ChaBaba anesimba rese.

4. Uvenekere isu tese,
Utizadze une rudo;
Miviri yedu yakaziya
Upe simba renarini.

5. Udzinge zvino mhandu yedu,
Utipe runyararo rwako:
Hatichakundwi ndiSatani
Nokuti unotibatsira.

6. Munewe ngatizive Baba,
Ngatizivewo Mukorore;
Ngatikuzive Mweya wedi
WaBaba neweMukorore.

7. Ngatiremedze Mwari Baba
NoMukorore pamwe chete;
NoMweya ngatiremekedze
Nyamusi namazuva ese. Amen.

1. UYA ufemere mweya yedu,
A! Mweya Unoyera waMwari!
Ivenekere, mwoto wedenga,
Izvo uri’we unotizora.
Uya ufemere mweya yedu,
A! Mweya Unoyera waMwari!

2. Unotiunzira chipo chimwe,
Chako iwewe mbune pachako,
Icho kana chiri chimwe hacho,
Chinotisandirawo kanomwe.

3. Kuuya kwako kubva kudenga,
Kunotikomborera ngesimba
Rorunyaradzo neroupenyu,
Norujeko rwakozve runopfuta.

4. Murujeko rwako tichagona
Kunatsa kuona zvese zvese;
Muupfumi hwegrasia rako,
Tinosukwa nokurerukirwa.

5. Tizere tsvina nokugumirwa
Mukusuka kwako namazano,
Tinocheneswawo nokungwadzwa,
Tichizogara murunyararo.

6. Kuti ukatingamirira,
Chakaipa hachitikuadzi,
Tichakotsekana tese tese
Kubva kwese kune mhandu dzedu.

7. Tidzidzise kuti tizive,
Kuti kuuya kwako munesu;
Kuuya kwaJesu munesu,
Naye Baba une samba rese.

8. Ita tirambe tichitunhidza
Isuwo umambo hwako Mwari,
Nokugara ngeuhwo upenyu
Hunoyera nohusingagumi.

1. IWE Mweya Unoyera
Nyasha, chokwadi, norudo,
Paradzirao panesu
Nezvikomborero nhasi.

2. Nyika dzese ngadziimbe
Mbiri yaMwari vaimbe,
Vazive mabasa ese
Muponisi akaita.

3. Munyaradzi wokudenga
Gara munesu muChechi;
Zvipo zvako ngatipiwe
Iwe Mweya Unoyera.

1. UYA, Mweya Mutsvene,
Dira zvino panesu
Ruveneko rwedenga;
Baba wevanoshaya,
Mupi wezvipo zvese,
Mwenje womwoyo, uya.

2. Ndiwezve Musimbisi,
Mukokwa, Mufarisi;
Munyaradzi wepasi;
Mumvuri mukudziya,
Mubasa, kuzorora
Munhamo kufarawo.

3. Kupenya kunochena,
Pinda mumwoyo yedu,
Zadza ngerudo rwako.
Ega munhu inhando,
Zviro zvese zvachena
Zvinobva ndiwe Mwari.

4. Sukawo vane tsvina,
Urape vanorwadzwa,
Diridza vakaoma,
Utyore vakukutu,
Dziisa vatonhorwa,
Udzore varasika.

5. Kune vanodavira
Navo vanosimbira
Vapewo zvipo zvako;
Uvape grasia zvino
Kuguma ruponiso
Nokufara kudenga.

1. KUMUSORO kudenga
Kumusha waBaba
Kristu wakakwira uko
Kundotuma chipo.

2. Zuva rakatsidzwa
Ndiye Tenzi Jesu,
Rakange rasvika iro
Zuva rePendekoste.

3. Vadzidzi vakange
Varikunamata,
Vakaziviswa nemhepo
Kuvapo kwaMwari.

4. Runambi rwomoto
Rwakabva kudenga;
Mwoyo yese yakapiwa
Rujeko rwaBaba.

5. Vese vakapiwa
Mweya Unoyera,
Vakataura nendimi
Mabasa aTenzi.

6. Vatorwa varipo
Kubva nyika dzese,
Vakashamiswa kuinzwa
Mitauro yavo

7. Vanhu vaivapo
Vakavatsvinyira;
Vachiti ava varume
Vararadza vese

8. Petro wakamira
Akatseura'wo
Kusadavira kwavanhu,
Akavapindutsa

9. Tinokudza Baba
Mwana noMweya zve,
Nhambwe dzese ngatipiwe
Zvipo zvake Mweya. Amen.

1. MWEYA une grasia,
Mupi wezvipo zvese,
Tinochiva zvikuru
Chipo chorudo.

2. Rudo harunyangadzi;
Rune mutsa nenyasha,
Runokurira kufa,
Tipewo rudo.

3. Rudo norudaviro,
Nechivimbo, taona
Izvi zvitatu zvese.
Chikuru rudo.

4. Unogara kumusoro
Nepfuma dzese dzedi,
Tipe tinokumbira
Chipo chorudo.

1. TINOOMBERA UTATU,
Tinoombera Uhumwe,
Mwari Baba, Mukorore
NoMweya Unoyera.

2. Iri zuva rokufara
Vese vanokunamata;
Ona iri zuva nhasi
Nziyo dzokutenda kwedu.
Amen.

3. Ngatiimbire Vatatu
Asi Mwari mumwe chete
Mwari ita tirurame
Nesimba rako norudo.

4. Utatu munoUhumwe
Iva nesu tonamata,
Tichiimba nengerosi
Pamwepo tichikukudza.

1. KARE kwazvo Muprofiti
Akaona kudenga
Zhinji hondo dzengerosi
Dzichiimbira Mwari.

2. Dzakapfugama ngerosi
Dzichiimbira Mwari,
Dzakazara umba yake
Dzichiimba dzichiti:

3. “Mbiri yako inozadza
Denga nepasi rese,
Iwe Unoyera Tenzi
Tinokupa mbirizve”

4. Mbiri inorira denga
Pasi richiimbazve,
Iwe Unoyera Tenzi,
Iwe Mwari Mukuru.

5. Isu pamwe ngatiimbe
Nengerosi Kudenga
Nei Chechi pasi pano
Mazwi okutunhidza.

6 “Mbiri yako inozadza
Denga nepasi rese,
Iwe Unoyera Tenzi
Tinokupa mbirizve”

1. IVA panesu Utatu,
Mwari mumwe unojeka,
Kunewe zvese zvinobva,
Uri mavambo ezvese.

2. Nouwandu hwenyenyedzi
Kunewe hunotunhidza;
Pasi nenyanza nedenga
Zvinokuimbira rwiyo.

3. Nesu vanamati vako,
Kunewe tinopfugama;
Tinokudza nokufara
Navatsvene nengerosi.

4. Tinodavira Uhumwe;
Tinonamata Utatu;
Pamwe nezvisikwa zvese,
Tese tinokutunhidza.

5. Mbiri kunaMwari Baba,
Mbiri kunoMukorore,
Mbiri kunewezve Mweya,
Utatu hwakakavandika. Amen.

1. IWE Unoyera, Mwari unesimba,
Mangwanani tinoimbira kunewe;
Iwe Unoyera, nomutsa nesimba,
Mwari mumweyo muno Utatu.

2. Iwe Unoyera, Vatsvene kudenga
Vanokuombera nezviremba zvavo;
Chita chengerosi chinokutunhidza
Mwari usingagumi narini.

3. Iwe Unoyera, rima rinosvisa
Mbiri yako huru kune vanyangadzi
Iwe Unoyera, hapanazve mumwe
Anoperera simba, norudo.

4.Iwe Unoyera, Mwari Unesimba
Pasi, denga, nyanza zvinokutunhidza;
Iwe Unoyera, nomutsa nesimba
Mwari mumweyo munoUtatu.

1. MWARI mumwe Utatu,
Mambo wepasi pese,
Inzwa kuchema kwedu
Tinokumbira.

2. Kupenya kwoKupenya,
Tejekeserwe newe,
Rudo rwako rukuru ,
Rutifemere.

3. Kupenya kwemauro
Zvitadzo zviregererwe,
Tibatsire nomutsa,
Norunyararo.

4. Mwari mumwe Utatu
Tinokukudza pano
Utipe zvipo zvako
Navanoyera .

1. MUBATSIRI wedu Mwari,
Tariro yeduzve,
Mudziviriri Munhamo
Chivimbo narini.

2. Pasi peChigaro chako
Vatsvene vakotswa,
Ruoko rwako rwokwana
Kutidzivirira.

3. Zvese zvisati zvavapo
Makomo nepasi,
Iwe wakanga uripo
Mugari narini.

4. Misi mizhinji kunewe
Inenge kanguva,
Senguva yorungwanani
Kusati kwayedza.

5. Nguva inokunguruka,
Musi nomusizve;
Zvichakanganika zvese
Sokurota hope.

6. Mubatsiri wedu, Mwari,
Tariro yeduzve,
Mudziviriri munhamo
Chivimbo narini.4

1. NGATITENDE Mwari
Nesimba redu rese,
Wakatiponisa,
Wakachengeta isu;
Wakakomborera
Isu nhambwe dzese
Nezvipo zvizhinji,
Ari wedu zvino.

2. NdiMwari agree
Petyo nesu narini,
Tifadze mumwoyo
Norunyararo rwake;
Tikotse nenyasha,
Nokutitungamidza,
Utiregerere
Mukuipa Kwese

3. Ngativirikidze
Mwari Baba Mukuru,
Mwana noMweya
Unotonga kudenga,
Mwari mumwe chete,
Uyo zvese zviro
Zvinovirikidza
Napanguva dzese.
Amen.

## 1 FAMBAI Makristu

Mukurwa kwedu,
M'chinjiko waJesu
Uri pamberi
Tinotungamidzwa
NaKristu Mambo,
Onai pamberi
Mureza wake.
Fambai, Makristu
Mukurwa kwedu,
M'chinjiko waJesu
Uri pamberi

2. Kristu akakunda
Hondo yaSatan,
Makristu hendei
Kundokurira.
Rima rinotyisa
Nenziyo dzedu;
Hama ngatiimbe
Zvitendo zvedu.

3. SeChechi yaMwari
Iri kurwisa,
Hama tinofamba
Sezvo vatsvene;
Hatipatsaniswi
Tese pamwepo,
Tiri muchivimbo
Norudo rumwe.

4. Umambo hwepasi
Huchaperazve;
Igere narini
Chechi yaKristu
Zvese zvipingidzo
Haziikundi
Chitsidzo ChaKristu
Hachingakonwi

5. Fambai Pamberi
Makristu ese,
Musongane nesu
Nenziyo dzedu
Ngatikudze Kristu
Mambo wembiri
Isu neNgerosi
Tichisiimba

1. MWARI uri munanisi
Umambo hwakozve;
Nomutsa wako mukuru
Unojeka kwazvo.

2. Iwe unoremekedzwa
Tenzi ndiwe Mwari,
Unoomberwa zvikuru,
Uchivirikidzwa.

3. Ndinokutya Mwari wangu
Nokutya kukuru,
Nokukuombera Tenzi
Nechemo yorudo.

4. Asi Tenzi ndinokuda,
Unesimba rese
Nokuti wakakumbira
Kuti ndikudise.

5. Hapana baba namai
Vonondida sewe,
Unondinyengera kwazvo
Ini munyangadzi.

6. Mwari ndiBaba waJesu
Ndichafara kwazvo
Kukotama mberi kwako
Ndikuyeve zvangu.

1. DZIMBA dzako Kudenga
Dzinofadzisa kwazvo;
Dzati dzepano pasi
Dzinonakisa pano;
Mweya wangu wodisa
Kugara navatsvene,
Ndiyeve usu hwako
Ndgere newe Mwari.

2. Shiri dziri kuimba,
Kudenga dzinofara;
Vanhu vanozorodzwa
Vanewe pasi pano;
Kana vari munjodzi
Nedambudzo repasi,
Asi muumba yako
Vanonyaradzwa umo.

3. Vari kufamba pano
SavaIsraeriwo
Murwendo vari kumwa
Manazve vari kudya:
Manazve vari kudya:
Vari kusimbisiswa
Kuti vasvike umo,
Vachikukudza apo,
Wakavatungamidza.

4. Tenzi nditungamidze
Murwendo rwangu pano;
Ndichengete nomutsa,
Kwauri ndidaidze.
Uri Zuva neNhoo
Chengeta mwoyo wangu;
Une nyasha nembiri
Une nyasha nembiri
Zvipe kwandiri Tenzi.

1. MUFUDZI unondida
Chengeta nyenye yako;
Simba rako iguru
Handibviswi kunewe.

2. M’ponisi une rudo
Wakandifira ini;
Simudza manja ako
Uonise mavanga

3. Ndinoda kukukudza
Ndiite rudo rwako,
Savatsvene kudenga
Vari kukuombera

4. Mufudzi wakanaka
Dzidzisa nyenye yako,
Ndirege kurasika
Munzira yakanaka.

5 Ndinoda kutevera
Tsoka dzako, M’ponisi,
Dzamara ndichisvika
Kukuona kudenga.

1. DENGA virikidza Mwari
Ngerosi tunhidzai;
Zuva mwedzi kotamai
Nyenyedzi mukudzei,
M’ponisi wakataura
Pasi rakanzwa izwi,
Mwari wakapa mitemo
Isingazotyorwizve.

2. Mukudzei Chine Mbiri
Haatyori chitsidzo,
Vatsvene vakund ndive;
Akavapa mukundo.
Mukudzei Muponisi
Ngerosi imbaiwo,
Denga pasi rezvisikwa
Kudzai Zita rake.

1. MWEYA ‘ngu rumbidza Mambo
Uunze chipo chako,
Wakasunungurwa ndiye
Muimbire narini;
Areruya, Areruya!
Ngaarumbidzwe Mambo.

2. Timurumbidzire nyasha
Kuna vababa vedu;
Anogara akadaro,
Ha’chimbidzi kushora.
Areruya, Areruya!
Iye mutendeseki.

3. Unotichengeta kwazvo
SaBaba Unotida
Unotibata nomutsa
Unodzinga mhanduzve
Areruya, Areruya!
Mutsa wako mukuru

4. Mutunhidzei ngerosi,
Muri kumutarisa;
Pfugamai, Vanoyera,
Vendudzi dzese dzese;
Areruya, Areruya!
Tese titende Mwari.

1. BABA wedu wokudenga
Wakaponisa norudo,
Vatadzi tinochemawo,
Tisunungure norudo.

2. Mukorore unesimba
Mupristi, M’ponisi, Tenzi,
Vatadzi tinochemawo,
Tiponisewo nenyasha.

3. Nokufemera kwoMweya
Vatadzi vanomutsiwa,
Mukufa nomuzvitadzo,
Tipe simba rako guru.

4. Baba, Mukorore, Mweya,
Utatu hwakavandika
Vatadzi tinochemawo,
Tipe nyasha noupenyu.

Amen.

1. JESU Zita rakanaka!
Kurinzwa kunotifadza
Asi kuona Iyewo
Kunotifadza zvikuru.

2. Hakuchina Izwi rimwe
Ringatifadze seiri.
Kuti tafunga Zita'ro
Tinosimbiswa tikunde.

3. Jesu! Chivimbo chavanhu,
Mufudzi wavapinduki;
Unenyasha kunevese
Vanonyanya kukutsvaka.

4. Mazwi haangatiudzi
Rudo rukuru rwaJesu,
Asi vanodiwa vake
Vanoziva urwo rudo.

5. Jesu Mambo anesimba,
Mukuriri wakakunda;
Iwe wakanaka chose
Wakanatsokutifadza.

6. Tenzi nhasi gara nesu
Tizadze nenyasha dzako.
Mweya yedu ngaigutswe
Nokunaka kwako kwese.

1. NDIPE kuti ndigare
Mumwoyo wako Jesu;
Ngandigare narini
Murutivi rwaJesu.

2. Kuti Satan’ nepasi,
Achiisa chiteyo
Handibatwi, ndigere
Mumwoyo wako Jesu.

3. Kuti ndichirunzirwa
Ngeruchiva rwenyama
Handizotyi ndigere
Mumwoyo wako Jesu.

4. Ndichafa rimwe zuva,
Usandirase Jesu;
Ngandigare murufu
Mumwoyo wako Jesu.

## 1, DOMBO rakatsemurwa

Ngandivande munewe;
Nemvura neropazve
Zvakabva murutivi,
Ngazvibvse chitadzo
Nokundichenesesa.

2. Handikwanisi ndega
Kuchengeta mitemo;
Kana ndichichemera
Zvitadzo nguva dzese
Handibviswi mumhosva;
Undiponise wega.

3. Handina ‘chondounza
Ndangobata M’chinjiko;
Handina simba ndega,
Ndiwe unoyamura;
Ndauya ndinetsvina,
Ndisuke, Muponisi.

4. Ndigere pasi pano,
Napanguva yokufa,
Apo ndichaswendera
Kunewe kuzotongwa;
Dombo rakatsemurwa
Ngandivande munewe.

1. JESU mudisi womweya
Nditizire mwoyo wako,
Ndiri kutya rurunziro
Runogara ruchiuya.
Ndiwanze M'ponisi wangu
Nguva yose youpenyu;
Nditungamidze munzira
Ndigashire pakuguma.

2. Ndiwe Mubatsiri wega,
Vamwe vanoshaya simba.
Usasiye ndiri ndega,
Ndisimbise ndinyaradze.
Ndinosimbira kunewe,
Ndibatsire, ndine mhosva.
Rega mapapiro ako
Andidzivirire Tenzi.

3. Ndiwe ndichaona nyasha
Dzinokwana vanyangadzi.
Ndipe mvura yokurapa,
Ndichenise kwese kwese.
Iwe tsime roupenyu
Ndimwise nesimba rako;
Ngaritubuke muneni
Zvino narini narini.

1. JESU wakapfava,
Mwana waMwari
Inzwa Muponisi
Kuchema kwedu

2. Utisunungure,
Bvisa majoti,
Uparadze zvese
Zvinotibata.

3. Tipe takuteta
Kusununguka
Ngatipinde tese
Mumusha wako.

4. Ndiwe nzira yedu
Titungamidze,
Tiunze kunyika
Yoruveneko.

1. TENZI naMwari woupenyu hwedu,
Nyenyedzi inovenekera vanhu,
Inzwa kuchema kweSangano rako,
Mwari naMambo!

2. Sangano rako riri mudambudzo,
Mhandu dzavanhu diri kurwa naro,
Dzine mapfumo anorikuvadza.
Tenzi rirwire!

3. Tenzi, batsira pane pfumvu huru
Tenzi ponisa! Tiri kurunzirwa,
Asi Sangano haringakuririrwi,
Uri M'ponisi!

4 Tenzi, batsira! Dzinga mhandu dzedu,
Dzivenekere, udzisunungure,
Utipe nadzo runyararo pasi.
Nokudengazve.

1. JESU wakaivaka
Chechi yepaiswo,
Ndiye wakaisika
Nemmvura neIzwi,
Kundoihwunaira
Akabva kudenga;
Ropa rakaitenga
Zvo akaifira.

2. Vanhu venyika dzese
Vari mairiwo,
Ina Tenzi mumweyo
Ruponiso rumwe;
Ine Zita rimwero,
Ine chidyo chimwe,
Inogashira nyasha
Mukugara kwayo.

3. Vanhu vanoishora
Dambudziko rayo,
Nokunyepa kwavanhu
Nezvitadzo zvavo;
Asi vese vatsvene
Vari kunamata,
Ndizvo kuchema kwayo
Kuchave kufara.

4 Mupfumvu dzese zhinji
Nomukurwa kwayo
Inogara zvino
Runyararo rwayo;
Dakara pakuguma
Ione kufara
Chechi yakanakisa,
Ichazororazve.

5 Inosangana zvino
NaMwari Mukuru,
Navariyo vatsvene
Vari kuzorora.
Tenzi, tipewo tsitsi,
Ndizvo pakuguma,
Tisvike pamwe navo
Tigare kudenga.

1. MWARI ngahusvike
Umambo hwedenga,
Putsawo zvitadzo
Netsvimbo yedare.

2. Rugare rwakozve
Ruripi norudo?
Kunopera rini
Kutadza kwesezve?

3. Nguva yakatsidzwa
Inosvika rini
Apo zvakaipa
Zvichapera zvese?

4. Takuteta, Tenzi,
Uya une simba,
Ugutse maziso
Edu anokuda.

5. Vanhu vanoshora
Zita rinoyera,
Manyadzo avanhu
Anodzima rudo.

6. Nyika zhinji zvino
Dzigere mudima;
Buda, zuva redu,
Udzivenekere.

1. JESU Mambo achatonga
Panyika dzese dzepasi,
Umambo hwake hukuru
Huchakura nhambwe dzese.

2. Vanhu vendudzi dzesezve
Vanotenda rudo rwake,
Mazwi avana vaduku
Anokudza Zita rake.

3. Anokomborera vanhu,
Vasungwi vanoburitswa,
Vaneta vanozorora,
Varombo vanopfumiswa.

4. Zvisikwa zvese zvepasi
Zvitunhidze Mambo wedu,
Ngerosi dziimbe nziyo,
Pasi risongane nadzo.

1. TENZI nzvimbo yako
Tinoidisisa,
Umba inoyera
Inofadza isu.

2. Vanhu vanouya
Kuzonamata'mo
Newe Tenzi Jesu.
Unovagashira

3. Tinodisa nzvimbo
Yokubabatidzwa,
Apo tingaone,
Zvipo zvomweyawo.

4. Tinoda Otari
Inodiwa kwazvo,
Apo tinoona,
Uri petyo nesu.

5. Tinorida izwi
Rinerunyararo
Rinotinyaradza
Mukurwa kweduwo.

6. Tinokutendera
Nyasha dzako zhinji
Tinoda kuziva
Rwiyo rwekudenga.

7. Jesu tipe tsitsi
Kukudisa pano,
Nokukunangisa
Navatsvene vako.

1. NGATFUNGE nokufara nembiri
Misi yeSabata yavanoyera,
Uko vaneta vanaro zororo,
Vakundi vane zviremba zvembiri.

2. Mambo ndiani navakuru vake?
Inyi kufara nokufadzwa kwazvo?
Tingadise sei imi vatsvene
Mukatiudza zvese zvomunonzwa!

3. Jerusarema umo munogara
Rufaro norunyararo narini.
Umo rudiso rwese ruchagutswa, .
kwazvo Nezvikumbiro
zvese zvichapiwa

4. Hatichazooni dambudzo umo.
Tichaimba nziyo dzokudenga.
Ndizvo vatsvene vachatenderawo
Nyasha dzaTenzi nokudisa kwake.

5. Iro Sabata rigere narini
Zuva harimbobudi nokudoka
Ngerosi navatsvene vachaimba
Rwiyo rumwero nokusagumawo.

6. Isu tigere panyika yepasi
Tinochemera nyika yokudenga,
Ndudzi dzesezve dzinoneta
Dzichitsvaka iro Jerusarema.

7. Tinopfugama nokuvirikidza
Baba Musiki wezvisikwa zvese;
Jesu Mponisi wakatiponisa,
Uyo Mweya tigerezve mauri. Amen.

1. IZWI rako Tenzi
Rinotungamidza,
Vanoridavira
Vanovenekerwa.

2. Tine mhandu petyo,
Asi izwi rako
Riri petyo kwazvo
Rinopa kufara.

3. Dutu rikasvika
Dima mberi kwedu
Izwi rorujeko
Richadzivirira.

4. Izwi roupenyu
Rinopa rufaro
Pfuma dzokudenga
Kune vakapfava.

5. Izwi rine nyasha
Kuna vanopona
Izwi roupenyu
Kuna vari kufa.

6. Dai tichiziva
Rudzidziso rwaro
Tingakude Tenzi,
Tive petyo newe.

1. MWARI Mufudzi,
Tipewo mukuipa nhasi
Simba rokurinda kwazvo
Nerokunamata.

2. Pakati pokuyedzwazve
Nenhamo dzeduwo
Tipe tinamate tese
Tisingazorori.

3. Tipe kuti tinamate
Nokudavirika
Nokuchamira dakara
Tizoone Mwari.

4. Utipe kuti tigare
Tichikukumbira
Dzimara tipiwe rudo
Runopfuta kwazvo

5. Handichazokuregedzi
Dakara ndizive
Zita rakasvisikana
Rinodiwa kwazvo.

6. Tibvumidze kukuona
Tikwire kudenga
Apo tingakuringire
Nokukutunhidza.

1. VATSVENE mumwoyo
Vachaona Mwari;
Mweya yavo iri musha
WoM'ponisi wavo.

2. Tenzi wakadzika
Kuunza upenyu
Anogara nokutiwa
SaMambo wavanhu.

3. Anozvipa zvino
Kuna vakatiwa
Anosarudza vatsvene
Kugara mavari.

4. Tenzi tinotsvaka
Ichi chipo chako
Tipweo mwoyo mitsvene
Umo ungagare.

1. BABA ndiri kurasika
Ndiri kufamba mugwenga
Ndidzidzise kutaura,
“Kuda kwako ngakuitwe.”

2. Kuti nzira ichinetsa,
Ngandirege kupopota
Ndinamate soM’ponisi;
“Kuda kwako ngakuitwe.”

3. Kana ndiri kuchemera
Hama dzangu dzisisipo
Ngandireve nokutiwa
“Kuda kwako ngakuitwe.”

4. Kana uchibvisa zvese
Kuneni ndezvako Tenzi
Ndinokupa zvako zvese,
“Kuda kwako ngakuitwe.”

5. Mwoyo wangu ngaufadzwe
Ngekuuya kwoMweya,
Mwari ungaite zvese,
“Kuda kwako ngakuitwe.”

6. Simbisa mazuva ese
Kuda kwangu ukuite
Kufananidze nokwako;
“Kuda kwako ngakuitwe.”

1. MUKRISTU usanete,
Inzwa Ngerosi yako,
Uri m’kati memhandu;
“Namata urinde.”

2 Hondo dzese dzedima,
Dzisingamboonekwi,
Dzinoda kukubata;
“Namata urinde.”

3. Tora mapfumo ako
Abate misi yese,
Satan anorindira;
“Namata urinde.”

4. Inzwa vakakurira
Vari kukuringisa
Ivo vese vachiti ,
“Namata urinde.”

5. Inzwa zvikuru Tenzi,
Unomudisisisa,
Chengeta izwi rake;
“Namata urinde.”

6. Rinda panguva dzese
Ndicho chiro chikuru,
Kumbira rubatsiro;
“Namata urinde.”

1. BABA titungamirire
Mupfumvu dzeupenyu
Tungamira uchengete
Norubatsiro rwako;
Tinazvo zvipo zvizhinji
ZvaMwari Baba wedu.

2. Mponisi Tisunungure
Takanyorova tese;
Wakafamba pasi pano,
Ukanzwa nhamo yese;
Uchineta uchiziya,
Uchigara mugwenga.

3. Mweya uya kuna isu
Uzadze mwoyo yedu,
Norudo nezvipo zvese
Nokufara kwedizve;
Tapfumiswa zvakadai
Hatichatambudziki.

1. FAMBAI henyu MaKristu
Mupfumvu nedambudzo,
Kundai mhandu ngesimba
Rechingwa choupenyu

2. Fambai henyu pamberi,
Nokushinga kundorwa:
Nyindirai muna Tenzi
Nomumasimba ake.

3. Simudzai mwoyo yenyu!
Forai mwakashongedzwa
Nemademautare
A Mwari wokupenya

4. Kanai, musinganeti,
Munoimba mupengo;
Musatyeba vazhinji,
Muchakurira mhandu.

5. Fambai henyu muhondo
Muchakunda Satani;
Muchagara umambo,
Nokupiwa chiremba.

1. CHECHI iri kumirira
Kutonga kwako pasi;
Isu tese tinorinda
Musi woruponiso
Tumira vakohwi zvino
Mukupupura kwako.
Kusuwa kwoMuponisi
Kwakava nhando here?

2. Vazhinji vasati vanzwa
Masoko oupenyu;
Vanganzwe sei vasina
Muparidzi weIzwi?
Tenzi raura vangeri
Ngariraurwe kwese,
Nokusima ruponiso
Kumagumo epasi.

3. Pakuguma vanhu vako
Vachaungana vese.
Mambo achagara navo
Satani achasungwa.
Nzara, shungu, kufa nhamo,
Izvi zvichabva zvese
Chechi iri kumirira,
Uya Jesu, utonge.

1. FARIRAI kuna Tenzi
Vanhu vese vari pasi.
Munamatei, muuye
Pamberi pake norwiyo.

2. Munoziva, kuti Tenzi,
Wakatisika nesimba;
Iye ndiye mufudziwo
Isu tiri hwai dzake.

3. Ngatipinde Chechi yake
Nokufara nokutenda;
Tiombere titunhidze
Zita rake rinoyera.

4. Izvo Mwari akanaka,
Nyasha dzake hadzigumi,
Idi rakange riripo
Richagara nguva dzese.

5 Baba, noMukororezve
NoMweya unoutsvene,
Gashira zvitendo zvedu
Zvino napanguva dzese. Amen
.

1. MESE-MSESE vapanyika
Mumukudze Mambo wedu;
Izwi renyu ritunhidze:
Mumukudze nguva yese
Mutunhidze Ushe Hwake,
Mufarire kumukudza

2. Uyu Mambo munoziva
Ndiyeyo “Pasi Chigare” Baba,
Simba rake rakakomba,
Tese tiri danga rake;
Tinofadzwa ndiye ega:
Anodisa hwai dzake.

3. Ndizvo Mumba make umo
Ngamupindwe ndisu tese
Tipembere tifarire
Nokuzivanawo naye.
Ngaakudzwe atunhidzwe.
Zvese zvakamufanira.

4. Ushe hwake hwakakomba
Hwakagara hwakadaro,
Rudo nomutsa ndezvake.
Idi rake rakati dzii,
Harichinji napaduku
Chingo rakasondoti twi!

5. Mbiri kunewe Jehova,
Mukorore, Mweya:
Uri chishamiso kwacho
Kune vachikure newe
Ngaukudzwe naye newe
Agere pano panyika, Amen

1. JESU Unoyera,
Wakazvirereka,
Ndinzwe, mwana wako,
Mukuchema kwangu.

2. Tenzi woupenyu,
Nokusimba kwako
Muchinjiko wako
Unotikwevera.

3. Tenzi wakafira
Ini munyangadzi,
Ndinokutendera
Zvandakaitirwa

4. Namaronda ako,
Nero ropa rako,
Tiponise, Tenzi,
Isu vanyangadzi.

5. Tenzi pam'chinjiko
Wakaona nhamo.
Ndinochema kwazvo,
Ndipewo rufaro.

6. Tenzi une nyasha,
Unditungamire;
Ndiwe muchengeti,
Handizorasiki.

1. VATSVENE vepasi, navo
Vatsvene vakafa
Ngavaimbe pamwe vese;
Varanda vaMwari.

2. Tiri mhuri imwe tese
Kudenga nepasi;
Kana tichipatsaniswa
Nerwizi rworufu.

3. Tiri hondo imwe tese
YaMwari mukuru;
Vamwe vakabira rwizi
Tisvike kudenga

4. Vamwe vakomborerwa
Vari mukubira;
Vamwe vari kumirira
Kudaidzwa kwavo

5. Jesu iva simba redu
Pamusi wokufa,
Kuti tibireJodani
Vamwe vachi pasi.

1. IMI Makristu mese
Muchafara kwazvo
Muchitungamiririrwa
NaJesu M'ponisi.

2. Muchafara nebasa
Sezvaakaita
Muchafara nenzara
Sokutsanya kwake.

3. Muchinjiko waJesu
NeChiremba chake
Zvakatakurwa zvese
Kuponisa imi.

4 Nechibvumo chenyuzve
Tariro, norudo,
Izvi hazvikuririrwi
Zviri zvipo zvake

5. Norurunziro rwese
Munhamo nenyatwa,
Izvo zvisingaperi
Dakara pakufa

6. Zvese zviri sezvipo
Zvinobva kudenga
Zvese zviri sedanho
Richasvika denga

7. Imi Makristu mese,
Farai nazvino,
Dambudziko repasi
Richava kufara.

1. JESU, ndakapikira
Nechipiko changu
Ndinonamata iwe
Mubatsiri wangu.
Handizotyi kukundwa
Kana uri petyo,
Nokurasika nzira
Uri mupereki.

2. Ndikunzwe petyo neni
Ndakaunganirwa:
Zviro zvokugarika
Zviri kutambudza.
Ndinotya mhandu dzangu
Dzakawanda kwese
Jesu, swendera petyo
Undidzivirire.

3. Ndizvo taura Tenzi
Nokupfava kwako.
Chikurira ruchiva
Nokuzvida kwangu.
Ndipewo simba rako,
Unditungamire
Ndiite kuti ndinzwe
Izwi rako Tenzi.

4 Ndiite nditevere
Tsoka dzako pasi.
Handina simba Tenzi
Asi rako chete.
Chitungamira zvino
Namazuva ese
Dzamara pakuguma
Ndive pamwe newe.

1. MUNE hwenje hwakakomba
Wachema mweya wangu,
Unotsvaka munyururi
Unouburitsamo.
Nhandi Jesu,
Ndinyure, ndofa here?

2. Wakadisa mweya wangu
Dzamara undifire,
Ukandiripirawo;
Kuzoti ndive wako,
Nhandi Jesu,
Ndinyure, ndofa zvangu?

3. Kururama kwandikona.
Mweya wangu watyoka
Nditumire Mweya wako
Umutse mweya wangu
Nhandi Jesu,
Ndinyure, ndofa here?

4. Ndarasika nzira yako
Ndidzore Tenzi wangu,
Izwi rako ngaripinde
Nokundiruramisa.
Nhandi, Jesu,
Ndinyure, ndofa zvangu?

5. Ndichapinda ndotandadza
Muhwenje hwakakomba;
Iva petyo undibate:
Upfuve mweya wangu
Uterame,
Uterame panewe.

## 1 KUMWANA waDavid,

Nyama Changamire:
Yasvika nguva zvino
Yokukudzwa kwako:
Wazovasunungura
Avo vakasungwa;
Chibvisa kusiyana
Tonga uswature.

2. Nyika inopembera:
Ngekukunda kwake,
Vese vane rufaro
Muna Tenzi Jesu.
Nyika dzinopingudzwa
Kunzwa Izwi rake,
Vakamutenda kare
Vanondopembera.

3 Wokudzwa namadzishe
“Nyama Changamire”
Marudzi amutsvake,
NoUmambo hwake
Chavanohutendera
Hahuketi ndudzi
Hufuke nyika yose
Titongwe narini.

4. Vamambo vamarudzi
Vachaunza zvipo
Zvendarama nemura,
Kundomuombera.
Vanhu vese vepasi
Vachamutunhidza:
Umambo hunowanda;
Hugere narini.

1. KWASARA kunesu
Makore mashoma
Tisati tasanganiswa
Nehama dzakafa.
Tenzi gadzirawo
Mweya unemhosva
Ndisambe muropa rako
Ndisati ndatongwa.

2 Yasara kunesu
Nguva shomanana
Yokugara pasi pano
Tisati tatongwa

3. Yasara kunesu
Nhamo shomanana
Hakuna nhamo mumusha
Uko tichasvika.

4. Kwasara kunesu
Kurwawo nesimba
Kuita basa raMwari
Kurega zvitadzo.

5. Jesu achauya
Muponisi wedu
Wakafa kuti tipone
Tigare naiye

## 1 MWARI unorudo rwese

Tiite tigare newe
Utiite vako nhasi
NoKudenga narini

2. Ndiwe Mwari Muponisi
Nzira, Idi, noUpenyu,
Titungamidze nenyasha
Kunyika yokudenga.

3. Tiri vako zvino, tipe
Kuzorora kwechokwadi
Iwe Hama noM'ponisi
Tichengete narini.

4. Tiri hwai dzako Jesu
Dzivirira isu tese:
Takarerwa newe chete
Tichaona rufaro..

5. Titungamirire, Tenzi,
Tisimbisise noMweya,
Ubvuse zvitadzo zvedu
Utipinze kudenga

1. SEZVO mhembwe yatizira,
Ichidisa kunwa,
Neiyi nzira, iniwo
Ndakudisa, Tenzi.

2. Mweya wangu une nyota
Unokusuvira
Ndichakuringisa rini
NoUmwari hwako?

3. Sei ndichitambudzika
Ngandisimbirire
Ndigoimbira Mwarizve
Mambo noM’ponisi.

4. Mbiri kuna Mwari Baba,
Kuno Mukorore,
Nokuna Mwari Mweya
Ndiye Munyaradzi. Amen.

1. MWEYA wangu, inzwa Tenzi!
M’ponisi ari kureva.
Ari kutaura kuti:
“Iwe unondida here?”

2. “Ndakasunungura iwe,
Ndakarapa ronda rako,
Ndakatsvaka iwe pasi
Ndikakupa ruvheneko”

3. “Mai vangarega here
Kuchengeta Mwana wavo?
Kana mai vakarega
Ini ndinokutondera”

4. “Rudo rwangu haruperi
Rwakakura samakomo,
Rwakadzama samadziva
Rwakasimba kunge rufu”

5. “Uchaona mbiri yangu
Pakupera kohupenyu
Ugere neni kudenga .
Iwe unondida here”

6. Tenzi ndinochema kwazvo
Norudo rwangu ruduku;
Asi ndinokudisisa,
Pamidzira rudo rwangu

1. MUSORO waTenzi kare
Wakadzikwa ngeminzwa
Zvino Jesu Mukuriri
Ane zviremba zvese.

2. Nzvimbo kumusorosoro
Yakafanira iye;
Mambo wavamambo vese,
NaTenzi wavaTenzi.

3. Mufaro wavanhu vese
Vanogara Kudenga,
Muyamuri waavozve,
Vagere zvino pasi.

4. Avo vane Muchinjiko
Wenyasha nokunyadza
Vachapiwa kufarawo
Kufara kwokudenga.

5. Vanotambudzika pasi
Vachafara kudenga
Vachaziva rudo rwake
Rwakavandika kare.

6. Muchinjiko woupenyu,
Wenhamo nowokufa
Unotipfumisa tese
Nokutikomborerera.

1. SIMBA reZita raJesu
Ngarivirikidzwe;
Mupfekedzei Chiremba,
SaMambo mukuru

2. Akudzwezve ngenyenyedzi,
Musiki wezvese;
Simba ravaIsraeri;
SaMambo mukuru

3. Vamatari tunhidzai
Musimbisi wenyu;
Kotamai pamberi pake
SaMambo mukuru

4. Nemi vasarudzwi vake
Vakatsikinurwa;
Rumbidzai Muponisi;
SaMambo mukuru.

5. Hezvo umba yaDavidi
Omberai Jesu ;
Mwari wakaitwa munhu;
SaMambo mukuru

6. Vatadzi havakanganwi
Chiremba cheminzwa
Nokutonga pam’chinjiko;
SaMambo mukuru

7. VaMambo vendudzi dzese
Mugwadamirei;
Kwidzai rukudzo rwenyu
KwaMambo mukuru.

1. MWEYA wangu ngaunzwe hondo huru
Dzengerosi dziri kuimbisa:
nenyanza.
Dzine masoko akanaka kwazvo
Euyo musha wakarurama.
Imi ngerosi imbisai
Munogashira vafambi vepasi.

2. Ngatiimbe dzichiri kundoimba
Kuti “Munodaidzwa naJesu”.
Kana tiri kufamba munedima
Tinonzwa zviimbo zveVangeri

3 Kare tinonzwa izwi roM’ponisi
Rinosvika panyika
Zvuru zvavanhu zviri kuremerwa
Vanouya kuna Tenzi wavo.

4 Tichawana kuzorora
Kudenga
Dima richabva, zuva ribude.
Tenzi acharipira rudaviro
MuJerusarema musha wedu

1. CHOKWADI Zita raJesu
Rakanakisisa,
Runyararo kuMakristu,
Rinodzinga kutya.

2. Rinorapa mwoyo yavo
Mukutambudzika,
Rinoapa kuzorora
Nokudya kwomweya.

3. Zita rinodiwa kwazvo!
Rine nyasha zhinji,
Rinondidziviririrawo
Seshangu mupfumvu.

4. Jesu Muprofiti wangu
Mupristi naMambo
Ndiwe Tenzi, uri nzira,
Idi noupenyu.

5. Zvino mwoyo watonhora
Washaya kudziya
Asi, kana ndakuona
Ndichakudisisa

6. Dzamara paiyo nguva
Ndiparidze rudo,
Kunaka kweiro Zita
Kunzwike Mukufa.

1. ZITA rake Jesu
Tinoombera,
Mabvi apfungame
Pamberi pake;
Ndimi dzese dzese
Ngadzitunhidze,
Mambo wedu Jesu,
Izwi raMwari.

2. Zvese zvakasikwa
Ngeizwi rake,
Hondo dzengerosi
Dzinopenyisa
Nenyenyedzi dzese
Dziri kudenga:
Zvese zvinobvuma
Musiki wazvo.

3. Wakazvirereka
Kuti apiwe
Zita rine mbiri
Ngevanyangadzi:
Wakaritakura
Risine tsvina,
Wakaridzokesa
Kubva murufu.

4. Wakaritakura
Nokutendeka
Somukundi wedu
Kum'sorosoro!
Ndiye muponisi,
Ndiye Kristuzve
Unosiomberwa
Zvino narini

5. Ngatigadze Mambo
Mumwoyo yedu
Kuti akurire
Zvitadzo zvese:
Mumuite Tenzi-
Mururunziro
Muchafungatirwa
Mukuda kwake.

6. Hama, Tenzi Jesu
Achauyazve
Nembiri yaBaba
Nengerosiwo;
Mambo wavamambo
Tinomubvuma,
Kwidzai izwi renyu
Kumuombera.

1. A! JESU wakanakisa Runako rwaMwari
Panewe woga kuripo
Kufara kwoMweya.

2. Ndinokusarudza zvino
Shamwari mudiwa Iwe uri zvese
Jesu Mambo wangu.
3. Kana ndichiona nhamo
Kana ndichifara
Muviri nomweya wangu
Ndinokupa zvese.

4. Kuti ndichiramba iwe
Ngandisuve kwazvo
Kutarisa usu hwako
Jesu Mambo wangu

5. Nduramo, Nzira, upenyu
Ndiwe muridzi wazvose
Ndinoteverawe Tenzi
Ndinokutendera.

6. Nditye ukuru hwakozve
Ndinokuterera
Nditsvage’we, ndidaidze
Narini narini. Amen.

1. NDAMUKA mangwanani Mumwoyo ndinoreva
Ngaatunhidzwe Jesu. Mubasa rangu rese,
Kana muminamato:
Ngaatunhidzwe Jesu.

2. Dare riri kurira
Ndinonzwa uru rwiyo,
Ngaatunhidzwe Jesu.
Ibasa rokufara,
Kuimba muchechiwo;
Ngaatunhidzwe Jesu.

3. Kana ndoshaya hope
Mumweya ndinoreva;
Ngaatunhidzwe Jesu.
Apo ndinorunzirwa
Ndinoponiswa ndati;
Ngaatunhidzwe Jesu.

4. Mushungu nedambudzo,
Ndanyaradzwa, ngekuti
Ngaatunhidzwe Jesu.
Satan anotya kwazvo,
Achinzwa uru rwiyo.
Ngaatunhidzwe Jesu.

5. Kudenga vanoyera
Vanoimbisa kwazvo,
Ngaatunhidzwe Jesu.
Pasi, denga nenyanza
Ngazvipindure kuti;
Ngaatunhidzwe Jesu.

6. Ngatiimbise isu,
Sikati nousiku,
Ngaatunhidzwe Jesu.
Ngatiimbise tose,
Narini rwiyo rwedu;
Ngaatunhidzwe Jesu.

1. MWEYA yese inotyei
Sehwai dzakatyiswa?
Imi masiyireiko
Rudo rwedi rwaTenzi

2. Mufudzi anochengeta
Hwai dzake nenyasha; Muponisi anoreva Kuti tiuye petyo

3. Nyasha dzaMwari mukuru
Dzakakura senyanza
Unotonga vanyangadzi
Nguva dzose nomutsa

4. Tenzi anonzwa masoko
Edambudzo repasi
Une nyasha Muponisi
Kupinda vanhu vese.

5. Muno ruponiso rwese
Muropa rake Jesu
Sezvo akasuva kwazvo
Tese tinofariswa

6. Vanhu havazivi nedi
Rudo rwaMwari wedu
Rudo rwake rwananisa
Mwoyo wake mukuru.

7. Uyaiwo kuna Jesu
Imi mese musatye.
Davirai kuti ndiye
Anotida zvikuru

8. Ngatigashire savana
Mazwi a Tenzi Jesu
Misi yose tichifara,
Tinogara naiye

1. Ndanzwa nezvikomborero
Zvadonhedzwa pasi,
Unodira zvese Tenzi,
Ngandidiridzwewo,
Kana ini kana ini
Ngandidiridziwewo

2.Usandipfuure Baba
Ndiri mwana wako;
Uri kudaidza vamwe,
Ngandidaidzewo.
Kana ini kana ini
Ngandidaidzewo.

3.Usandipfuure, Jesu,
Wakafira ini;
Urikuponisa vamwe,
Ngandiponiswewo.
Kana ini kana ini
Ngandiponiswewo

4.Usandipfuure, Tenzi
Mweya Unoyera;
Uri kuchenura mwoyo
Ngandichenurwewo.
Kana ini kana ini
Ngandichenurwewo.

5.Kare, Tenzi,
ndakagaraKure kune dima;
Uri kuswededza vamwe
Ngandiswenderewo.
Kana ini kana ini
Ngandiswenderewo

6.Misi yese ndatambudzwa
Nezvitadzo zvangu
Vamwe vakurira newe
Ngandikurirewo.
Kana ini kana ini
Ngandikurirewo.

7.Rudo, Nyasha, Simba, Tenzi
Ndazvishaya zvese,
Sezvo vamwe vagashira
Ngandigashirewo
Kana ini kana ini
Ngandigashirewo.

8Zvipo zvako zvinokosha
Zvinobva kudenga
Vamwe vafariswa nazvo,
Ngandifariswewo
Kana ini kana ini
Ngandifariswewo.

1. ITA ndiuye petyo, Jesu
Petyo pamisi yese.
Ita ndibate Iwe, Jesu
Murwendo rwangu rwese.

2. Ndiite ndikuone Jesu,
Soruvheneko rwedi
Ita ndireve mazwi ako
Orudo nokupfava.

3. Ndiite ndive, samatsime,
Orudo kuna vanhu
Ita undishandishe Jesu,
Kukushandira chete. .

4 Gara saMambo wangu, Jesu
Mumwoyo nomuviri.
Ndiite munhu kwaye, Jesu
Muranda wako wedi.

5. Ita ndive nenyota, Jesu
Ndive nenzara kwazvo
Nzara yokukuona. Jesu
Mumusha weZion.

1. MAMBO worudo,
mufudzi Rudo,
nduramo zvese
Handizomboshai chiro
Ndiri wako narini.

2. Ninofudzwa murusvisvi
Ndichitungamiririrwa.
Mweya wangu unogutswa

Nechidyo chokudenga.
3. Apo kana ndarasika
Mumukana worufu,
Tsvimbo yako nomundonzvo
Zvinogondinyaradza.

4. Mudima rokufa ndega,
Handizotyi kuipa,
Tenzi ari parutivi,
Anogondidzivira.

5. Wagadzirira tafura
Mberi kwemhandu dzangu,
Musoro wangu wazorwa,
Mukombe wazarazve.

6. Rudo rwako nomutsazve
Zvanditevera kwese.
Apo ndichiri mupenyu,
Ndiri wako narini.

1. MWEYA waKristu, ndiyerisewo

Muviri wake ndiponisewo
Nomweya wangu ndinoda Kristu
Muviri wangu umushandire.

2. Ropa raKristu, kumwa kutsvene.
Zadzisa mwoyo ugofarawo
Mvura inobuda parutivi
Ngaisukise zvitadzo zvangu.

3. Ndarukutika ndotsvaka simba
Panewe Jesu, uchirwadziwa
Ndotizira mumaronda ako
Ndiwo mapako, ndozovigwamo.

4. Jesu mudiwa ndinokumbira
Kusarasiwa newe narini.
Tenzi ndiwezve, handina mumwe
Chinzwa kuchema kwomwana wako.

5. Ndidzivire mupfumo raSatan',
Apo ndichafa undidaidze.
Jesu, ngandigadzwe nengerosi
Ndichirumbidza zvino narini.

1. NDIWE wega uri nzira
Kunewe tauya,
Kana tichitsvaka Baba
Tauya kunewe.

2. Ndiwezve chokwadi wega
Ungwaru ngehwako,
Ndiwe ungaudze pfungwa
Kuchenesa mwoyo

3. Ndiwe upenyu chaihwo

Tiite tizive,
Naavo vanokudisa
Havaoni kufa

1. VAKOMANA vairi
Vababa mumwe chete
Vaisimubatsira
Kuita basa rake

2. Iye muduku oti
“Ndipewo pfuma dzangu
Ndinoda kutamira
Kune imwe nyika

3. Ndinoda kundogara
Munyika itsva zvino
Akapiwa zvakezvo
Nababa vachichema

4. Akatamira kure
Kogara zvakaipa
Zvo mari yakapera
Akada kusevenza.

5. Nepanguva yenzara
Achishaya zvokudya
Akafunga mumwoyo,
“Ndakatadza sebenzi.

6. Ngandisimuke zvino
Ndiende kunababa
Nditi handifaniri
Kuchanzi mwana wako”

7. Ndokudzoka kumusha,
Akaonwa nababa.
Baba anotizira
Kusangana nomwana.

8. Akati kuvaranda
“Unzai ngombe yedu
Kuzoti tiibaye
Nokufarira kwazvo.

9. Mukoma akasara
Ari mumunda wake
Akachinzwa kutamba,
Mumba mababa.

10. Muranda wakabvunzwa
“Ko ndiani wauya?”
Akati, kunaiye,
“Mudiki wako uya.”

11. Mukoma akasuva
Achiramba kupinda
Akati “Uyu munhu
Muparadzi kwazvo.

12 Ndizvozvo baba wake
Wakati kunaiye
“Mwana wakarasika
Zvino wazoonekwa”

13. Ngatifarise tose
Mwana wakanga afa.
Asi wadzokera
Watomuka mukufa..

14. Naye Baba wedenga
Anofarisa zvino
Kuti vanhu vatadzi
Vachipinduka kwazvo.

1. MADEKO paKapernaume
Vanhu vakauya
Navanorwara vavozve
Kurapwa naJesu.

2. Vazhinji vakaporeswa
Ngemwana waMwari
Nemweyawo wakaipa
Wakabviswa naye

3. Vazhinji vanamarwere
Vakauya vose
Zvirema namapofuwo
Nevane mapere

4. Mumwe musi muchembere
Mbuya waSimoni
Achirwara kumba kwake
Akaporeswawo.

## 1 Bartemeo ari bofu

Agere panzira
Jesu achipfuura'po
Navanhu vazhinji
2. Akabvunza kune vanhu,
"Ndianiko uyu?"
Vanhu voedza kuita,
Kuti anyarare
3. Jesu achiziva kwazvo
Kuna Bartemeo
Akadaidza achiti,
"Enda, uonezve."

1. MURANDA unodikanwa
Womusoja mumwe,
Wakange ari kurwara
Akafa mitezo

2. Vakuru vakatumirwa
Nomusoja uya,
Kukumbira Tenzi Jesu
Kuuya kurapa

3. Apo Jesu akasvika,
Mukuru wezana
Wakamuchingamidza,
no Rufaro, achiti.

4. Tenzi musazvitambudza
Nokuti handina
Faniro kuti mupinde
Muumba mangu’mu.

5. Asi taurai henyu
Izwi rimwe chete;
Muranda unodikanwa
Acharapwa hake

6. Jesu achishama naye,
Norutendo rwake,
wakati,”Musoja uyu
Wakakomborerwa.”

1. Mumwe musi vadzimai nevana
vakauya kuna Tenzi Jesu.

2. Vadzimai vanomuunzira
Vacheche kuti avade vese

3. Vapostori vese vakaramba
Tenzi Jesu akatsvamwa akati,

4. “Regai vapwere kuti vauye
Vakakomborerwa vakadare”

5. Wakatora muruoko rwake
Akavabatazve somudisi.

6. Uyai, uyai, uyai kuna Jesu

Imi mose kuno Muponisi.

1. JESU akagara pasi
Pagomo apo
Akavadzidzisa vanhu
ZvaMwari. .

2. Vakakomborerwa ivo
Varombo m'mweya
Makakomborerwa imi
Vachemi

3. Vakakomborerwa vanhu
Vakapfavazve
Vakakomborerwa vese
Vanyoro.

4. Vane nzara nenyotawo
Yokururama
Onisai, mutsa, tsitsi
Kuvamwe.

5. Vakakomborerwa vane
Mwoyo muchena
Vakamborerwa
vanoNunudza

6. Vanhu vakatambudzika
M'upenyu hwavo
Nokutambudzwa pamusana
Peidi.

7. Makakomborerwa imi
Kana matukwa
Kana vachimuvengazve
Ngemafi

8. Farisai mupembere
Chipo chikuru
Ndichamugashira mese
Kudenga

9 Vanhu vese vachafara
Namazwi ake
Jesu mudzidzisi wedu
Nazvino.

1. WAKAREGA mbiri yako
Ngekuuya kuneni;
Wakashaya umba pasi
Pakuberekwa kwako,
Ndizvozvo uya Jesu,
Ndine nzvimbo mumwoyo.

2 Denga rese rakaimba
Muteuro waMambo
Kuzvirereka kwaMwari
Kwaoneka kunesu,
Ndizvozvo uya Jesu,
Ndine nzvimbo mumwoyo

3. Magava ane maguru
Shiri dzine zvitsaka;
Nzvimbo yoMwana waMwari
Ingwenga kuGarire!
Ndizvozvo uya Jesu,
Ndine nzvimbo mumwoyo

4. Wasvika Tenzi neIzwi
Rinoponisa vanhu
Wakatendera Kucherwa
Kusvikira Kalvari
Ndizvozvo uya Jesu
Ndine nzvimbo mumwoyo

5. Ngenguva yokuimbira
Rukundo rwako Tenzi
Ipa nzvimbo, nokuita
Ndidaidzwe kunewe
Uchiti, “Kune nzvimbo
Yako mumwoyo mangu”.

1. KUMUSHA unopenya
Kumsoro kudenga
Handina kuverenga
Zvese zvakanaka
Handisati ndaona
Zvakapinda izvi
Zita rouyo musha
I Jerusarema.

2. Mbiri ‘nonzwika uko
Rwiyo rwokutenda;
Nengerosi dziripo,
Nemboo dziripo;
Vanunudzwa ndiKristu
Neropa nokufa;
Varipo panaiye
Vaponiswa ndiye

3. Vanozorora uko
Vakakunda vese
Vaimbe nokufara
Vanamate Mwari
Vanoyera varipo
Vanomira vese,
Vasimidzwa zvichena
Vanoimba kwazvo

4. Zvese zvakarurama
Mumusha waMwari
Mwoyo yedu inoda
Kugara kudenga
Tiende uko Jesu
Tichigara newe,
NaBaba ane rudo
NaMwari Mweyawo. Amen.

1. VIRIKIDZAI Tenzi wedu, Mambo wedu, Mambo wembiri,
Baba noMukorore noMweya Unoyera;
Imi vanhu
Mutunhidzei pamwe
Nengerosi navatsvene.

2. Virikidzai Tenzi unotonga kum'soro
Unokotsa kubva mumhandu dzenyu dzedima:
Hamuzivi
Nzira'yo kuda kwenyu
Kwaitwa, nenyasha dzake?

3. Virikidza Tenzi! Ngatiombere nomwoyo,
Zvisikwa zvese zvinomutunhidza nendwiyo,
Vanhu vake
Ngavaimbise, Amen,
Kumuombera narini.

1. FARIRAI mese nhasi
Imbirai ngekufara:
Tunhidzai Tenzi wedu
Ngeruponiso rwake;
Paridzai rudo
Noukuru hwake
Ndiye Mwari wedu
Ane mutsa wese;
Ngatimuvirikidze

2. Apo takamuchemera
Wakanzwa mazwi edu
Davirai kunaiye
Norubatsiro rwake;
Ndwiyo dzokutenda
Mazwi edu ese
Anomutunhidza;
Ngatimuvirikidze.

3. Farirai mese nhasi
Imbirai ngekufara
Tunhidzai Tenzi wedu
Ngeruponiso rwake;
Paridzai rudo
Noukuru hwake
Ndiye Mwari wedu
Ane mutsa wese;
Ngatimuvirikidze.

1. MWARI Baba
Tinokumbira
Mwari Baba
Chipo chorudo

2. Mwari Baba
Tipeiwo
Isu vana
Chipo chorudo.

3. Rudo rwenyu
Rukuru kwazvo
Tipeiwo
Chipo chorudo

4. Rudo rwedu
Rushoma kwazvo
Tipeiwo
Chipo chorudo.

## HUYA Tenzi ndinofara;

Huya nhasiMuponisi rudo rwako ngaruitwe.

Huya iwe munuri--
Ndinofara kukuona--
Ndipe zvino chipo chako--
Iwe une rudo kwazvo--
Ndizadze ngemweya wako—

1. UYAI Makristu;
Tinamate Mwari
Munanisi;
Tinamate Mwari
Munanisi

2. Timuone Jesu ----

3. Tipfugame tese—

4. Tipereke mwoyo yedu --

5. Tipembere nokufara --

6. Tigashire uyo Mwana;
Muponisi wedu
Anotida,
Muponisi wedu
Anotida.

1. Tese tibatirewo Mwari basa;
Tifare timude
Mwari Baba anotidawo
Timude tese.

2. Jesu wakatibatirawo basa---

3. Isu varanda tomuramba here?

4. Basa redu kunaMwari sandi nhando--
nokumunamata

5. Tisave noupenyu kunaMwari---

6. Fambai pasi pese muchiparidza-

7. Farai muna Kristu

8. Muchazofara naye narini---

## 1 BATIRAI Mwari basa;

Ngatifambe mumabasa
Ake Mwari

2 Tinopiwa tsitsi ndiye –

3 Ruveneko takapiwa ---

4. Tigare naye narini -

5. Jesu wakatipa nzira

6. Wakabvayo kunaBaba

7. Ngatiite rudo rwake

1. Jesu unondida ini
Ndiise mumwoyo wako,
Ndiri kutya rurunziro
Runogara ruchiuya.
Inzwa munamato wangu
Jesu Muponisi wangu.

2. Ndichengete Tenzi wangu
Nguva yese youpenyu
Nditungamidze munzira
Ndigashire pakuguma.

3. Ndiwe Mubatsiri wega,
Vamwe vanoshaya simba.
Usasiye mwana wako,
Ndisimbise, ndinyaradze.

4. Ndinosimbira kunewe
Ndibatsire ndine mhosva
Rega mapapiro ako
Andidzivirire Tenzi.

5. Ndiwe ndichawana tsitsi
Dzinokwana vanyangadzi
Ndipe mvura yokurapwa
Ndichenise kwese kwese.

6 Iwe tsime rounyu
Ndipe kumwa kwako kwedi;
Tsime ngarigare neni
Pasi pano nokudenga.

1. WAKAFIRA isu;
Gara nesu, Tenzi, nguva dzese takuteta.

2 Isu vanyangadzi ---

3 Mumba mako muno---

4 Mumatambudziko ---

5. Murufaro rwese ---

6. Apo kunosvipa ---

7. Kana tafa Tenzi ---

8. Mune iro guta---

# 1 Tese tiri vana vaMwari;

Ngatifare nokuita zvinofadza iye Mwari musiki

2 Ngekufara kwake kukuru
Ngatiteerere nokuita zvinofadza iye Mwari Musiki

3. Wakatisika sevadiwa ---

4 Nemhuri imwe inotenda ---

5 Rubabatidzo runoyera ---

6 Runotiita vana vedi ---

7 Ngatiedze zuva nezuva ---

8 Kufunga ngenhengo dzaTenzi ---

9 Nokunamatira vazhinji ---

10 Avo vachikunze kwedanga---

1. VAMAMBO vepano pasi
Vanozonda vakaona
Jesu uchikudzwa wega
Nokusimbisa vako

2. Murwiri wedu mushingi
Ha’po angafane newe
Une simba rokumisa
Nokusimudzira vako.

3. Zvawakapirwa ndiJesu
Haungazviripiriba;
Nhaka yokusununguka
Wopfuurwa nayo here?

4. Kana achikudisisa
Kusekwa kunova pasi
Kana uchiurayiwa
Umukudze wakukudza

5. Akatenda kuitiwa
Shamwari yavanyangadzi
Wakanzwa kuchema kwazvo
Saka tichimutunhidza.

6. Ngaakudzwe navatsvene,
Ngerosi dairaiwo
Nayewo Baba Musiki
Nomweya Unoyerazve
Amen.

1. MIRAI makachama
Mumurwire Jesu,
Makaitiwa vake,
Musatye pakurwa
Nesimba rakakomba
Dzapfatsurwa mhandu
Dzipfugamiswe dzese
Kristu ave mambo.

2. Mirai makachama;
Simukai imi
Mufore mashongesa
Kundourayanwe
Varume munoona
Hondo mberi kwenyu,
Satan’auya chose
Mamisana naye.

3. Mirai makachama:
Simba raperasu?
Jesu wapakurira,
Hamumbopererwi.
Zvanzi chisimukai
Muchame mukurwa,
Mese wehondo yake
Fambirai mberi.

4. Mirai makachama:
Kurwa kwazopera,
Muchamutenda Jesu
A’kutusa vake
Zviremba zvinopiwa
Kumagamba ese,
Machinda nevazvare
Vagarike naye.

1. Dzvara muchinjiko wako,
Akadaro kune vake:
Simbira kusiya nyika,
Utevere norufaro.

2. Dzvara muchinjiko wako,
Usazeze kuremerwa,
Iye anokusimbisa
Parwendo rwako kudenga.

3. Dzvara muchinjiko wako,
Usavundutswe nechiro,
Unokuratidza wega
Nzira unoenda nayo

4. Dzvara muchinjiko wako,
Udzungirire nerwendo;
Jesu akatangodzunga
Kuzokuratidza nzira.

5. Dzvara muchinjiko wako,
Kuti ukautakura,
Uchazopiwa chiremba
Munyika youpenyuyo.

1. SIMBA rako! “Mugari Narini”
Zvese zvakasikwa newe
Uri Mambo wehondo nehondo
Wakatenderedzwa nadzo.

2. Ruzivo rwako! “Pasi Chigare”
Unoziva zviro zvese
Isu zvisikwa, ruzivo rwedu
Runoperevedza kwazvo.

3. Runako rwako! “Mugari Narini”
Nemitemo yako yese
Isu tese takatsaukira
Saka tagumirwa nhasi.

4. Kuyera kwako! “Pasi Chigare
Unoyera zvinotyisa
Asi zvino unobvumira
Kuti tisvendere petyo.

5. Mutsa wako! Mugari Narini”
Unotibatsira nawo
Tichafara dai tichikupa
Upenyu hwakanakisa.

## 1 NDINONZWA Inzwi rako

Rinondidaidzira
Ndichenise zvino muropa
Redambudziko rako.
Ndinouya zvino
Tenzi wangu, Jesu:
Ndichenurise muropa
Redambudziko rako.

2. Ndinoda kukudisa
Ngemoyo woutsvene
Chenesa kwazvo mweya wangu
Ndichiri pasi pano.

3. NdiJesu anondida
Ngemwoyo woutsvene:
Nokunditungamira
Kurunyararo rwake
Rugare rwokudenga.

4. Zvitsidzo zvake zvese
Ibanza rangu ini:
Norudo rwoM'ponisi wangu
Isimba rokukunda.

5. Kwaiva, Ropa dzvene
Netsitsi dzokudenga!
Kwaiva, Jesu Tenzi wangu
Rufaro rwavatadzi!

1. SHAMWARI wavacheche
Uriyo Kudenga,
Shamwari uno rudo
Rune simba rese;
Shamwari pasi pano
Hadzitibatsiri,
Shamwari kwaye ndiye
Kristu Tenzi wedu.

2. Zororo ravacheche
Ririyo Kudenga,
Kunaivo vanoda
Muponisi wavo;
Nzvimbo isine nyatwa
Isine zvitadzo
Vanhu vaKristu vese
Vachazorora'yo

3. Kumusha wavacheche
Kuriyo Kudenga,
Jesu anopenyisa
Uyo musha wese;
Misha yepasi pano
Haitifadziba,
Kumusha woKudenga
Vanofara kwazvo.

4. Zviremba zvavacheche
Zviriyo Kudenga,
Vanhu vese vaJesu
Vachazvigashira;
Zviremba zvichapiwa
NdiShamwari wedu
Kunavo vanomuda
Zvino pasi pano.

5. Chiimbo chavacheche
Chiriyo kudenga,
Rwiyo rusingagumi
Rwakanakisawo;
Vapwere voKudenga
Vanomuimbira
Muponisi wavana
Kristu Tenzi wavo.

6. Minanzi yavacheche
Iriyo Kudenga,
Nenguvo dzokufara,
Michindwi yembiri.
Kristu ndiye anazvo
Achavapa vana,
Tenzi ngative newe
Tikudise uko.

1. IMBAI nokufara
Imbisai ndwiyo,
Daidzai Hosana
Kuna Jesu Mambo;
Imbai vakomana
Ndwiyo dzenyu nhasi,
Imbai vasikana
Zviimbo zvenyuwo.

2. Vana ngavafarire
Kuimbira Kristu,
Vana ngavafarire
Kutunhidza Mambo.
Ngekuti Kristu Mwari
Wakafira vana;
Wakaunza rufaro
Nembiri, netsitsi.

3. Vakomana vaJesu
Batirai basa
M'ponisi waiveza
Nembezo netsendo.
Vasikana vaJesu
Teverai Jesu,
Mwana woMusikana
Maria Mutsvene.

4. Mumusha woKudenga
Vana vachatamba
Munzira dzendarama,
Vachafara kwazvo.
M'ponisi tipe tsitsi
Tizadze ngerudo
Kuti tisvike uko
Tigare kudenga.

1. NDIANI uyo mudanga’mo
Vafudzi vanoombera?
Ndiye Jesu Mambo wedenga
Ndiye Mambo wepasi pano .
Ngatimupfugamirei,

2. Ndiani uyo pane nhamo
Ari kutsanya musango?

3. Ndiani uyo anochema
Pachivumba chaRazaro

4. Ndiani anonyengetera
Mumunda weGetsemeni?

5. Ndiani uyo paM’chinjiko
Anosunungura mhandu?

6. Ndiani uyo anomuka
Mukufa kutiponisa

7. Ndiani uyo anokwira
Achikomborera vake

8. Ndiani uyo anotonga
Kumsoro muruveneko?

9. Ndiani anodzoka
Kuzotonga vanhu vese?

1. NDINODA iro soko
Ngerosi dzinaro
Rokuti Tenzi wedu
Wakagara pasi
Kana ndiri muduku,
Ndisinezve simba,
Ndifara kuparidza
Rudo rwake rwese.
Ndinoda iro soko
Ngerosi dzinaro
Rokuti Tenzi wedu,
Wakagara pasi

2. Iye wakambovawo
Mupewere seni
Kuti andipangidze
Nzira yavapwere;
Dai ndichitevera;
Tsoka dzake dzese
Angadai achipa
Rubatsiro rwake.

3. Kana ndisingaoni
Hope yake zvino,
Ndichaimba chiimbo
Chakanaka kwazvo
Ngekuti wakatsidza
Kuti ndiimbewo
NeVanoyera vake
Nengerosi dzake.

1. Mwari Baba wedu
Tinzwe vana vako:
Tibatsire kuti
Tikukudze zvino

2. Jesu, Mukorore
Tiponise tese:
Simba rako guru
Kupfuura Satan.

3. Mweya Unoyera,
Tinyaradze isu:
Tungamira pasi
Chechi Katorike.

4. Mambokadzi wedu
Mai Unoyera,:
Namatira isu
Nevatadzi vese.

5. Josef Muchengeti,
Wakanaka kwazvo
Utibatsirewo
Tifanane newe.

1. Vapwere vaTenzi
Musashatirwe,
Regai kuipa
Muri vaTenzi

2. Tenzi ane rudo
Mutsa netsitsi
Ngavamutevere
Vapwere vake

3. Hatifambi pano
Tisine mhandu
Rurunziro rwedu
Rukuru kwazvo

4. Sarudzai mese
Zviro zvaMwari
Rambai kuipa
Nezvakashata.

5. Parubabatidzo
Takatsidzisa
Kurasa Satani
Nezvakaipa.

6. Vapwere vaKristu
Jesu ndiTenzi;
Edzai ngesimba
Kumutevera.

1. RURIMI rwangu tunhidza
Muviri une mbiri.
Naro ropa rinokosha
RaTenzi noM'ponisi,
Uyo Mwana waMaria,
Akatiparadzira.

2. Iye wakapirwa isu
Wakaberekwa pasi,
Akataura navanhu,
Akadzidzisa idi,
Dakara pakuguma kwe---
Rugaro rune tsitsi.

3. Usiku uhwo pachidyo
Navapostori vake
Jesu somutemo wavo
Akadya Paska yavo
Akazvipa kunaivo
Muchidyo chinoyera

4. Wakaita chingwa chive
Muviri wake wedi,
Wain'ive ropa rake,
Avo vanozvipiwa
Ngavadavire ngemwoyo
Uno rudo rukuru.

5. Tauya pamberi pake,
Tinokudza Sakramende
Idi riri kuoneka,
Dima rese richapera:
Rudaviro rwedu rwega
Rwatiita tirione.

6. Mbiri kuna Mwari Baba
Mbiri kunoMukorore;
Ngatikudze nhambwe dzese
Nokuvirikidza Mweya,
Unobuda kunaivo
Muuhumwe hwoUmwari. Amen.

1. IMBISAI vanhu vese
Tunhidzai Tenzi wedu,
Mufudzi wedu wedi
Wakatipa Sakaramende
Rinokosha romuviri
NeRopa rake redi

2. Chipo Chakakura kwazvo
Ichi chingwa cheupenyu
Kudya kwedu kweMweya;
Sezvo iye wakakupa
Kuna Vapostori vake,
Ichi chidyo chetsitsi

3. Ndizvo isu tinokudza
Tenzi wedu Jesu Kristu
Musakaramende rake
Isu tese vanhu vake
Tinofara kumuona,
Muponisi naMambo.

4. Zvino uri rutondedzo
Runova noMuteuro
WoMuponisi wedu
Ndizvo minamato yedu
Inosvika kunaBaba
NdiTenzi wedu Jesu

5. Ichi chingwa chinoyera
Chinosimbisa MaKristu
Ngeupenyu hwaTenzi.
Makristu enyika dzese,
Vadaviri vedi vese,
Vanosimbiswa ndiye.

6. Chingwa chedi chokudenga
Chidyo chedi, Muponisi,
Kudya kwomweya yedu,
Gutsa mweya yedu yese,
Tipe simba rako rese,
Dakara tikuone.

1. A.! Jesu Muteuro wedu,
Unotizururira denga,
Dzinotinetsa mhandu dzedu,
Utipe zvino simba rako.

2. Ngautunhidzwe nokutendwa
Utatu uri Mwari mumwe
Utipewo upenyu hwako
Munyika yedu yokudenga.

1. Mwari usingaoneki
Uri petyo nesu;
Ngatipfugame ngekutya
PaOtari yako.

2. Vanhu vako ngavazive
Zvipo zvaka pano
Mana inobva kudenga,
Rwizi rwoupenyu

3. Tauya seIzwi rako
Kuzopiwa kudya,
Muviri waTenzi wedu
Neropa rakezve

4. Tese tinzwe Izwi rako
Tiri wako Mwari;
Tifambe panzira yedu
Tapiwazve simba

1. TINOKUTETA Baba
Tinzwewo ngenyasha,
Uzore vana vako
Ngekuzora kwako;
Kuti, tasunungurwa
Muzvitadzo zvese,
Tikupe ngekuchena
Muteuro wedu.

2. Tinokuteta Jesu
Titungamidzewo
Tinganatse kuuya
Iwe uri nzira;
Iwe wakatsidzira
Kubatsira isu,
Kudya kwavanoneta,
Mupi woupenyu.

3. Titangisise Mweya
Tiri vanhu vako:
Tipewo tsitsi dzako
Utivenekere;
Kuti, yakomborerwa
Mweya yedu ndiwe,
Tigashire muviri
WoM’ponisi wedu

4. Utatu Hunoyera,
Uhumwe Hukuru
Tinobatsirwa ndiwe
Ngatiuye petyo;
Hatina simba isu
Ungatisimbise,
Tasunungurwa ndiwe
Tingarege kutya.

1. ARERUYA! Kuna Jesu
Kuna Mambo wedu.
Areruya! Mukuriri,
Une mbiri yese.
Vanhu vese ngavaimbe
Ndwiyo dzokufara,
Jesu wakatiponisa
Neropa rakewo.

2. Areruya! Hatichemi
Hatigari tega;
Areruya! Uri petyo
Tinokudavira.
Kana uchiri kudenga
Tinotondera izwi
Rechitsidzo chako kuti,
“Ndinemi narini.”

3. Areruya! Tenzi ndiwe
Chingwa chengirosi.
Areruya! Kudya kwedu
Toswendera petyo;
Tikumbirire M’ponisi
Une simba rese,
Apo vanoyera vese
Vari Kutunhidza.

4. Areruya! Unogara
Tenzi wavatenzi
Areruya! Munhu wedi
Mwana waMaria;
Ndiwe Chidyo choKudenga,
Ndiwe Muteuro,
Ndiwe Mupristi mukuru
Pasi nokudenga.

5. Areruya! Kuna Jesu
Kuna Mambo wedu.
Areruya! Mukuriri
Une mbiri yese.
Vanhu vese ngavaimbe
Ndwiyo dzokufara
Jesu wakatiponisa
Neropa rakewo.

1. TAFUNGA Baba ngerudo ruya
Rwakatitenga paMuchinjiko;
Tiripano naye Muponisi,
NdiJesu anotikumbira,
Iye Kudenga, isuwo pasi
Tinokupa pamwe Muteuro.

2. Tarisa Baba, pausu hwake
Mupristi mukuru wakozorwa,
Tiri vanyangadzi takatadza,
Tinotyiswa tega kuswendera;
Ndizvo tinopereka Mudiwa,
Tenzi uyo wakatiponisa.

3. Tinokumbirazve Iwe Mwari
Ngepamusana pehama dzedu,
Chengeta vese vakafa vedu
Ponisa avo vari mu’penyu;
Vafungatire paditi rako,
Nokuvabatsira kuchamira.

4. Ndizvozvo tauya Muponisi
Kunewe unotidisa kwazvo.
Ngeuku kudya kunotapira
Tiponise kubva zvakaipa.
Ngatifare nokusununguka,
Mukuitira basa narini.

1. TENZI unogara denga
Ukamuka, Chine Mbiri
Mubatsiri wedu wega.
Uchamutsa vanhu vako.
Areruya, Areruya,
Jesu, chingwa choupenyu.

2. Hationi mbiri yako
Pano sapa Betrehema,
Asi pano sezvo uko
Unokudzwa ngengerosi.
Areruya, Areruya,
Ngatiimbe pamwe nadzo.

3. Nyenye, muteuro wako
Wakapedzwa paM'chinjiko,
Asi muteuro wako
Unogara nguva dzese.
Areruya, Areruya,
Kuti uchenure isu.

4. Mana yedu youpenyu,
Dombo rakaroverwesu;
Denga nesu, ngatikudze
Iwe wakafira isu.
Areruya, Areruya,
Mwari, Mambo, Muponisi.

1. CHINGWA chokudenga,
Nyama yedu yedi,
Tenzi zuva rese
Gutsa mweya yedu.
Wakafira isu,
Tipe simba rako

2. Waini yokudenga,
Ropa rakapiwa.
Tenzi tiponise
Ngemaronda ako,
Ngatiitwe nhengo
Dzomuviri wako.

1. INI handina chiro chiduku
Asi ropa raakandipira.
Ndakadaidzwa kuti ndiuye,
Zvino ndauya.

2. Ndiri kutambudzika kazhinji
Ndiri mukurwa, ndine zitadzo
Kutya kuzhinji, kurwa kukuru.
Zvino ndauya.

3. Ndiri murombo, ndirikurwara.
Uchabatsira, uchandirapa,
Undipe zvese zvinoshaikwa.
Zvino ndauya.

4. Sezvo ndauya uchanditora,
Uchaponisa, uchachenura,
Ngekuti ini ndinodavira.
Zvino ndauya.

5. Ini handine chiro chiduku
Rudo rukuru rwakandibata.
Ndiite wako zvino narini.
Zvino ndauya.

1. Uyai mudye Muviri waTenzi
NeRopa akaparadzira isu.

2. Takatengwa ngeRopa noMuviri
Zvino tasimbiswa tinomutenda.

3. NgemuChinjiko neRopa rake’po
Kristu Muponisi wakakurira

4. Wakaperekerwa vanhu vese,
Iye Muteuro; Iye Mupristi.

5. Kare nyenye dzakabairwa vanhu
Mifananidzo yeChidyo chaTenzi.

6. Mukufa ndiye achaponisesu,
Nazvino anotipa tsitsi dzake.

7. Vanoyera vachachengetwa ndiye
Vachagashira upenyu kudenga

8. Nzara nenyota zvichapera zvino
NgeChingwa neWaini zvine upenyu

9. Mutongi wendudzi dzese dzepasi
Zvino unesu, ngatimuombere.

1. SWENDERAI mugashire
Muviri woM'ponisi
Muzorimwa ropa rake
Makatengwawo ndiro.
Areruya, Areruya,
Tinokutenda Tenzi.

2. Nyama yake inogutsa,
Tifariswe mumoyo
Timukudze Tenzi wedu
Nokumupemberera.

3. PaM'chinjiko akapiwa
Kubairwa isusu
Hezvi otigutsa nhasi
Kuti tisatye rufo.

4. Tenzi Jesu akazvipa
Kufira ndudzi dzese
Ava nhasi hwai yedu
Yokupirwa zvitadzo.

5. Kare mhuka dzaipera
Kuurairwa nhando
Nhasi tine hwai yedi
Takapihwa nedenga

6. Ndiye Gamba redu ega
Anotitungamirira
Asimbise mweya yedu
Nokudya kwokudenga.

7. Swenderai nomufaro
Muzomugwadamire
Ndiye chingwa chadzikiswa
Chine upenyu kwahwo.

8. Pano ndipo avengana
Navanhu vake kwavo
Chishuwo chese chapera.
Tinomuringisisa.

9. Vanoziya akuvapa
Chingwa chaVanoyera.
Vane nyota varikunwa
Murwizi rwoupenyu.

10. Farai mupemberere
Iye Musikavanhu
Ndiyeyo Pasichigare,
Azogara munesu

Tidaidze Areruya,

1. NDIZVOZVO Baba, isu vana vako
Takuratidza Kristu mudikani,
Chipo chako chitsvene, Muteuro wedi
Usine wara.

2 Tinomupa pamsana pavakabvva;
Isu tiri munhamo nokusuva,
Asi kunadzo hama dzinodiwa
Ipa zororo.

3. Vakabaiwa mukukana kwavo
Nganga yomweya rapa maronda’vo
Bvisa zvitadzo, bvisa mawara’vo
Uvachenise.

4. Ipa rujeko, ipa kuzorora
Kusingaperi. Uvatungamire
Apo Vatsvene vanoona Iwe,
Mwari mukuru

1. JESU, namaziso angu
Handioni Muchinjiko
Mu'ri Sakaramende rako
Rakakomborerwa kwazvo
Asi ndinoziva ngedi
Iwe wakafira ini.
Zvino Uri paOtari
Urikuperekwa apo.

2. Jesu, namaziso angu
Handioni Nyama yako
Mu'ri Sakramende rako
Rakakomborerwa kwazvo
Asi nyama yako yedi
Yakanererwesu kare,
Iri paOtari zvino
Ive kudya kwedu kwedi.

3 Jesu, namaziso angú
Handioni Ropa rako
Mu'ri Sakaramende rako
Rakakombo kwazvo
Asi Ropa rako redi
Rakaparasudzirwa isu,
Ririmumukombe zvino
Rive Kumwa kwedu kwedi.

4. Jesu, namaziso angú
Handioni Usu hwako
Mu'ri Sakaramende rako
Rakakomborerwa kwazvo
Asi hondo dzengerosi
Dzinoona Usu hwako
Hwakabaiwa ngeminzwa
Kuponisa vanyangadzi

5. Jesu, namaziso angu
Handioni Mwoyo wako
Mu'ri Sakaramende rako
Rakakomborerwa kwazvo
Asi Mwoyo wako uyo
Wakabairwesu kare
Unopfuta nekudisa
Kokutiita tiyere.

6. Jesu, iwe Mwari wangu
NoMusiki unesimba:
UMwari hwako hwavigwa
Hahuonekwi navanhu.
Asi mu'ri Sakaramende
Uri apo nomuneni ;
Mwari wedi, Munhu wedi,
Ndinokuombera zvino.

1. NYARARAI, vanhu mese
Kotamai nokutya kwazvo
Musafunge nezvepasi
Izvo Kristu aswendera,
Auya kukomborerera
Nokupiwa muombero.

2. Ndiye Tenzi wevaTenzi,
Mambowo wepasi pese,
Mwari wedi, munhu wedi,
Achitora nyama yedu:
Anogutsa vanhu vake
Nomuviri wake uyo.

3 Nengerosi zhinji kwazvo
Dziri kumutungamira
Uyu, ruveneko rwedi
Anouya pasi pano:
Chita chese chaSatani
Chinoparara sedima

4 Maserafi, makerubi
Anoviga hope dzavo
Areruya anoimba,
Nokuimba haaregi:
Areruya! Areruya!
Areruya, Tenzi wedi!

## 1 A! SAKARAMENDE Jesu!

Wazvirereka kwazvo:
Tauya pano zvino
Nomwoyo konamata.
A! Jesu, tinokuremedza
Nokukukudza tichiimba;
A! Sakaramende Jesu!

2. A! Sakaramende Jesu!
Rugare rwedu rwedi,
Matambudziko ese
Anonyaradzwa newe.
Tinokuudza nhamo dzedu
Nokukumbira rubatsiro;
A! Sakaramende Jesu!

3. A! sakaramende Jesu!
Ngarava yokudenga,
Tinoda kuzorora
Munewe nhambwe dzese:
Utiponise tisanyure
Munyanza yezvitadzo zvedu,
A! Sakaramende Jesu!

4. A! Sakaramende Jesu!
Rujeko rwoUmwari
Runojekesa kwazvo
Mukatikati mako:
Kupenya kwamatenga ese
Tivenekere pasi pano,
A! Sakaramende Jesu!

1. MWARI makafaranuka
Kugara saBaba,
Mukorore, muuhumwe
NoMweya wako.
Chingwa chedu, waini yedu
Ndizvo tinozvipa .
Kuna Baba unoyera,
Tichitenda kwaari.
Noupenyu hwake.

2. Ndiwe Mwari wakasika
Vanhu vese pasi
Kuti vazofare newe
Pano nokudenga.

3. Asi tese takatadza:
Hatichafaniri
Kupa chipo chedu kuna
Mwari unoyera.

4. Ndizvo Mwari anetsitsi
Akatipa chipo
Chinogashirika kwazvo
Kunaiye mbune.

5 Chipo icho takapiwa
Ndiye Mwari Baba
Mukorore Jesu Kristu,

6. Ndizvo Mwari, Baba wedu,
Hatizvisimbisi
Tichiuya kundoimba
Munamato wedu:

7. Zve, kunyange zvipo zvedu
Zvisingafaniri
Kuna Mwari, tichauya
Tichiimba rwiyo.

8. Tinoshinga kuswendera
Mwari unoyera
Pamwe chete noM’ponisi
Chipo chedu chedi.

9. Ndizvo Baba, mugashire
Zvipo zvedu pamwe
Nomuviri wakachena
Ropa raJesuzve.

## 1 Tenzi, Unotichengeta

Ngekudisa kwako,
Ndiwe watiunza pano
Kuzoita Misa.

2 Tibatsire, tisimbise,
Tichenure kuti
Tifarire izwi rako
Nokufarirana.

3. Mazwi evangeri rako
Ngaapinde pano,
Pasina chimwe chiro
Chingaarambidza.

4. Mazwi ako ngaapinde
M’nzeve dzedu tese.
Ngaabaye mwoyo yedu
Tikuteerere.

5 Kuti, tanzwa Izwi rimwe
Tizofananidzwa
Newe, Jesu, navazhinji
Vanogaranemi.

# 1 Mwari Baba, wokudenga tiponise;

Tinzwe ngekufara, vanyangadzi, vanyangadzi ndisu,
Tinzwewo ngekufara.

2 Muponisi huya pano utiponise-

3 Ngeichi chingwa, paOtari ngatiponiswe-

4 Ngeiri ropa, rinokosha tiponise-

5 Jesu iwe mwenje wedi tivenekere-

6 Tiswendere, paOtari Inoyera-

7 Tichifunga izwi guru, roruponiso-

8 Huya nhasi, Muponisi, utiponise-

9 Jesu iwe, mwenje wedi, tivenekere-

10 Munhamu dzese, naSatani tidzivirire-

## 1 HANDIFANIRI, Tenzi Mutsvene,

Kuti mupinde mumwoyo wangu;
Taurai izwi rine nyasha,
Rinosunungura vanyangadzi.

2 Handifaniri kushanywa nemi,
Mwoyo wangu uzere marara
Haubviri nokudongorera
Reva zvako izwi ndinorapwa.

3. Handimbofaniri; asi Tenzi
Zvandinyadza kukumisa panze
Wanga waisvondirongedzera
Kudya kwako kuzere upenyu.

4. Uya hako Tenzi ndingadini
Nditodyawo kudya kunoyera
Ndaichema zvinosirisa
Zvino mweya wangu chipembera.

# 1 JESUS Zita rako

Rinondifarisa.
Mwana waMaria,
Muponisi wangu,
Sakaramende rako `
Rinondibatsira.

2. NgeUmwari hwako
Ndisimbise, Tenzi,
PaOtari yako
MuUmwari hwako
Ndinokuombera
Mwana waMaria.

## 1 TAKUNEMBA! Usatyeba

M’chinjilo waKristu;
Takunemba noM’chinjiko
Kuti uve wake.

2 Takunemba! Usatyeba
Kudada neZita.
Tanemba pahumo yako
Muchinjiko wake.

3. Takunemba! Usarambe
Kukanira Kristu,
Mira pamureza wake
Ngesimba norudo.

4. Takunemba! Uchafamba
Nzira yavatsvene;
Uchatora Muchinjiko,
Ugare Kudenga.

5 Ndizvozvo, panze, pachena
Takunemba nhasi.
Huma ine Muchinjiko
Ichapiwa mbiri.

## 1 KWAITWA! Kubarwa patsva

Kwamusuka mhosva yake,
Kuchiita mweya mumwe
Usunungurwe ndiTenzi.

2 Imi maunza mupwere
Mumanja oMuponisi,
Garai muchichengeta
Uyu mupwere waMwari.

3. Mudzidzisei kudisa
Zvinodikanwa ndiMwari,
Azive rudo rwaJesu,
Norugaro rwoMweya.

4. Basa renyu rakanaka
Richiripirwa kudenga,
Muchisongana nomwana
Nokupiwa umambo zve.

5. Tunhidzai Mwari wedu;
Zvisikwa mutunhidzei;
Mutunhidzei ngerosi,
Baba, Mwana, noMweya. Amen.

1. NDAKABABATIDZWA
Ndakapiwa zita
Kuve mwana wako
Wenhaka yako
Muzita raKristu
Ndochirumbidza
Ndichindoyeuka
Chitsidzo changu.

2. Ndinzvenge kuipa
SoMukristuzve.
Jesu, zuva rese
Ndimushandire
Ndiri muukristu
Ndi’mbire Tenzi
Nditsvake yamuro
Ndikotse mhiko.

3. Chikomborero’cho
Ndinochichema
Muombero, basa
Mukuyeriswa
Baba, Mwana, Mweya
Ndipei tsitsi
Ndigare mu’kristu
Ndivigwe newe.

## 1 NHASI Tenzi ndinokupa

Mwoyo wangu wese,
Ndipe simba rokufamba
Ndisingavunduki.

2 Ndipfungame ndinamate
Kunewe Musiki,
Ndipe simba ndizvikunde
Zvirunziro zvese.

3 Dira, dira, dira, Tenzi
Mweya wokumsoro;
Ndibatise pfuma yako
Isingapfuuri.

4 Ngazvirambe zvindipfuwe:
Ndiswendedzwe petyo,
Ndikukudze ndakapfunya
Ndiri petyo newe.

5. Ndipe ndikuvimbisise
Ndichipano pasi,
Ndimhanyire norufaro
Wa'kundidaidza.

6. Zvese ndinoshanda pano
Zvikufadze Tenzi,
Zvindipewo namanyemwe
Ekudiwa newe

7. Ndinyatse kuswenderesa
Nditsigirwe newe,
Ndive uchapupu hwako
Kuvatsva munewe.

8. Kuzoti ndapereverwa
Nezvepano zvese,
Unditore zvako Jesu
Ndigare kunewe.

## 1 KUFARAI uko!

Vanhu vakaita,
Apo Jesu akauya
Kumusha weKana.

2. Musvitsa mukwambo
Vakafara vese,
Izvo Tenzi akadzinga
Nhamo yakaipa.

3 Zvirongo zvakanzwa
Simba rake guru;
Varanda vakachera wain
Vachishama kwazvo.

4. Tenzi woupenyu
Uya pano nhasi
Utipe chikomborero
Chisingazoperi

5. Pfumisa mukwambo
Nomusvitsa wake
Neropa’ro rakabuda
Parutivi rwako

6. PaOtari yako
Tinonamatazve
Sezvo wakakumbanidza
Vakotse narini.

## 1 IZWI rakasifema

Mumunda weEden,
Pam’chato wokutanga
Richikundofema.

2 Sanganisano dzvene
Ravanhu Vakristu,
Utatu huchive’po
Kuti huvasunge.

3 Ne’yi micheka yako
Iwe, rudo, vana,
Zvakaisvovandika
Zvisingadimbuki.

4. Swendera pano Baba
Upe uyu m’svitsa
Kune murume wake
Kuti vave mumwe.

5. Swendera Mukorore
Uvasike patsva
Mune upenyu hutsva
Wavasanganisa.

6. Swendera iwe Mweya
Uvakomborere
Sesangano rimwe
Musvitsa waKristu.

7. Pasi pamapapiro
Omweya Mutsvene;
Vakatanga rwendo rwavo
PaOtari yako.

8. Vaperekedze Baba,
Muupenyu hwavo
Dakara vachisvika
Kumusha kudenga

## 1 MUSI wokusuva kwazvo

Uyo takaudzwa kare
Zviro zvese zvichapiswa.

2 Vanhu vari kutya kwazvo,
Apo Tenzi anouya
Kuzotonga vanyangadzi.

3 Tsuri iri kudaidza
Mumakuva avakafa
Ichimutsa vanhu vese.

4 Vese vari kutenheka
Pasi rese richamuka
Richipindura Mutongi.

5 Ona, tsamba yoMutongi!
Zviro zvese zvakanembwa
Isu tichatongwa ndizvo.

6 Anouya kuzotonga
Hachivigwi chimwe chiro,
Zvese zvichazivikana.

7. Ini munyangadzi kwazvo
Ndichafadza Tenzi sei,
Kuti vese varikutya?

8. Mwari umambo hwese
Iwe wakatiponisa,
Tibatsire vanyangadzi.

9. Funga Jesu, Muponisi,
Iwe wakauya pasi
Kundibvisa muGehena.

10. Nhamo yako inokosha
Yakatenga vanyangadzi
Yakaitwa nhando here?

11. Tipe kuti mweya yedu
Icheniswe neRopa'ro
Isu tisatitatongwa.

12. Ndinochema nokubvuma
Mhosva nezvitadzo zvangu
Ndiponise, ndibatsire.

13. Iwe wakasunungura
Mbavha iri paM'chinjiko
Nomukadzi wakaipa.

14. Handigoni kunamata
Handigoni kupinduka
Asi Tenzi ndiponise.

15. Ndiise mudanga redi
Rine hwayi dzakanaka
Usandirase nembudzi.

16 Apo vanhu vakaipa
Vanopinda muGehena
Ndidaidze navatsvene .

17. Ona ndirikupfugama
Ona ndinosuva kwazvo
Ndiponise munyangadzi.

18. Musi wokuchema kwazvo
Vanhu vari kudaidzwa
Vanouya kuzotongwa.

19. Vaponise Tenzi Mwari.
Jesu Tenzi une nyasha
Vape runyararo rwako.

## 1 TENDAI Mwari Mambo

Mukudzei ngendwiyo;
Mutsa wake mukuru
Unogara narini.

2 Mutenderei zuva
Rinopenya kudenga;

3 Nomwedzi unopenya
Nokuchena usiku;

4 Mutenderei mvura
Inokurisa njera;

5. Mwari wakapa minda
Ibereke michero;

6. Mutenderei zvipo
Zvokupupura kwedu;

7. NeChidyo Chinoyera
Chitsidzo chokudenga;

8. Mbiri kuno Musiki
Mambo wepfuma dzese;
Mbiri kuno Utatu,
Baba, Mwana, noMweya. Amen.

## 1 TINORIMA tidyare

Mbesa dzedu muvu,
Asi dzinodiridzwa
NdiMwari mukuru;
Anotumira mvura,
Nguva yokudziya.
Mhepo zvese nezuva
Zvinodzikurisa.
Zvipo zvese pano
Zvinobva kumsoro;
Tendai Tenzi pamsana
Rudo rwake.

2. Iye ndiye Musiki
Wazvo zviro zvese,
Anosika maruva,
Anotonga zuva,
Mwedzi, mhepo nenyanza,
Shiri dzinorerwa;
Asi zvikuru isu
Tinopiwa kudya.

3. Tinotendera Baba
Zvese zvakanaka.
Mbeu nokupupura,
Upenyu nokudya.
Ngatipe zvipo zvedu
Zvokutenda kwedu,
Asi zvikuru kwazvo
Ngatipe zvomwoyo.

## 1 MUDYARI wandodyara

Mbeu pasi muvu;
Dzinogara mazuva,
Tsuri dzinobuda.
Dzakuriswa nezuva,
Mvura inokudza,
Michero inoibva
Kukohwa kwasvika.
Ngatitende mudyari
Anotipa mbeu;
Anodiridza mbeu
Anodziwandisa.

2. Ona Mudyari mumwe
Wakabairwesu,
Arikudyara mbeu
Izwi roupenyu.
Sangano riri munda
Mweya yedu ivu;
Mwari ngaafadziswe
Apo anokohwa.

3. Mumwe musi Mudyari
Achakohwa mbesa
Achauya nesimba
Navapwere vake.
Ndipo anourutsa
Hundi muzviyomo,
Achazopisa hundi
Nomwoto narini.
Mudyari unoyera
Uchava nomutsa
Pamusi wokutongwa
Ungatiponise.

## 1 TENDAI Mwari

Watipa mbesa
Gore rinozve
Ngekufara.

2 Mutsa waMwari
Mukuru kwazvo
Anotidisa
Ngekufara.

3. Tendai Mwari
Ngemvura yake
Yakanakisa
Ngekufara.

4. Tendai Mwari
Ngezviro zvese
Zvinokurisa
Mbesa dzedu.

5. Tinomutenda
‘Mwi Mwari wedu
Watipa mbesa
Gore rino.

1. NGATIKUDZE Vapostori,
Vari zvipo zvoM’ponisi.
Ngatitende Mwari tese
Nezviimbo zvokufara

2. Ndivo vashe veSangano
Vakakunda mhandu dzavo;
Ndivo hondo yokudenga,
Vakavenekera pasi.

3. Rudaviro rune simmba
Banza risingakurirwi
Rudo rwese kuna Kristu.
Neizvi vakakurira.

4. Vakaonisa ukuru
HwaBaba; vakaonisa
Ruso rwoM’ponisi wedu,
NoMweya Unoyera.

5. Takuteta Muponisi
Utisanganise isu
Varanda vako naivo
Apo vagere kudenga.

1. MACHINDA avatsvene
Makapenyisa pasi,
Munogara naJesu
Kutonga vanhu vake.

2. Kupenya kweVangeri
Makauyisa pasi;
Kuipa kwakadzingwa
Zuva rakabudazve.

3. Handi nesimba ravo,
Handi namazwi avo,
Asi noMuchinjiko
Vakakurira vanhu.

4. Pakare rakasungwa
NdiSatan’ pasi rese
Zvino rinoponiswa
Nokuombera Mwari.

5. Pasi ririkuimba
Kunemi Vapostori,
Imi makaraura
Masoko okudenga.

6. Tinokukudza Mwari
Unogara narini;
Wakatibvisa tese
Musimba rezvitadzo.

1. VANOYERA kunaMwari;
Vapostori vachaimba rwiyo rumwe
runofadza ndivo vashe kunaMwari
Mambo wavatsvene.

2. Vanogara nekufara -

3. Vachikudza Mwri Baba -

4. Vachifara nokufara -

5. Mwoyo yavo yakachena -

6. Ndivo vakakomborerwa -

7. Ndivo vashe vokundenga -

8. Ndizvo tinovakumbira -

9. Rubatsiro kunaivo -

10. Kuti tizive nzirayo -

1. NGUVA yakakomborerwa
Misi yavatsvene,
Tatondera Vamatari,
Tafarira vese.

2. Vakaita zvishamiso,
Vakava nesimba,
Isu ngativirikidze
Zvino, nhambwe dzese.

3. Vakava noRudaviro,
Tariro noRudo;
Vakashora mwoto, Pfumo
Vasingatyi kufa.

4. Kufa, guva zvakapera
Zvino vakapiwa
Tuso ravo navatsvene,
Nengerosi dzese.

5. Zvino vanogara zvavo
Vachiona Tenzi,
Varikutikumbira
Tsitsi dzokukunda.

6. Kurwa kwedu kuchapera
Basa richaguma
Tese ngetikudze Mwari
Navatsvene vese

1. IMBIRAI mese,
Farirai kuti
Nhamo dzakatandwa
Kuna Vamatari.
Mbiri yokudenga
Vagashira nhasi,
Nhamo dzakapera,
Vanofara vese.

2. Vakashinga vese
Mukutambudzika.
Mahwe, pfumo mwoto,
Mahwe, pfumo mwoto,
Havasakazvitya;
Rurunziro rwese
Rwakakundwa ndivo,
Rudaviro rwavo
Rwawanisa Tenzi.

3. Vakaona nyika
Ine mbiri yese
Apo vakuriri
Vanomira zvino.
Kunyika'yo, hama,
Ngativatevere;
Takurira isu,
Tizofara navo.

1. JESU, ndiye chiremba
Chemhandara kudenga,
Wakabarwa ndimai
Mhandara inoyera.

2. Mhandara zhinji zvino
Dzinofara Kudenga;
Vasvitsa vakachena
Vatenderedza Nyenye.

3. Dzagarika mumbiri;
Dzichipembera kwazvo
Dzine zvipo zvitsvene;
Dzagarikiswa naye.

4. Tipewo tsitsi, Jesu,
Mumwoyo tichenurwe,
Isu varanda vako,
Tigare savatsvene.

5. Mbiri kunewe Baba,
Nokuno Mukorore
Kunewe Munyaradzi
Narini, Mwari mumwe. Amen.

1. MWEYA ine mbiri yese,
Iri kupenyisa.
Zvino iri mukufara,
Yakasvika sei?

2. Ndivo vabva mudambudzo,
Vakabvuma Kristu,
Vakasuka nguvo dzavo
Muropa rakezve.

3. Uko vese vanomira
Mberi kweChigaro.
Vanokudza Mwari wavo,
Vane mbiri zhinji.

4. Nzara, nyota, nhamo dzese
Zvino dzakapera.
Masodzi akaomiswa
Ndiye Muponisi.

5. Vanovenekerwa zvino
NoM’ponisi wavo.
Nyenye inovachengeta
Ichifamba navo.

6. Zvino vakapiwa vese
Kudya kwoKudenga;
Nyota yavo yakapedzwa
Nemvura chaiyo.

7. Mbiri kuna Mwari Baba,
Kuno Mukorore
Kuno Mweya Unoyera
Zvino, nhambwe dzese. Amen.

1. VANOTAMBUDZWA vakomborerwa, ndivashe kudenga.
Vanogarika saiye Jesu Mambo.

2. Varombo vanozokomborerwa, umambo ngehwavo -

3. Vanochema vachakomborerwa, zvo vachanyaradzwa -

4. Vanochenisa mwoyo yavo, vachaona Mwari -

5. Vonokumbira vanozopiwa, zvipo zvokudenga -

6. Vanogumira zambara ngedi, vanozururirwa -

7. Vanotakura joko raTenzi, rinorema kwazvo -

8. Vese vanouya kunaTenzi, vachimutevera –

1. NDIVANANI vakamira
Senyenyedzi kuna Mwari
Nezviremba mumisoro?
Vabvepiko ava vese
Vanoimba Areruya
Mwari Mambo wokudenga?

2. Ndivanani vanosvika
Vane nguo dzinopenya,
Dzvinopenya nguva dzese
Nguo dzavo hadzipumi,
Kanapo dzagarisisa
Vabvepiko ava vese?

3. Ava vakakana kwazvo
Kukanira Muponisi
Vakashinga kana kufa
Havana kumbonya ngadza
Vakakana zvakanaka
Vari kupembera zvino.

4. Yakaona dambudziko
Mwoyo yavo pasi pano
Vakamunamata Mwari
Uyo vakamutunhidza
Vakapedza hondo yavo
Havachina dambudziko.

5. Vanoona Mwari zvino
Vakamira savapristi
Zuva nesikati zvese
Vanoita kuda kwake
Kunoyera kunaMwari
Vanogara nguva dzese.

1. INZWA ndwiyo vanoyera vanoimba kudenga,
Areruya, Areruya, voimba kunaMwari.
Hatigoni kuverenga chita chavanoyera,
Vane nguvo dzakachena vanobata michindwi.

2. Vadzibaba, vaProfiti vakagadzera nzira
VaProstori, vaMatari, navo vaVangeriwo;
NeVakadzi neMhandara vese vane chitendo,
Vese vanoimba pamwe kumutunhidza Mwari.

3. Vabva mumatambudzo vakasuka nguvo dzavo
Muropa raTenzi Jesu, vakashinga kumira
Vakasungwa nokusekwa, vakakorera kufa,
Vakakunda rufo pasi ngemusimba raJesu.

4. Vakashinga kutevera Jesu Kristu mukuru,
Pasi pomureza wake, Muchinjiko wenyadzi,
Vakafara kumufira, vakadisa zvinetso,
Nomukufa vachamuka muupenyu hwembiri.

5. Asi zvino vanotonga naye Mambo kudenga,
Vari kumwa mvura yavo mune rwizi rwaMwari,
Runyararo, rudo, idi, zvese vanozviona,
Ngekuona Baba Mwana noMweya Unoyera.

6. Mwari, Mukorore, Kristu, Mambo, Emanueri
Vanoyera vanogara munaiye narini:
Takuteta Tenzi Jesu dira grasia panesu,
Mwari Baba Mukorore noMweya Unoyera. Amen.

1. NGATIIMBE nguva dzese,
Uyo musha waMwari, `
Mumatsapa eEdeni
Matsigo akaiswa,
Dai ndine mapapiro
Engerosi kudenga,
Nokupinda paZioni
Navatsvene vaMwari.

2. Guta rese re'yo musha
Raive rendarama,
Uyo musha wakanaka,
Pfuma yavo izhinji.

3. Mukati mouyo musha
Kristu anogara'o,
Ngerosi dzatenderedza
Dzinomupa rusenzi.

4. Pachigaro choumambo
Ndwizi dziri kubuda,
Dzinokomberedza musha
Somuranzi mupenyu.

5. Minda yese yeyo musha
Inonakidza kwazvo,
Mune ndudzi dzese dzese
Dzemaruva epasi.

6. Kutumbuka kwamatsoka
Kunogara kurimo;
Uko minda haiomi,
Inofadza narini.

1. NGATIIMBE ngekufara
Nyaya yeJerusarema;
Musha tinochiva kwazvo
Apo tiri mudambudzo.
Musha wokunaka kwese
Vanoyera varimo.

2. Rusvingo rwouyo musha
Rwakavakwa ngematombo
Ayo gumi namairi,
Ndivo avo Vapostori.
Mazambara ane ndoro
Haapfigwi narini.

3. Twana twese tunotamba
Mumagwanza endarama,
Rwizi rwoupenyu hwedi
Runofamba ruri umo,
Kune miti youpenyu
Inofadzisa vanhu.

4. Nyenye yakabairwesu
Inogara ichitonga
Musha unovenekerwa
Nge Maronda anembiri.
Zuva haripisi vanhu
Usiku hahusvipi.

5. Umo vari Vadzibaba,
Vaprofiti naVamambo.
Abrahama, naIsaka,
Jakabo, naSamueri,
Mozisi, naye Erija,
Isaya, naDavidi

6. Ona! Vapositori vese,
Vamatari, vadzidzisi,
Vabishopi, nadzo Mboo
Vakabva mudambudziko.
Franzisi naye Agasten,
Siprian, naGonsaro.

7. Vadzimai neMhandara
Vanogara naMaria;
Magdarene, Pepechuwa,
Monika, naFerisiti,
Vachifara nokuimba
“Mwoyo wangu” naMai.

8. Hama dzedu tingasvike
Sei kuvaona ivo?
Ngatidane savatsvene,
Nokuit’umboo hwedi,
Tichiramba zvakashata
Tichigara ngerudo.

9 Ngatikumbirewo kwazvo
Minamato yaVatsvene,
Kuti tibatsirwe zvino
Napanguva yokuguma;
Ndizvo tinoimba tese
Mbiri kuno Utatu. Amen.
§

1. MUSHA wedu wokupenya
Iwe une mbiri,
Unorunyararo rwese
Musha woMukuru:
Kare Vaprofiti vese
Vakakutunhidza.

2. Vanhu vako vanoimba
Kuti Areruya;
Nguva dzese vanofara
Vachifara vese;
Avo vese vari umo
Vakachena kwazvo.

3. Apo Tenzi ari Zuva
Rinopenya kwazvo,
Ndiye anodzinga dima,
Usiku hwapera.
Vanhu vake havaneti,
Havadi kurara.

4. M’viri unotambudzika,
Unova nesimba
Apo unosununguka
Mukurwara kwese,
Nokugara uchifara
Uchiva nembiri.

5. Ndizvo tora zvinorema,
Ukane, usatye.
Basa rako ragumiswa
Tuso harigumi;
Kuzorora nokufara,
Hakuperi apo.

6. Mbiri kunaMwari Baba,
Kuno Mukorore,
Kuno Mweya Unoyera,
Umwe muUtatu:
Mwari ane simba rese,
Mwari wedu wedi. Amen.

1. VARINDI imi Vanoyera,
Makerubi naMaserafi,
Pemberai, Areruya.
Masimba, Vashe wokudenga,
Ngerosi, farirai mese,
Areruya, Areruya, Areruya, Areruya Areruya.

2. Mukuru kana Makerubi,
Ngembiri inopinda ese,
Areruya, Areruya.
Maria, Mai neMhandara
Ngemwoyo unokudza Tenzi, .
Areruya, Areruya, Areruya, Areruya, Areruya,

3. Imbai mweya yavatsvene,
Vaprofiti naVadzibaba
Areruya, Areruya.
Imbai Vapostori vese,
Imbai imi Vamatari,
Areruya, Areruya, Areruya, Areruya, Areruya,

4. Makristu ngatifarirane,
Tiimbe ndwiyo dzokudenga,
Areruya, Areruya,Areruya.
Tikudze Iye Mwari Baba,
Titunhidze Mwana, noMweya
Areruya, Areruya, Areruya, Areruya, Areruya,

Amen

1. IWE Mwoyo pakuneta
Kudza Mwari; uringise
Apo Vanoyera vese
Vanomira vane mbiri.
Ndizvo tenda Mwari wavo
Iye wakavapa simba.

2. Tenda Mwari ndiMaria
Anopinda vanhu vese
Mukuchena nokuyera.
Mukwazise seNgerosi
Reva kuti: “Mai wedu
Iwe wakakomborerwa.”

3. Tenda Mwari NdiJohane
Munyai waTenzi wedu.
Tendawo ngeVapostori
Vakakudzwa pasi pese,
Nehondo dzaVamatari
Dzakamutambudzikira.

4. Tenda Mwari ngeMhandara
Dzakachena, dzine simba:
Mboo dzakashinga kwazvo,
Vadzidzisi, Vadzibaba,
Vadzimai vanoyera
Vakachengeta varwere.

5. Tenda Mwari ngevapwere,
Tusikana, tukomana
Twakasvika ngekufara
Kune musha wokudenga
Apo vese vanoimba
Mbiri kuna Mwari wavo.

1. IWE Jerusarema
Musha woKudenga!
Vakomborerwa ivo
Vagere munewe.

2. Musha waMwari Mambo,
Musha wendarama;
Munoimba vatsvene
Navakasarudzwa.

3. Ndiko Mwari agere
Chiremba chevese;
Nyenye iri kupenya
Kusingazodzimi.

4. Hakuswenderi chiro
Chinovapatitsa,
Vanoimbira Mwari
Zuva nousiku.

5. Tinosvitswa ngebanza
Ndikwo kune chido,
Matambudzo epasi
Asatirambidze.

6. Kunaye Kristu Zuva
Rechechi yakezve,
Kuna Baba noMweya
Zvese zvikotame. Amen.

1. VAPRISTI, naVatsvene,
Vamambo naVakundi,
Vane michindwi ye mbiri
Nenguvo dzinopenya,

2. Asi avo Vakundi
Vanouya kuNyenye,
Vachiimba “Takakunda
Pamsana poM’chinjiko.”

3. NaVamambo vanoti,
“Ngatirase umambo
Iwe basi uri Mambo
NaTenzi wavatenzi.”

4. Vapristi paOtari
Vanoti, “Nguo dzedu
Dzakacheniswa ngeRopa
RoMuponisi wedu.”

5. Vaiva vanhu sesu;
Apo tinofa isu
Mweya yedu ikurire
Itonge, ichipenya.

1. JERUSAREMA, rinofadza,
Zita rapamwoyo.
Dzichapera rini nhamo,
Ndiwane rufaro?

2. Ndinangise mazambara
Amangaringari?
Namasvingo okupona
Nzira dzendarama.

3. Tenzi, wakatenderedzwa
Ngevatsvene vese;
Navadiwa munaKristu
Vachakumbanidzwa.

4. Jerusarem’ rinofadza,
Ndinosvika rini?
Dzichapera rini nhamo,
Ndiwane rufaro?

5. Tenzi ngandigadzirire
Mushayo worudo,
Kuzoti ndikunangise
Navatsvene vako.

1. JESU, M’ponisi tinokutenda
Ngevanoyera vese vakafa;
Avo vakadavira kunewe.
ndiwe.
Areruya.

2. Iwe wakadzivirira ivo,
Wakavatungamira muhondo
Wakavavenekera mudima.
achauyazve.

3. Varanda vako vanodavira
Ngavakane, savatsvene kare,
kumsoro,
Ngavapiwe zviremba saivo.

4. Chita chaVanoyera vaMwari!
Tinokana, Ivo vanofara!
Asi tinokumbanidzwa

5. Ona! Musi mumwe uchasvika
Apo Vanoyera vachamuka,
Mambo weMbiri

6. Vanhu vachibva munyika dzese
Vachapinda muMusha
Vachimuvirikidza Utatu.

1. TINOKUIMBIRA
Ngemutsvene wako,
Wakaedza kuva wako
Nokukutevera.

2. Ngemutsvene wako
Wakafa munewe,
Akaona mubairo
Tinokutunhidza.

3. Ita tifanane
Navatsvene vako,
Utikumbanidze tese
Muchita chorudo.

4. Tinokudza Jesu
Nokukutetazve
Kuti tivateverewo
Vanyakukufira.

5. Mbiri kuna Baba,
Kuno Mukorore,
Kuno Mweya, Mwari mumwe,
Zvino nhambe dzese. Amen.

Rwiyo 125 “Ngatifunge ngekufara”, rungaimbwe.

1. MWARI, uyo pasi, nyanza
Nedenga zvinonamata;
Zvichitenda simba rake
Wakabarwa ndiMaria.

2. Tenzi zuva, mwedzi zvanzwa,
Zvese zvinomushandira,
Wakanambwa noMweya
Munhumbu yake mutendi.

3. Uyo Mai wakafara
Ngekubara Tenzi wedu;
Musiki wepasi pese,
Mutongi wezviro zvese.

4. Mai wakakomborerwa
Ngengerosi noMweya,
Kunaye Kuda Kwepasi
Kwakaberekwa somunhu.

5. Tinokutunhidza Tenzi
Wakabarwa ngeMhandara,
Iwe pamwe naye Baba,
Naye Mweya Unoyera, Amen.

1. KWAZIWAI Maria
Wakakomborerwawo.
Wakagadzwa ndiMwari
Kubereka M'ponisi
Jesu, Mwari wedu.
Mwari wakabarwa ndiwe,
Mai neMhandara,
Maria mutsvene,
Maria mutsvene.

2. Mhandara ine mbiri!
Kubva munhumbu yako
Ruponiso rwepasi
Rwakabuda kurapa
Zvitadzo zvavanhu.

3. Gabrieri wakareva
Mazwi anofarisa,
"Uchabereka Jesu;
Achauya kunesu
Achibva kudenga."

4. Iwe uri Mhandara
Inopfuura dzese.
Wakachena zvikuru;
Wakazadzwa ngetsitsi,
Nokupenya kwedi.

5. Pasi rakashambadzwa
NdiEva mai wedu,
Rakabatsirwa ndiwe
Mai wakapfava,
Nokuteerera.

6. Minamato yaMai
Ngaiitirwe isu,
Navanhu veSangano,
Vanoparadzwa kwese
Vari mudambudzo.

1. HATIDI here Mai'we
Jesu anodisa;
Nokumukudza zvikuru
Mukukudza kwake.

2. Takange takasungiswa
Ngezvitadzo zvedu,
Dakara asvike pasi
Kuzotinunura.

3. Iye wakagashirazve
Unhu hwake ndiwe,
Munhuwo iye wakafa
Kutisunungura.

4. Iwe waimugumbata
Achichema kudya;
Zvinyoro wakamurera
Mwari munhu wedi.

5. Udzamu hwenyasha tsvene
Kuzvidzikisira;
Iwe Mai wakafara
Ngekudisa kwake

6. Rufaro rwako ngerwedi
Kubereka Tenzi,
Kuva wake muzviito
Namanzwi nepfungwa.

7. Tabvira kukudisazve,
Mudikanwi wedu,
Tinopa mbiri kunewe,
Pamusana paJesu.

8. Jesu, Mwana weMhandara,
Tinokuombera,
Umweyo naMwari Baba,
NoMweya narini. Amen.

1. KWAZIWAI Mai,
NeNyenyedzi yedu,
Inotiratidza
Nzira yokudenga.

2. Iwe Musikana
Wakakudzwa kwazvo,
Mwari wakauya
Kuve Mwana wako,
3. Nguvayo Gabrieri
Akakukwazisa,
Runyararo rwese
Rwakauya pasi.

4. Satan wakasunga
Isu ngemajoti,
Ndizvo tinoshaya
Zvese zvakanaka

5. Mai woM'ponisi
Une tsitsi dzese,
Namatira isu
Kuno Mwana wako;

6. Kuti atiite
Tifanane newe,
Ngekupfava kwazvo
Nokuchena kwese.

7. Minamato yako
Ngaitibatsire,
Ndizvo tichawana
Nzira yokudenga.

8. Mbiri ngaipiwe
Kuna Mwari Baba,
Kuno Mukorore,
Mumwe noMweya. Amen.

1. KRISTU, Mwari wedu,
Takuimbira.
Ngekukudzwa kwedi
KwaMai wedu.

2. Diti raMaria
Rachena kwazvo
Apo Tenzi Jesu
Wakatseyama.

3. Uyu wakaitwa
Mai waTenzi.
Achakudzwa kwazvo
Ngendudzi dzese.
4. Unopinda zvese,
Ngembiri yako,
Mai neMhandara,
Tinokukudza.

5. Tsitsi dzakapiwa,
Kuna Maria,
Isu ngatipiwe,
Tsitsi dzaJesu.

6. Muupenyu hwedu,
Ngatibatsirwe.
Kuti tikuone,
Pakufa kwedu.

7. Mwana waMaria,
Mbiri kunewe,
Mbiri kuna Baba,
NokuMweyazve. Amen.

1. KWAZIWAI Maria! Mai waJesu,
Vana vako vanokuchemera.
Tinokudisa’ zvo usine vara,
Nyenyedzi inopenya yedenga.
Mai unodiwa, tinamatire,
Tinamatirewo vana vako;
Kwaziwai Maria! Mai waJesu,
Nyenyedzi inopenya yedenga.

2. Kwaziwai Maria! Mudiwa wedu,
Tiri vafambi, tibatsirewo.
Izwi redu ngarikwire kunewe,
Nyenyedzi inopenya yedenga.

3. Kwaziwai Maria! Tiri kuuya
Pamberi pako norudo rwedu.
Mweya wako ngaudzike panesu,
Nyenyedzi inopenya yedenga.

4. Kwaziwai Maria! Mubatsiri’ we,
Takarasika, tidzivirire,
Tibatsire kuti tichirunzirwa,
Nyenyedzi inopenya yedenga.

1. TENDAI Mai Maria Hosi yokudenga;
Tendai tendaiwo tendai Maria.
2. Ruveneko rwedi, rwakaberekwa ndiye-
3. Ngerosi dzakatumwa kundosima masoko -
4. Ngerosi dzokudenga dzakafarira Mwana-
5. Vazivi vemabvazuva, vakaona nyenyedzi -
6. Nyenyedzi inoshamisa, yakavavenekera -
7. Vazivi vemabvazuva, vakauya nezvipo-
8. Vakapa ndarama kunaiye, samambo-
9. Rusenzi sokuna Mwari neMura zvo achafa-
10. Asi isu, takamboreva ngatitende Maria-
Ona Maritania No 261. Mwari Baba wedu.

1. JESU ari kudaidza
Mukutambudzwa kwedu.
Misi yese izwi rake
Rinoti “Nditevere.”

2. Sezvo kare Andreasi
Akanzwa izwi rake,
Akasiya zviro zvese
Pamsana poM’ponisi.

3. Jesu ari kudaidza
Vanhu vese vepasi,
Achiti, “Vapwere vangu,
Ndidisei zvikuru.”

4. Mukufara nokusuva
Nomumabasa edu,
Anoda kuti timude
Nokuregera pasi.

5. Jesu ari kudaidza!
Tibatsire, M’ponisi,
Kuti tinzwe izwi rako,
Tikudise narini.

1. IMI ngerosi mune mbiri huru,
Muri kupenys, nyenyedzi dzaMwari,
Munogara muine ruveneko
Muchivirikidza Tenzi narini.

2. Dziri makotsi ako Tenzi Mwari,
Dzese kudenga dziri kuombera.
Dziri varanda vako unotuma
Kusimbisa vanhu mupfumvu dzavo.

3. Dziri kumira, hondo ine simba,
Dzichichengeta chigaro chaMambo,
Apo zvisikwa zvese zvokudenga,
Mberi kweNyenye zviri kukotama.

4. Mikaeri, Muchinda, nomuchengeti,
Rafaeri, Murapi, unonyaradza,
Gabrieri, Munyai woMuponisi,
Tiri kupiwa ndimi rubatsiro.

5. Denga nepasi zvakasikwa kare,
Musi wakapera basa raTenzi,
Ndizvo Ngerosi, varanda vaMwari,
Dzakafarira ngekudaidzira.

6. Tenzi wehondo yengerosi dzese,
Rega dzitikanire tikurire;
Napakuguma tese ngatiuye
Nengerosi dzako tivirikidze.

1. PACHIGARO chake Mwari
Ngerosi dziri kumira,
Dzichiona mbiri yake
Dzichimuridzira mbira.

2. Dzimwe dziri kumutenda
Nokuita rudo rwake,
Dzimwe dziri kuchengeta
Varanda vake vepasi.

3. Tenzi, tumira ngerosi
Kutitungamidza nhasi,
Usiku hwese dziudze
Kutikotsa takarara.

4. Ngozi haimbouyiba
Kukuvadza nokutyisa;
Tichagara pakuguma
Nengerosi dzokudenga.

1. ZVAKANAKIRESU, Tenzi,
Kuvapa pano pagomo,
Hope yako nenguozve,
Zvinopenya norujeko

2. Zvakanakiresu, Tenzi
Kuona kunaka kwako;
NaMosesi naEria
Vatumwa vako vekare.

3. Muzadzisi wezvekare,
Mupiki wezvichauya
Tinoona ruponiso
Mumuviri worumbidzwa.

4. Tisati taona rufu,
Tinoona Ushe hwako,
Taida kugara pano
Mumbiri yorujekoru!

5. Zvakanaka kugara'pa,
Asi nokuti watema
Kuti tidzike mugomo
Chiuya nesu mubani.

1. JESU Tenzi wedu
Simba raMwari,
Pinda musangano redu
Kutikomborera

2. Mvura youpenyu
Inochenura
Vese vano babatidzwa
Kubva muzvitadzo

3. Mweya Unoyera
WaMwari wedu
Unosimbisa Makristu
Ngezvipo zvinomwe.

4. Kristu anotipa
Muchidyo chake
Muviri neRopa rake
Kuve kudya kwedu.

5. Vanyangadzi vese
Ngerupinduko
Vanochenurwa mumwoyo
Nokusunungurwa.

6. Mwari wokudenga
Anogara muno
Kukomborera Makristu
Nokuvadzidzisa.

7. Ngerosi dzaSatani
Hadzikwanisi
Kukuvadza vadaviri
MuSangano redi.

8. Ngatikudze Baba
NoMukorore
NaMwari Mweya Mutsvene
Mune chechi yake. Amen.

1. Ndiwe musha wokudenga,
Wakakomboreriswa.
Washongedzwa somusvitsa,
Unodzika kunesu:
Hondo dzese dzengerosi
Dzichiutenderedza.

2. Musvitsa waTenzi wedu,
Wafukidzwa ngembiri:
Mbiri iri kufanira
Ukuru hwomurume.
Magwanza neshongwe dzese
Zvapenya nendarama.

3. Mazambara ane ndoro
Azuruka narini.
Mweya yavadaviriki
Yakapinzwa, ngekuti,
Pamsana pezita rake
Vakatambudzwa pasi.

4. Kristu, ndiye zihwe guru
Rasarudzwa ndiMwari;
Zihwe rinokumbanidza
Maguta muuhumwe.
Hakunaba chitariro,
Asi muzihwe iro.

5. Musha uyu unoyera,
Unodiwa ndiMwari,
Unoimba ngekufara
Ndwiyo dzisingagumi,
Dzinotunhidza zvikuru
Mwari mumwe mugari.

6. Mambo waavo Vatsvene,
Zadza temberi iyi,
Noruveneko rwedenga:
Paminamato yedu,
Zadzisa mwoyo yavanhu
Nenyasha dzokudenga.

7. Vanhu mese tunhidzai
Mwari Baba Mukuru.
Tunhidzai Mukorore,
Tunhidzai Mweyazve;
Imbirai Mwari mumwe
Ngekufara narini. Amen.

1. FARAI vacheni
Tendai muimbe,
Mureza wenyu mukwidze
M’chinjiko waKristu.

2. Imbai vakru
Nevakomanawo,
Vasikana taurai
Ukuru hwaMwari

3. Fambai pamberi
Nezviimbo zvenyu
Tifambe muchechi yedu
Nzvimbo inoyera.

4. Nengerosi dzese
Navanoyerazve
Imbai kufara kwenyu
Mupembere kwazvo.

5. Muvirikidzei
Imbai Hosana
Rwiyo rwenyu serusenzi
Rukwire kudenga.

6. Imbai ngesimba
Zviimbo zvekare
Izvo zvaisoimbwawo
Navababa vedu.

7. Muupenyu hwenyu
Makore mazhinji
Ngekufara nokuchema
Fambai muimbe.

8. Kwidzai M’chinjiko
Fambai ngesimba
Dima rese richapera
Zuva richabuda.

9. Rwendo ruchapera
Kumusha waBaba
Vafambi vachazorora
Mukuneta kwavo.

10. Fambai vacheni
Tendai muimbe
Mureza wenyu mukwidze
M’chinjiko waKristu.

Rwiyo 124. “Tenzi nzvimbo yako”, rungaimbwe

1. KRISTU asati akwira
Kutonga kudenga
Wakarivamba Sangano
Rigere narini.

2. Wakagadza Vapostori
Mabandadzi ake;
Avo vakamisa vamwe
Munzimbo dzavowo.

3. Ndizvozvo Makore ese
Grasia rakapiwa;
Sangano rake riripo,
NaTenzi kumusoro.

4. Varasiki ngavapinde
MuSangano redi;
Ngariitwe danga rimwe
NoMufudzi mumwe.

5. Mbiri kuna Mwari Baba
Kuno Mukorore
Kuno Mweya Unoyera
Zvino, nhambwe dzese. Amen.

1. NGEMASOKO okufara,
Akaudzwa ngengerosi,
Ngekunambwa kunoyera,
Nokuuya kwako pasi.
Tinzwe, Mwana waMaria,
Wakambova mwana sesu,
Zvino unogara denga,
Unokudzwa ngengerosi.

2. Ngekufamba kwakaitwa
NdiMaria pamakomo,
Nokuchingamidzwa kwake
Ndimai waSt Johane.

3. Ngekubarwa somurombo,
Nokugara mune ngombe,
Ngemakumbo namaoko
Akasungwa ngembereko.

4. Ngekupiwa muTemberi,
Nokufara kweharahwa
Yakakugashira Iwe,
Ikaimba rwiyo rwayo.

5. Ngekuwanwa kwako uko
NdiMaria muTemberi;
Ngeungwaru hunoyera,
Nokuteerera kwako.

1. NGEKUTAMBUDZIKA kwako,
NomuZiya rine Ropa,
Ngekutsvoda kwakaipa,
Nokurambwa ngevaJuda.
Jesu, tinzwe, Muponisi,
Wakatambudzika sesu.
Zvino unogara denga
Unokudzwa ngengerosi.

2. Ngekusungwa ngemakanda,
Nokunerwa ngemasoja
KwoMuviri unoyera;
Ngekutsutsa kwe’ro Ropa.

3. Ngerutsanga nokutukwa,
Ngekusekwa nokupfirwa,
Nokubaiwa ngeminzwa
Yakaiswa sechiremba.

4. Ngekufamba kunonetsa,
NgeM’chinjiko unorema,
Ngekuchema kwavakadzi
Vakasangana newe’po.

5. Ngekuiswa paM’chinjiko;
NgeMazwi akataurwa;
Ngekusuva kwaMaria:
Nokufa kunokoshisa.

1. NGEKUMUKA kune mbiri,
Nokutyiwa ngemasoja;
Ngekuuya kwavakadzi,
Nokufara kwavadzidzi.
Tinzwe, Mambo une mbiri,
Tidaidze, tionise
Nzvimbo iyo unogara
Uchikudzwa ngengerosi.

2. NgeChikomborero chako
Chakapiwa kuna vanhu
NgeKukwirazve kudenga
Nokupinda kwako umo.

3. NgeKunamatira vanhu
PaChigaro choUmambo;
Nokugara nguva dzese
Uchikumbirira isu.

4. Ngebopoto rinotyisa,
Zve ngeNdimi dzokupenya;
NgeKudururwa kwoMweya,
Nokubarwa kwayo Chechi.

5. Ngekugara kwako nesu
Mune Chechi nguva dzese.
Ngekuvapo kune simba
Kubatsira vanyangadzi.

1. MWARI Baba wedenga;
Tinzwe takuteta.
Mwari Mwana Mugari;
Tinzwe takuteta.
Mwari Mweya Tenzi;
Tinzwe takuteta.
Utatu Hunoyera,
Tinzwe takuteta.

2. Jesu, Jesu,
Ngekuitwa munhu kwako,
Nokubarwa Muponisi,
Takuteta takuteta.
Mukuipa tidziire,
Tipe tsitsi nomutsa.

3. Jesu, Jesu,
Pamsana pokurunzirwa,
Kutinamatira kwako.

4. Jesu, Jesu,
Ngemabasa ane nyasha,
Ngemuchinjiko nenhamo.

5. Jesu. Jesu.
Ngeropa rakaparadzwa,
Ngekufa kunoponisa.

6. Jesu, Jesu,
Ngekumuka zve mukufa,
Sechitsidzo chokudenga,

7. Jesu, Jesu,
Wakapedza nhamo yako
Wakakwirazve kudenga.

8. Jesu, Jesu,
Iwe mununudzi wedu
Uri kutikumbirira.
Takuteta takuteta.
Mukuipa tidziire,
Tipe tsitsi nomutsa.
Amen.

1. MWARI Baba, Mwari Mukorore,
Mwari Mweya, Vatatu munoMumwe,
Isu varombo, zvino takuteta,
Tiponise Utatu.

2. Mwari waMwari, Mambo une mbiri,
Tenzi wesimba; wakabarwa pasi
NgeMhandara pamsana pavanhu;
Tinzwe Muponisi.

3. Mufudzi uyo Baba akatuma
Kundotsvaka hwai dzakarasika.
Mupristi wedu wakasotaurwa;

4. Mambo weSarem, noMupristi wedu
Chingwa neWaini zvakaunzwa ndiwe.
Nyenye yePasika yakapirwa vanhu,

5. Mana yanongwa mangwanani kwazvo,
Kudya kwerwendo, Kudya kwengerosi,
Kwawakapa kune vanhu vako kare;

Chidimbu 2
6. Ngerudo urwo rwakagadza kudya,
Muviri neropa rinokosha,
Usati watifira paM’chinjiko;

7. Nokufa kwako kunokosha kwazvo
Kwakatiripa, kwakatiponisa,
Kwakatibvisa kubva muzvitadzo,

8. Nokuonekwa kwaMaronda ako
Ayo anotikumbirira isu
Nguva dzese apo tinorunzirwa,

Chidimbu 3
9. Kuti tigare nguva dzese zvino,
Tichiyeuka Rwizi rweKedroni,
NeGomo rinoyera reKarvari;
Tipe Muponisi.

10. Kuti panguva apo tinoona
Nhamo noKufa’ zvo takaitirwa
Mwoyo yedu izare nokudisa;

11. Kuti tigare nokuzvirereka
Tichirindira Iwe paOtari,
Tidavire kana tisingaoni;

12. Kuti Muviri neRopa rako
Zvizove kudya kwedu pasi pano;
Kuti tigutswe noUpenyu hwako;

13. Kuti mumazwi, namabasa ese,
Mupfungwa, nemiviri nomumweya
Tikutunhidze Tenzi unodiwa;

14. Kuti panguva tirikuda kufa
Iwe uzove Simba noMudonzvo.
Takateta tinzwe.

1. MWARI Baba wedu,
Mukorore,
Mweya Unoyera,
Takuteta tinzwe.

2. Kune mweya yese
Yavaranda vako
Vakafa munewe,
Ipa kuzorora.

3. Inzwa minamato
YeSangano rako
Pasi nokudenga,
Vape kuzorora.

4. Muponisi wedu,
Iwe une mutsa
Kune Vanyangadzi;

5. Jesu, Mwari wedi
Wakaitwa munhu
Ukagara nesu,

6. Iwe paM’chinjiko
Wakava nenhamo
Ukafira isu,

7. Muropa rako
Rwizi runokosha,
Vachenure kwazvo,

8. Jesu mukuriri,
Wakakunda kufa
Nokumuka kwako,

9. Mupristi wedu,
Iwe unodisa
Kutikumbirira;

10. Ndiwe Ruveneko
Ndiwe Runyararo,
Rwavatsvene vako,

11. Tenzi kune nyika
Youpenyu hwedi,
Nyika yengerosi,
Pinza mweya yavo.

12. Kune musha wako
Apo vanofara
Vanoyera vese;

13. Kumba kune mbiri,
Apo usu hwako,
Huri kupenyisa,

1. MWARI Baba wedu,
Mwari Mukorore,
Mweya Unoyera,
Takuteta tinzwe.

2. Maria mutsvene
Mai waMwari,
Iwe, Virgo kwaye,
Tinamatire.

3. Mai waKristu,
Mai wegrasia,
Mai mutsvene;

4. Mai wakachena
Usine vara;
Iwe Mai kwaye;

5. Mai unorudo,
Mai woungwaru,
Mai webanza,

6. Mai woMusiki,
Mai woM'ponisi
Mai ane nyasha,

7. Virgo unokudzwa,
Mubatsiri wedu,
Virgo une simba

8. Virgo une mutsa,
Une kudavira,
Une kururama,

9. Mufarisi wedu,
Mukunda waDavid,
Musuo wokudenga,

10. Nyamatsatsi wedu,
Simba ravarombo,
Shamwari waMakristu,

11. Hosi yokudenga,
Hosi yengerosi,
Mai wavatsvene,

12. Jesu, Muponisi,
Mwana waMaria,
Nyenye yaMwari,
Chiva nenyasha.

1. MWARI Baba, Mwari Mukorore,
Mwari Mweya, vatatu munomumwe
Isu vangyangadzi zvino takutera:
Tiponise Tenzi.

2. Jesu, pamusana pavanyangadzi
Wakaneta kwazvo ukanzwa nhamo,
Inzwa Muponisi munamato wedu:
Tinzwe Tenzi Jezu.

3. Pamusana peziya rako reropa,
Nomunamato uyo wakaita
Izvo vapostori vakarara vese:

4. Mupostori wakakushambadza
VaJuda vese vakakurambawo
Navadzidzi vako vakakusiya wega:

5. Pamusana penhamo nokunerwa,
Kusekwa, nechiremba chine minzwa,
NoMuchinjiko wako unorema kwazvo:

6. Pamusana pokuroverwa kwako,
NeZita rako rakanyorwa apo,
Nokukoveranwa kwenguo dzako:

7. Pamusana pokutaura kwako,
Nokukotama kwomusoro wako,
Nokufa kwako kwakatiponisa:

8. Panguva iyo tiri kurunzirwa,
Panguva iyo tiri mudambudzo,
Tibatsire Tenzi ngeMuchinjiko wako:

9. Tibatsire Tenzi muupenyu,
Utinzwe tese panguva yokufa,
Pakuguma ngatione usu hwako:

1. MAMBO kwaye Wenseslas
Wakaringa kunze
Pamusi waSt Stefano
Kwaive nechando.
Mwedzi wakachenisa
Chando chakanyana
Wakaona murombo
Achioza huni.

2. Wakabvunza mupwere
"Ndizivise iwe,
Murombo ndianiko
Anogarepiko?"
Mwana wakapindura,
"Anogara kure,
Kujinga ramakomo
Nokuchisipiti."

3. "Unza nyama newaini
Nezvinga rehuni;
Tichapa kunaiye
Kudya kunofadza."
Mambo nomwana wake
Vakaenda pamwe,
Mhepo ichihwinya.

4. "Mambo dzafa
ngechando
Mhepo yatonhora,
Mwoyo wangu waneta
Ndatadza kufamba."
"Famba mutsoka dzangu,
Famba nokushinga
Uchaona kudziya
Muno mwoyo wako."

5. Wakafamba mutsoka
DzaMambo mutsvene,
Akawana kudziya
Muno mwoyo wake.
Ndizvo imi Makristu
Simbisai kwazvo
Kusobatsira vanhu
Muchakomborerwa.

1. ARIMO mudanga,
Muomberei,
Tenzi wabva kudenga,
Vanhu ngavapiwe
Upenyu hutsva.
Zvino vapiwa
Upenyu hutsva.

2. Imi vafudzi,
Taurai zvino,
Ndimi manzwa
Mazwi engerosi.
“Mwana wauya
Uyu Muponisi
Anomupa
Mese runyararo.”

3. Imi vamambo,
Kotamai pano,
Matungamidzwa
Ngeiyo nyenyedzi,
Zviremba zvenyu,
Zvibvisei zvino,
Omberai
Mambo wokudenga.

4. Mhepo mumiti
Taura masoko
Nyanza nepasi
Imbisai mese.
Dima rapera
Ona Zuva rabuda.
Yapenyisa
Mbiri yoM’ponisi.

1. NHASI Tenzi wabarwa,
Dzingerosi dzafara,
Dzichiimba dzichiti:
“Mbiri kunewe Mwari
Mambo uri kumsoro.”
Mwari wabarwa ndiMaria,
Mai neMhandara.
Maria mutsvene
Maria mutsvene.

2. Vachirinda Vafudzi,
Vanzwa ngerosi yati
“Kune pasi kufara,
Mwana zvino wabarwa”
Muponisi wavanhu.

3. Wauya Emanueri
Seizwi raGabrieri,
Nere Vaprofitizve
Kuti achazouya
Achibva kuna Baba.

4. Uyu Mwana ndiKristu
Wabarwa ndiMaria;
Mambo wedu naTenzi
Ngatiimbire tese,
Mbiri kunewe Mwari.

1. TIRI vamambo vatatu
Tabva nyika yokure
Isu tauya, tafamba kwazvo
Taona Nyenyedzi;
Isu tauya nezvipo zvedu,
Taona Nyenyedzi.
Nyenyedzi inoshamisa
Iwe Nyenyedzi yaMambo.
Titungamidze tese kune
Ruveneko rwaMwari.

2. Ndarama ini ndaunza
Chiremba chaMambo mutsva,
Iye wabarwa Beterehema
Ndiye Mambo wedu,
Iye wauya kuzotitonga
Namusi narini.

3. Rusenzi ini Ndamupa
Chipo chaMwari mukuru,
Ngaatunhidzwe ngepasi pese
Mwana ndiye Mwari.
Isuwo, hama, ngatinamate,
Mwana ndiye Mwari.

4. Ndaunz chipo chemura
Chioniso chokuvigwa,
Mwana waMwari soMuponisi
Achafira isu;
Achatambudzwa pamusana pedu
Achafira isu.

5. Iye wabuda ane mbiri
Mwari, Mambo, Muteuro.
Pasi raimbisa, Areruya,
Denga rapindura.
Zvisikwa zvese zvirikuimba
Mbiri kunaiye.

1. MAKRISTU ngatifare
Nomwoyo, nomweya, ne'zwi
Teererai izwi.
Nyaya! Nyaya!
Jesu Kristu wabarwa,
Ngombe dzinomukudza.
Zvino ari muzamba,
Kristu wabarwa,
Wabarwa nhasi.

2. Makristu ngatifare
Nomwoyo, nomweya, ne'zwi,
Makakomborerwawo.
Farai, farai.
Jesu Kristu wabarwa,
Kuzurura kudenga
Vanhu vari kufadzwa;

3. Makristu ngatifare
Nomwoyo, nomweya ne'zwi,
Zvino musatye guva
Runyararo,
Wabarwa Muponisi,
Anodaidza vese
Kugara kumba kwake.

1. TINOFARA kwazvo nhasi
NdiJesu wabarwa,
Nengerosi dzichiimba
Nokumuchingura.
Mwana mumwe waMaria
Wauya kunesu,
Zita rake rinofadza,
Emaueri, Emanueri.

2. Takotama mberi kwake
Nokuvirikidza.
Takomborerwa naiye
Tichafara kwazvo.

3. Hatidi pfuma dzepasi
Tirikuringisa
Kubarwa kwako ndiMai
Maria Mhandara.

4. Ngerosi dzirikukomba
Kuona kamwana.
Nyenyedzi dzirikudzimwa
Mwana uri Zuva.

5. Kupenya kwokupenyawo
Venekera isu
Kuti tichengete zuva
Rokubarwa kwako.